# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖАЗЫЎШЫЛАРЫ

*(Библиографиялық мағлыўмат)*

Ташкент
«EXTREMUM PRESS»
2011

www.ziyouz.com kutubxonasi

91.9:83(5Ў-6ҚҚ)
Қ59
**Қарақалпақстан Республикасы жазыўшылары** (библиографиялық мағлыўмат) / нашрга тайёрловчи З. Бекбергенова. — Т.: Extremum press, 2011. -240 бет.

I. Бекбергенова, Зияда.

ISBN 978-9943-356-45-0

УДК:016:80(575.172)
ББК 91.9:83(5Ў-6ҚҚ)

Китапты баспаға таярлаған
ф.и.к. Зияда БЕКБЕРГЕНОВА

Қолыңыздағы бул китапта әдебиятымыз тарийхында белгили орнына ийе талантлы сөз шеберлери менен бирге әдебиятымызға соңғы жыллары келип қосылып атырған жас талант ийелериниң өмирбаяны ҳәм шығармаларының библиографиялық мағлыўматлары берилди.

Китапты баспаға таярлаўда С.Ахметов ҳәм К.Худайбергенов тәрепинен таярланып 1983-жылы «Қарақалпақстан» баспасынан басылып шыққан «Писатели советской Каракалпакии», С.Ахметов ҳәм Ж. Есеновлар тәрепинен таярланып 1995-жылы "Билим" баспасынан басылып шыққан "Қарақалпақстан Республикасының Жазыўшылары" китапларынан пайдаланған ҳалда, ондағы айырым мағлыўматларға қосымшалар киргизилди ҳәм жаңа авторлар менен толықтырылып олар ҳаққында да жаңа мағлыўматлар берилди.

Әлбетте, бул китаптағы өмирбаянлық, библиографиялық мағлыўматлар көркем әдебиятқа қызығыўшылар менен мәдeният тараўы хызметкерлерине, улыўма билим беретуғын мектеплер ҳәм кәсип-өнер колледжлери менен академиялық лицей ҳәм жоқары оқыў орынларының әдебият пәни муғаллимлери менен оқыўшылар жәмәәти ушын да пайдалы қолланба бола алады деген үмиттемиз.

Пикир билдириўшилер:

К. Құрамбаев — *филология илимлериниң докторы, профессор. Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери.*
Ж. Хошниязов — *филология илимлериниң кандидаты.*
Ж. Избасқанов — *Қарақалпақстан халық шайыры.*

№2440-7240

ISBN 978-9943-356-45-0

© «EXTREMUM PRESS» баспасы, 2011.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# Аббазов Сағыйдулла

## 1930-1990

Сағыйдулла Аббазов—балалар шайыры. С. Аббазов 1930-жылы 5-майда Тахтакөпир районында белгили халық шайыры А. Дабыловтың шаңарағында туўылған. Ол 1947-жылы Төрткүлдеги аўыл хожалық техникумын питкерип Қарақалпақ мәмлекетлик désинститутының қарақалпақ тили ҳәм әдебияты бөлимине оқыўға киреди ҳәм оны 1952-жылы тамамлайды. С.Аббазов 1952-1957-жыллары "Жас Ленинши" газетасында көркем әдебият бөлимин басқарады. Соңынан (1958-1964) "Жеткиншек" газетасының жуўаплы хаткери, (1964-66) Ташкенттеги жоқары партия мектебинде оқыйды, 1966-1976-жыллары "Қарақалпақстан" баспасында көркем әдебият бөлиминиң баслығы, бас редактор (1966-1976) лаўазымларында иследи. 1976-1985-жыллары Қарақалпақстан телевидениеси ҳәм радио еситтириў Комитетинде аға редактор, бас редактор, Комитет баслығының орынбасары, 1985-жылдан өмириниң ақырына шекем "Қарақалпақстан" баспасының бас редакторы болды.

С.Аббазовтың дәслепки шығармалары 50-жыллардан баслап баспа сөзде көринди. Ол балалар ҳәм жас өспиримлер ушын көп ғана шығармалар дөретти. Оның "Сырлы альбом" (1962), "Мениң иним" (1964), "Кел, бәҳәрим!" (1967), "Қуслар қайтып келеди екен" (1968), "Мектепте де, үйде де" (1977), "Мектепте байрам" (1987) сыяқлы топламлары ҳәм таңламалы шығармаларынан ибарат бир томлығы жарық көрди.

С.Аббазов К. Чуковский, С. Михалков, А. Барто, Қ. Мухаммадий, Г.Георгиевтиң бир қатар шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарды. Шайырдың "Тимуровцы Арала" (1976) деген китабы рус тилинде де басылып шықты. Оның бир қатар шығармалары басқа тиллерге де аўдарылған, намаға түсирилген қосықлары да бар.

С.Аббазов 1982-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Абдусадықов Ҳайытбай

## 1957

Ҳайытбай Абдусадықов — шайыр.

Ҳ. Абдусадықов 1957-жылы Хожели қаласында туўылған.

Орта мектепти питкергеннен соң дәслеп Тақыятас қаласындағы кәсип-өнер училищесин, кейин Ташкент аўыл хожалық техникумын тамамлайды.

Мийнет жолын Хожели районындағы Ахунбабаев атындағы фермер хожалығында агроном болып ислеўден баслайды.

1990-жылы Ташкент Мәмлекетлик Университетиниң журналистика факультетиниң сыртқы бөлимин питкерип шығады. 1980-жыллардан баслап баспасөз тараўында хызмет атқарады.

Шайырдың қосықлары сексенинши жыллардан баслап Нөкис ҳәм Ташкенттеги газета-журналларда көрине баслады.

"Мени кашф этинг" (1984), "Ёруғлик истаги"(1990), "Хожели — Хожа-эли" (1997), "Аслим, Аслим Хўжа эли" (2005) китаплары басылып шықты.

Ҳ. Абдусадықов 1991-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Айжанов Өтеген

## 1925-1960

Өтеген Айжанов — жазыўшы.

Ө. Айжановтың дөретиўшилиги Мойнақ балықшыларының турмысы менен тығыз байланыслы.

Оның дөретпелеринде Арал балықшыларының өмири өзиниң көркем сәўлелениўин тапты.

Өтеген Айжанов 1925-жылы 25-январьда Мойнақ районының 10-аўыл кеңесинде туўылған.

1943-1944-жыллары екинши жәҳән урысына қатнасты, аўыр жарадар болды, соң аўылда муғаллим болып иследи. 1950-жылы Ташкенттеги юридикалық мектепти тамамлап, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесинде хызмет атқарады (1950-1952), социалық тәмийнат министрлигинде аға инспектор болды (1952-1954).

Ө.Айжановтың "Толқын" атлы биринши гүрриңи 1950-жылы "Қызыл Қарақалпақстан" газетасында дағазаланды, биринши топламы "Балықшы жигит" деген ат пенен 1955-жылы жарыққа шықты. "Намыс" атлы повести 1960-жылы басылды.

Оны көпшиликке таныtқан "Арал қушағында" романы (1958) болды. Роман 1975-жылы екинши мәртебе басылды. Бул шығарма қарақалпақ прозасының тарийхында белгили қубылыс болды.

Автордың өзи қайтыс болғаннан соң "Устаз ҳәм шәкирт" (1969) деген повести жарыққа шықты.

Ө. Айжанов 1959-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Аймурзаев Жолмурза

## 1910-1996

Жолмурза Аймурзаев — шайыр, жазыўшы ҳәм драматург. XX әсирдеги қарақалпақ әдебиятын баслаўшылардың бири.

Ж. Аймурзаев 1910-жылы Шымбай районының аймағында туўылған. Ол дәслеп интернатта тәрбияланған ( 1922-26), соң 1926-1927-жыллары Шымбайдағы "Коммуна" мектебинде оқыйды, 1927-1932-жыллары Төрткүлдеги педтехникумды питкерип, Тахтакөпир районында муғаллим болып ислейди. 1935-1939-жыллары Москвадағы А. В. Луначарский атындағы көркем-өнер институтында оқыйды, соңынан 1942- жылға шекем Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамында жуўаплы хаткер болып ислейди.

Жазыўшы екинши жәҳән урысы фронтларына қатнасады, фронттан қайтқаннан кейин 1944-51-жыллары, 1958-1962-жыллары Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының баслығы, 1963-72-жыллары Өзбекстан ҳүжжетли ҳәм илимий көпшилик фильмлер студиясының Қарақалпақстан филиалын басқарады.

Шайырдың биринши қосығы 1927-жылы баспа сөзде шықты. Соң жыллары ол "Гүрес", "Гүресте жеңдик" деп аталған дәслепки поэмаларын дөретти, драматургия тараўында 1933-жылы "Ҳәкислилер", 1939-жылы "Өз таяғы өзине" пьесаларын жазды ҳәм сахнада қойылды. Ал 1940-жылы "Қарақалпақстан әдебияты ҳәм искусствосы" журналының № 3-5 санларында, 1941-жылы № 1 санында жазыўшының "Қуўат" атлы повести басылып шықты.

Ж. Аймурзаев екинши жәҳән урысы жылларында "Мениң жолдасларым" поэмасын, "Арал қызы", "Лейтенант Елмуратов", "Коля" атлы пьесаларын жазды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жазыўшы - драматургтиң “Айгүл-Абат” ( 1946, 1952), “Бердақ” (1958, 1977), “Қәдирдан доктор” (1960), “Рәўшан” (1956), “Шеберханнның шырмаўығы ” (1964), “Бахыт булағы” (1967) пьесалары театр сахнасында қойылды.

Ж. Аймурзаевтың “Келин” гүррини, “Әмиўдәрья бойында”, “Қызкеткен”, “Муҳаббатым адамлар” романлары көпшиликке жақыннан таныс. Жазыўшы қарақалпақ әдебиятында биринши роман дөретиўшилердиң қатарына киреди.

Ж. Аймурзаев “Өзбекстан (1981) ҳәм Қарақалпақстан (1974) халық жазыўшысы”, “Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген мәдeният хызметкери” (1957) деген ҳүрметли атақлардың ийеси. Ол “Айгүл - Абат” пьесасы ушын Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлығының лауреаты болды, еки мәртебе Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине депутат болып сайланды, “Мийнет Қызыл Байрақ”, “Халықлар дослығы”, үш мәртебе “Ҳүрмет белгиси” орденлери, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланған.

Жазыўшының бир қанша шығармалары көплеген тиллерде басылып шықты.

Шығармалары: “Ҳәкислилер” (1934), «Қосықлар» (1935, 1936, 1938) «Уллы Ўатан» қосығы (1939), «Тасқын» (1946), «Мениң батырларым» (1949), «Қаҳарманлық гүреске» (1942), «Шайыр сөзи» (1949), «Жас әўладларға» (1951), «Даңқлы дослар» (1954), «Айдын жолда» (1951), «Әмиўдәрья бойында» (1958), «Жетимниң жүреги» (1967), «Қызкеткен» (1972), «Өмир шайдасыман» (1976), «Жетпис тоғызыншы бәҳәр» (1989), «Жолмурза Аймурзаев. Шығармалары» I том, (1961), « Жолмурза Аймурзаев. Шығармалары» II том, (1962) ҳәм тағы басқалар.

Ж.Аймурзаев 1934-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.


www.ziyouz.com kutubxonasi

# Аймухаммедова Бийбиайша

## 1953

Бийбиайша Аймухаммедова – жазыўшы.

Ол 1953-жылы Түркменстанның Ташаўыз ўәлаятының Гөне Үргениш районында туўылған.

1974-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының қарақалпақ тили ҳәм әдебияты факультетин питкереди.

Мийнет жолын Хожели, Қанлыкөл районларында муғаллим болып ислеўден баслаған, 1977-1979-жыллары радио еситтириў комитетинде ислесе, 1979-жылдан баслап №56 кәсип-техникалық колледжинде оқытыўшы болып ислейди.

Б. Аймухаммедованың дәслепки қосықлары республикалық, районлық газеталарда, "Әмиўдәрья" журналында дағазаланады.

1978-жылы "Шофер қыздың күнделиги" атлы повести жәрияланды.

Б. Аймухаммедова 1983-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Айтмуратов Дәўлен

## 1933

Дәўлен Айтмуратов — шайыр, драматург ҳәм алым.

Дәўлен Айтмуратов 1933-жылы 3-майда Қусқана таўының қубла тәрепинде, Еркиндәрья аймағында туўылған. 1962-жылы Москвадағы А.М. Горький атындағы әдебият институтын тамамлап, 1962-1973-жыллары "Әмиўдәрья" журналының бөлим баслығы болып ислейди, "Жеткиншек" газетасында хызмет атқарады. 1974-1976-жыллары Алма-Атада "Қазақфильм" киностудиясында, 1976-жылдан баслап Н. Дәўқараев атындағы Тил ҳәм әдебият институтында илимий хызметкер, аға илимий хызметкер лаўазымларында ислейди.

Шайырдың дәслепки қосықлары 1958-жылдан баслап жарық көрди. Оның баспада "Қосық ҳәм тымсаллар" (1960), "Аға дәрья" (1965), "Тымсаллар" (1975), "Мен шынлықты сүйдим, олсыз ҳеш нәрседе қәдир йоқ" (1990) деген топламлары ҳәм "Ялғаншының иси",соңынан"Ақмақлық дүньясында"(1990) атлы комедиясы жәрияланды ҳәм "Пир қаққан" комедиясы театр сахнасына қойылды.

Д. Айтмуратов тарийх, тил билими тараўында 1986-жылы "Тюркские этнонимы" атлы көлемли изертлеўин бастырып шығарды.

Ол Э.Роттердамский, Т. Шевченко, М.Ю. Лермонтов, С.А. Есенин, В. В. Маяковский, А.Наўайы, Ҳафыз, Ш. Руставели шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарды.

Д.Айтмуратов "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәденият хызметкери" ҳүрметли атағына ийе.

Д. Айтмуратов 1969-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Айтмуратов Рахман

## 1945-2005

Рахман Айтмуратов 1945-жылы 4-февральда Мойнак районының "Қызыл жар" ауылында туўылған.

Орта мектепти питкергеннен соң "Арал балықшысы"газетасында жумыс баслайды.

Қоңырат районлық "Жеңис байрағы" газетасында әдебий хызметкер, бөлим баслығы,соңынан Ташкент Жоқарғы партия мектебинде оқып келип, усы газетаның редакторы болып ислеген.

1986-жылдан 1997-жылға шекем Қоңыраттағы аўыл хожалық лицейинде муғаллим болып ислейди.

Ал,1997-жылдан өмириниң ақырына шекем Қарақалпақстан телевидениесиниң Қоңырат районы бойынша өз хабаршысы болды.

Р. Айтмуратовтың дәслепки "Пәрўаз" атлы қосығы 1962-жылы шыққан еди.

Соннан берли қосықлары,поэмалары, гүрриңлери, очерклери баспа сөзде үзликсиз жәрияланып келди.

"Қарақалпақстан" баспасынан 1993-жылы "Дүбелей", 1997-жылы "Гүбелек неге гүлге қонды?", 1997- жылы "Дәуир руўхы" қосықлар китабы басылып шықты.

Р. Айтмуратов 1998-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Айтниязов Әўезхан

## 1938

Әўезхан Айтниязов 1938- жылы 27-июньде Нөкис қаласында туўылған. Орта мектепти питкергеннен соң Ташкент мәмлекетлик дене тәрбиясы ҳәм спорт институтын питкерди.

Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында оқытыўшы, декан, кафедра баслығы, доцент, сондай-ақ, көп жыллар жоқары лаўазымларда минсиз хызмет атқарды.

Ә. Айтниязов бир неше мәрте Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң "Ҳүрмет жарлығы" менен сыйлықланған. Оған 1992-жылы "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәдeнията хызметкери" ҳүрметли атағы берилди. Ол «Қарақалпақстан Республикасы билимлендириў ағласы».

Оның "Саламат болғың келсе" (1992), "Ҳәўлидеги ҳәрекетли ойынлар" (1993), "Жить 180 лет-это возможно" (1995), "Теннис" (1996), "Спорт ҳәмме ушын" (2002), "Миллий идеология ҳәм дене тәрбиясы" (2000), "Гимнастика шынығыўларын үйрениў методлары" (2001), "Спорт тарийхы" (2005), "Қарақалпақстан миллий спорт түрлери ҳәм ҳәрекетли ойынларының тарийхы" (1998) сыяқлы китаплары басылып шықты.

Ә. Айтниязов 1995-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Айымбетов Қаллы

## 1908-1973

Қаллы Айымбетов — фольклор ҳәм әдебият изертлеўшиси. Мәдениятымыздың ардақлы азаматларының бири Қ. Айымбетовты оның көзи тири ўақтында-ақ көпшилик "жанлы архив" деп атайтуғын еди. Ол қарақалпақ аўызеки әдебиятының жетик маманы болды.

Қ. Айымбетов 1908-жылы Шымбай районында Аралбай аўылында кәмбағал шаңарақта туўылған.

1929- жылы Төрткүлдеги педагогикалық техникумды питкереди, соған шекем де балалар үйинде тәрбияшы, халық билимлендириў тараўларында ислеген.

1930-1933-жыллары Алма-Атадағы қазақ педагогикалық институтында оқып билим алады.

Туўылған елине келип, илим-изертлеў институтында хызметкер (1933-1935), Москвада оқыў китаплары баспасында редакция баслығы (1935-1936) ҳәм бурынғы аўқам Орайлық Атқарыў Комитети жанындағы миллий институтының аспирантурасында оқыйды (1936-1938), 1938-жылы ўәлаятлық халық билимлендириў бөлиминин баслығы болып тайынланды, Тил ҳәм әдебият илим изертлеў институтында директор(1938-40), ўәлаятлық партия комитетиниң лекторы болып ислейди (1940-41).

Қ. Айымбетов екинши жәҳән урысының қатнасыўшысы, әскерий хызметтен қайтып келгеннен соң (1947-1948) Тил ҳәм әдебият институтында директордың орынбасары, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси жанындағы мәдений ислери бойынша Комитеттиң баслығы (1948-1950), Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы А.С.-Пушкин атындағы тил ҳәм әдебият институтының үлкен или-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мий хызметкери, Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтта кафедра баслығы (1950-1951), Тил хәм әдебият институтында бөлим баслығы (1951-53) лаўазымларында иследи.

Қ. Айымбетов 1956-жылдан Нөкис педагогикалық институтынын қарақалпақ әдебияты кафедрасын басқарды. Сол жылы "Қарақалпақ драматургиясы тарийхынын очерклери" деген темада кандидатлык диссертациясын, 1965- жылы "Қаракалпак жыраў-бақсыларынын репертуары" деген темада докторлык диссертациясын жақлады.

1968-жылы профессор илимий атағы берилди.

Илимпаз 20-жыллардан баслап-ақ қарақалпақ әдебияты хәм фольклор үлгилерин жыйнаўшылардың бири болды. Аяпберген шайырдың шығармаларын жазып алыўға қатнасты, "Едиге", "Алпамыс" (1937) дәстанларын жазып алды хәм Москвада бастырып шығарды.

Қ. Айымбетовтын "Халық даналығы" (1968) "Қарақалпак фольклоры" (1977) "Қарақалпақ драматургиясы тарийхынын очерклери" (1963) "Өткен күнлерден елеслер" (1972) "Қыйлы-қыйлы қылўалар" (1960), "Қарақалпак нақыл-мақаллары" (1978) китаплары хәм мектеплер ушын "Үлкенлер ушын сабақлық" (1929) "Әдебият хрестоматиясы" мийнетлери баспадан шықты.

Қ. Айымбетов Мольердиң "Скапеннин хийлеси" (1939) К. Симоновтың "Рус мәселеси" (1947) А. Сафроновтын "Москва характери" (1948) А. Островскийдиң "Жарлылық айып емес" (1936) Р. Тагордың "Ганга қызы" шығармаларын қаракалпақ тилине аўдарды.

Фольклоршы-алым "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәдeният хызметкери" (1957), "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери" (1958), деген хүрметли атақларға ийе, "Хүрмет белгиси" ордени, жаўынгерлик медальлары, Өзбекстан хәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесинин Хүрмет жарлықлары менен сыйлықланған.

Қ. Айымбетов 1934-жылдан Жазыўшылар аўқамынын ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Айымбетов Ҳикметулла

## 1948

Ҳикметулла Айымбетов — шайыр ҳәм жазыўшы.

Ҳ. Айымбетов 1948-жылы 2-сентябрьде Тахтакөпир районында, Тахтакөпир аўылында туўылған.

Ол 1972-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтын табыслы питкергеннен соң "Жеткиншек" газетасында, "Әмиўдәрья" журналында, Қарақалпақстан телевидение-радио еситтириўлери комитетинде ислейди.

1991-жылдан "Әрман" әдебий газетасының редакторы лаўазымын атқарады.

2003-2005-жыллары Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында қарақалпақ тили оқытыўшысы болып иследи.

Ҳәзирги ўақытта ҳүрметли дем алыста ҳәм дөретиўшилик ислер менен шуғылланып атыр.

Ҳ. Айымбетовтың "Жалғыз терек"(1976), "Тыңлаңызлар" (1985), "Үлкен шаңарақ" (1991), "Ақ қағаз" (1993) поэзиялық китаплары, "Қарабуўра" (1998), "Тахтакөпир уллы дәрбент үстинде"(2007) романлары басылып шықты.

Ол Пушкин, Лермонтов, Маяковский ( "Жақсы" 1983) рус халқының "Игорь атланыслары ҳаққында дәстан" шығармаларын, Ә.Сүйинниң қосықлар топламын аўдарып өз алдына баспадан шығарды.

Ҳ. Айымбетов 1991-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Ақназаров Ахмет

## 1948

Ахмет Ақназаров— жазыўшы, шайыр ҳәм дилмаш.

А. Ақназаров 1948-жылы 1-сентябрьде Төрткүл районында туўылған.

Орта мектепти питкергеннен баслап баспасөз тараўында ислеп, әдебий дөретиўшилик пенен шуғылланып киятыр.

А. Ақназаров қарақалпақ ҳәм өзбек тиллеринде жазады.

Ол "Шоколады қәнекей?", "Диафильм операциясы", "Дипломаттағы қупыя", "Бала менен ылақ", "Алтын теңге", "Шайтанның шатағы" атлы юморлық қосықлар, ертеклер, гүрриңлер, повестьлерден ибарат онға жақын китаптың авторы.

Сондай-ақ, жазыўшы Т.Қайыпбергеновтың "Қарақалпақпан, тәўекелшимен" китабын, көрнекли сатирик М.Нызановтың "Адам күлдиргени ушын" повестин ҳәм белгили қарақалпақ сатириклери С.Жумағулов, К.Ерназаров, А.Султанов, Қ.Әметов ҳәм тағы басқалардың юморлық гүрриңлерин өзбек тилине, ал, айырым өзбек, қазақ, түркмен, рус сатириклериниң шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарған.

Ол 2001-жылдан Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының әдебий мәсләҳәтшиси, «Әдебият» қорының баслығы, 2004-жылдан жуўаплы хаткери ҳәм "Муштум" журналының республикамыздағы арнаўлы хабаршысы болып иследи. Ҳәзир Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамы жанындағы «Дөретиўшилик» қорының атқарыўшы директоры.

А. Ақназаров 2002-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Аллаяров Султамурат

## 1936-1996

Султамурат Аллаяров— сыншы ҳәм әдебият изертлеўшиси.

Ол 1936-жылы Кегейли районынын Халқабад аўылында туўылған. Орта мектепти тамамлағаннан соң, 1959-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының рус тили ҳәм әдебияты бөлимин питкерди. 1980-жылға шекем Н.Дәўкараев атындағы Тил ҳәм әдебият институтында илимий хызметкер лаўазымында иследи.

С. Аллаяров 1966-1969- жыллар аралығында аспирантурада оқыды, 1971-жылы "Мырзағалий Дәрибаевтың дөретиўшилик жолы" деген темада кандидатлық диссертациясын жақлады. 1980-жылдан баслап ол Нөкис мәмлекетлик университетинде аға оқытыўшы, 1990-жылдан Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында кафедра баслығы лаўазымында иследи.

Онын дәслепки илимий сын мақалалары 60-жыллардың басларында жарық көрди. С. Аллаяровтың "Мырзағалий Дәрибаевтың творчествосы" атлы монографиясы 1978-жылы баспадан шықты. Ол "Қарақалпақ совет әдебияты тарийхынын очерклери" (1968) ҳәм "История каракалпакской советской литературы" (1981) сыяқлы китаплардын авторларының бири.

С. Аллаяров Өзбекстан Республикасы Беруний атындағы мәмлекетлик сыйлығының лауреаты.

Ол 1979-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Алланазаров Төреш

## 1916-2000

Төреш Алланазаров—режиссёр ҳәм драматургия изертлеўшиси.

Т.Алланазаров 1916- жылы Қоңырат районының Соркөл аўылында туўылған. Дәслеп ески мектепте, соң жаңа мектепте оқыған, 1933- жылы Төрткүлдеги педтехникумды питкерип, Кегейлиде муғаллим болып ислейди.

Т. Алланазаров 1934-39-жыллары Москвадағы Луначарский атындағы мәмлекетлик театр өнери институтында билим алады. 1945- жылға шекем қарақалпақ мәмлекетлик театрында актёр ҳәм режиссёр,1951-жылы Ташкенттеги театр институтының режиссёрлық факультетин питкерип келип, республикадағы мәмлекетлик театрда бас режиссёр болып ислейди.

Ол 1959-1965-жыллары Н. Дәўқараев атындағы Тил ҳәм әдебият институтында көркем-өнер бөлимин басқарса, 1965-1967-жыллары республиканың мәдeният министри, соң Ташкент мәмлекетлик мәдeният институтында кафедра меңгериўшиси (1974-1983), 1983-жылдан баслап Н.Дәўқараев атындағы Тил ҳәм әдебият институтында илимий хызметкер ўазыйпасын атқарды.

Т.Алланазаров әдебий дөретиўшилик пенен 1939-жылдан баслап шуғылланған. Ол Ж. Аймурзаев пенен бирге "Рәўшан" ( 1956), А. Бегимов пенен бирликте "Ғәрип ашық " пьесаларын дөретти ҳәм сахналастырды. Ол М. Горькийдиң "Душпанлар", "Васса Железнова", А. Қаххардың "Жаңа жер", И. Франконың "Урланған бахыт", Мольердиң "Тартюф", Ғ. Мусиреповтың "Қыз жипек" пьесаларын аўдарған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Драматургия тарийхы бойынша Т. Алланазаровтың "Қарақалпақ совет театры" (1966), "Театр ҳəм драматургия" (1979), "Қарақалпақ совет драматургиясы тарийхының гейпара мəселелери" (1987) ҳəм басқа да изертлеўлери бар.

Т. Алланазаров 1964-жылы "Қарақалпақ совет театрының раўажланыў жоллары" деген темада көркем-өнер таныў бойынша кандидатлық диссертациясын жақлаған. "Қарақалпақстанда мəдений ағартыў мəкемелериниң қəлиплесиў дереклери" деген атамадағы оқыў қуралының авторы.

Т. Алланазаров "Қарақалпақстан халық артисти" (1944), "Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген көркем-өнер ғайраткери" (1957), "Өзбекстан халық артисти" (1963) деген ҳүрметли атақларға ийе. "Ҳүрмет белгиси" ордени ҳəм медальлар менен сыйлықланған. Ол Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы мəмлекетлик сыйлықтың лауреаты болды.

Т. Алланазаров 1955-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Алламбергенов Кеңесбай

## 1954

Кеңесбай Алламбергенов—жазыўшы хәм әдебият изертлеўшиси.

К.Алламбергенов 1954-жылы 7-ноябрьде Қараөзек районында туўылған.

1971-жылы орта мектепти тамамлағаннан соң аўыл хожалығы жумысында исседи, 1972-76- жыллары Қарақалпақ мәмлекетлик désinститутының тарийх-филология факультетин питкерип, "Жеткиншек" газетасында иследи. Соңынан (1976-77) әскерий хызметте болды.

1977-79-жыллары кәсип техникалық училищесинде оқытыўшы, 1979-82- жыллары Нөкис мәмлекетлик университетиниң аспиранты, 1982-89-жыллары университетте оқытыўшы, декан орынбасары, 1989-91-жыллары "Әмиўдәрья" журналының бас редакторы, 1991-2008-жыллары Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында қарақалпақ әдебияты кафедрасының баслығы, усы институттың оқыў ислери бойынша проректоры, факультет деканы, кафедра баслығы лаўазымларында иследи. Ҳәзирги күнде қарақалпақ әдебияты кафедрасының профессоры болып ислеп атыр.

Ол 1985-жылы "Қарақалпақ әдебиятында айтыс жанры" деген темада кандидатлық, 1997-жылы "Қарақалпақ халық дәстаны "Едиге" деген темада докторлық диссертациясын жақлады.

Жазыўшының "Қыйын өткел" (1983), "Дәрбент" (1985), "Өмир мәўритлери" (1987), Дәрья тартылған жыллар" (1992), "Қуслар қайтқан күн" (1995) атлы повестьлер хәм романлары, "Қарақалпақ әдебиятында айтыс" (1989), "Қарақалпақ халық дәстаны Едиге" (1995) илимий монографиялары, сон-



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Атажанов Әбдимурат

## 1938

Әбдимурат Атажанов — балалар жазыўшысы.

Ә. Атажанов 1938-жылы 17-январьда Нөкис районына қараслы "Қаттыағар" хожалығы "Толыс" аўылында туўылған.

Ол 1957-жылы Нөкис аўылхожалығы техникумын, 1964-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтын тамамлады.

1957-59-жыллары мектепте муғаллим болып ислейди. 1964-жылдан «Жеткиншек» газетасында әдебий хызметкер, соң бөлим баслығы, "Әмиўдәрья" журналының бөлим баслығы (1972-75), "Жеткиншек" газетасының редакторы (1975), «Устаз» (соңынан "Устаз жолы") газетасының бас редакторы (1998-2002) болып иследи, ҳәзирги ўақытта усы газетада бас редактордың орынбасары лаўазымында servеп атыр.

Жазыўшының биринши гүрриңи "Етик" 1961-жылы "Жеткиншек" газетасында басылып шықты.

Ҳәзирге шекем ол "Дуўтар" (1976), "Атамәкан" (1978), "Жети хат" (1981), "Қос каникулда" (1983), "Сапалақ палўан" (1984), "Пикассоның ақ кептери" (1986), "Соңғы жаўған қар" (1987), "Машқала" (1988), "Пәтпелектей пәлпеллеген достым-ай" (1994), "Қайтып келиў" (1996), "Жийде жегиң келе ме" (1997) сыяқлы гүрриң ҳәм повестьлер топламларын бастырып шығарды. 2010-жылы жазыўшының «Жат журтта жапа шеккен адам» әдебий мақала, гүрриң, очеркten қуралған топламы жарық көрди.

Ә. Атажанов М. Шолохов, С. Баруздин, Б. Полевойдың, Ш. Бейшаналиевтиң, С. Ахмад, О. Омарбековлардың гүрриң ҳәм повестьлерин қарақалпақ тилине аўдарған. Жазыўшының бир қатар шығармалары өзбек, қазақ, түркмен, татар, ноғай, авар, башқурт ҳәм орыс тиллеринде жарық көрген.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ә.Атажанов "Өзбекстан Республикасына мийнети синген мәденият хызметкери" ҳүрметли атағына ийе.

Ол 1987-жылы "Пикассоның ақ кептери" гүрриңлер топламы ушын Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының сыйлығына миясар болған.

Жазыўшы бир неше мәртебе Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланған.

Ә. Атажанов 1977-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Атамуратова Шийрин

## 1949

Шийрин Атамуратова—балалар шайыры.

Ш. Атамуратова 1949-жылы 7-июльде Хожели районында туўылған.

Ол орта мектепти тамамлап, 1968-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының физика-математика факультетине оқыўға киреди ҳәм оны табыслы питкереди.

Мийнет жолын муғаллим болып ислеўден баслайды. Ш. Атамуратова көп жыллар даўамында Нөкис қаласындағы К.Маркс ҳәм Ғ.Тоқай атындағы орта мектеплерде муғаллим болып иследи.

Ҳәзирги ўақытта ҳүрметли дем алыста ҳәм дөретиўшилик ислер менен шуғылланып атыр.

Шайырдың қосықлары 70-жыллардан баслап жәрияланды. Оның қосықлары "Жеткиншек" газетасында, "Әмиўдәрья", "Ғумша" журналларында жарық көрди.

Ш. Атамуратованың ҳәзирге шекем "Әткөншек" (1978), "Саўға" (1981), "Шадлық" (1984) деген балаларға арналған қосықлар топламлары басылып шықты.

Ш. Атамуратова 1983-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Ахмедов Абдулла

## 1942

Абдулла Ахмедов—жазыўшы.

А.Ахмедов 1942-жылы 1-январьда ҳәзирги Елликқала районы Ахунбабаев атындағы фермер хожалығында туўылған.

1963-1969-жыллары Ташкент мәмлекетлик университетиниң филология факультетинде оқыған.

Дәслеп мектепте муғаллим, соңынан районлық газетада бөлим баслығы, редактор орынбасары, редактор болып исследи.

Дәслепки "Тракторшы" атлы гүрриңи 1962-жылы республикалық балалар газетасында басылған.

"Көз қарашығы", "Чекист", "Батыр бала" атлы повестьлери, гүрриңлери, ертеклери өз алдына китап болып басылып шықты.

А.Ахмедов 1984-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Ахмедов Мансур

## 1962-2004

Мансур Ахмедов—шайыр ҳәм журналист.

М. Ахмедов 1962-жылы 4-майда Әмиўдәрья районында туўылды.

Ол орта мектепти питкергеннен соң, 1980-жылы Ташкент мәмлекетлик педагогикалық институтының өзбек-қазақ филологиясы факультетине оқыўға киреди.

1984-86-жыллары әскерий хызметте болады.

Мийнет жолын 1987-жылы “Әмиўдәрья ҳақыйқаты” газетасында хабаршы болып ислеўден баслайды. Соңынан бөлим баслық, жуўаплы хаткер, журналист болып ислейди.

1992-94-жыллары “Халқ сўзи” газетасында хабаршы, 1994-жылы “Аму тонги” газетасында бас редактор болып ислейди.

Оның “Кирпигинде асылып турған мениң жанымдур” (1995) қосықлар топламы баспадан шықты.

М. Ахмедов 1998-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Ахметов Сражатдийн

## 1928 – 1996

Сражатдийн Ахметов—әдебият изертлеўшиси ҳәм сыншы. С. Ахметов 1928-жылы Шымбай районында туўылған.

Ол 1947-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутының қарақалпақ тили ҳәм әдебияты факультетин тамамлап, усы жерде оқытыўшы болып қалады.

С. Ахметов 1950-54- жыллары Москва Илимлер Академиясының Шығыстаныў институтының аспирантурасының теориялық курсынан өтти, 1954-жылдан баслап педагогикалық институтта оқытыўшы, доцент, факультет деканы, кафедра баслығы лаўазымларында исleди, Қарақалпақ Мәмлекетлик университетинде қарақалпақ әдебияты кафедрасының меңгериўшиси болды.

С. Ахметов 1955-жылы "Уллы Ўатандарлық урысқа шекемги дәўирдеги қарақалпақ поэзиясы" деген темада кандидатлық, 1966-жылы "Қарақалпақ совет поэзиясының өсиў жоллары" деген темада докторлық диссертациясын жаклады, 1968-жылы оған профессор илимий атағы берилди.

Әдебиятшы-сыншының дәслепки мақалалары 50-жыллардың басларында жарық көрди.

Оның еки жүзден аслам илимий ҳәм сын мийнетлери, изертлеў жумыслары жәрияланған.

Сыншы ҳәм алымның "Уллы Ўатандарлық урысқа шекемги қаракалпақ совет поэзиясы" (1959), "Қарақалпақ поэзиясы тарийхының очерклери"(1961), "Әдебият терминлериниң қысқаша сөзлиги" (1974), "Әдебият ҳәм критика" (1978), "Қарақалпақ әдебий критикасы ҳәм әдебият илиминиң тарийхынан" (1980), "Қарақалпақ совет поэзиясы" (1988), "Қарақалпақ әдебий сыны" (1992), "Талантқа талап" (1986), "Қарақалпақстан Республикасының әдебиятшы



www.ziyouz.com kutubxonasi

алымлары ҳәм сыншылары" (1993) деген китаплары басылып шықты.

Соның менен бирге ол "Қарақалпақ совет әдебияты тарийхының очерклери" (1968) ҳәм Москвада басылған "История многонациональной советской литературы" (2-том) деген китаптың авторларының бири.

Ол усындай мийнетлери ушын Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты (1980) болды.

С. Ахметов жоқары оқыў орынларына арналған "Қарақалпақ әдебияты тарийхы" (1984), "Әдебияттаныў" (1986), "Әдебиятты оқытыў методикасы" (1987) китапларының авторларының бири.

С. Ахметов "Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери" (1972, 1974), "Билимлендириў ағласы", бир неше рет Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесинин Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланған.

С.Ахметов 1958-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Ахметов Хожамет

## 1908 – 1932

Хожамет Ахметов—шайыр.

Х.Ахметов Мойнақ районының Соркөл аўылында туўылған.

Ол ата-анасынан жаслай жетим қалып, Қоңыратта туўысқанларының қәўендерлигинде болады.

1929-жылы Төрткүлдеги педтехникумды питкерип, Тахтакөпирде, соңынан Кегейлиде жаслар аўқамы комитетинде ислейди. 1931-жылдан баслап "Жас Ленинши"газетасында жуўаплы хаткер болады.

Х.Ахметов әдебиятқа жаслайынан араласып, тез арада талантлы шайыр сыпатында көринди.

Шайырдың шығармаларының көпшилиги сол ўақыттағы күнделикли баспа сөз бетлеринде жәрияланып барды, соңынан олар арнаўлы топламларда басылды.

Шайырдың дәслепки жеке топламы И. Сағыйтов тәрепинен таярланып, 1950-жылы "Қосықлар топламы" деген ат пенен басылып шықты.

Бул китап 1975-жылы М. Нурмухамедов хәм Қ. Байниязов тәрепинен қайта таярланып, "Шығармалар" деген ат пенен толықтырып басылды.


www.ziyouz.com kutubxonasi

# Аяпов Шарапатдийин

## 1954

Шарапатдийин Аяпов—шайыр.

Ш. Аяпов 1954-жылы Шымбай районының Шахаман аўылында туўылған.

Ол 1971-жылы орта мектепти тамамлайды, 1980-жылы Ташкент мәмлекетлик универстетиниң журналистика факультетин сырттан оқып питкереди, соң бир қанша жыллар даўамында Қарақалпақстан телевидениеси хәм радио еситтириўлери комитетинде иследи, Нөкис мәмлекетлик университетинде журналистика қәнигелиги бойынша оқытыўшы (1983-1984) болып иследи.

"Қарақалпақстан" баспасында редактор, бас редактор лаўазымларын атқарады. Хәзирги ўақытда Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында мәденияттаныў кафедрасында оқытыўшы болып ислейди.

Ш.Аяповтың "Қус жолы" (1986), "Жаслықтың хәр деми" (1988), "Лирика" (1990) атлы топламлары баспадан шықты.

Ол Наўайының, Абайдың шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарған.

Ш.Аяпов Қарақалпақстан Жаслар аўқамы сыйлығының лауреаты.

Ш.Аяпов 1988-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Әбдирахманов Оразбай

## 1949

Оразбай Әбдирахманов—жазыўшы.

1949-жылы 29-августта Кегейли районында туўылған.

Хожели қаласындағы мектепте оқып, Ташкент Миллий университетиниң журналистика факультетин (1973) тамамлаған.

Ол "Жеткиншек" газетасы, "Әмиўдәрья" журналында әдебий хызметкер, бөлим баслығы, жуўаплы хаткер, Жазыўшылар аўқамында әдебий мәсләҳәтши, "Қарақалпақфильм" киностудиясында директор, Қарақалпақстан Руўхыйлық ҳәм ағартыўшылық орайы баслығы орынбасары,"Ўзбектелефильм"-ниң Қарақалпақстан бөлими директоры, "Әмиўдәрья" журналы бас редакторы болып ислеген. Ҳәзир Жазыўшылар аўқамы баслығының орынбасары.

Жазыўшының 1977-жылы "Бир муҳаббат тарийхы", "Қоңсы-қобалар"(1981) атамасындағы сатиралық гүрриңлер топламлары басылып шықты ҳәм әдебиятымызда жанр сыпатында қәлиплести.

Оның орыс тилинде "Не подписывай, браток" (1984) гүрриңлер топламы жарық көрди..

Қарақалпақ мәмлекетлик театрында "Өжет"(1981) комедиясы бүгинге дейин қойылып киятыр.

Жазыўшы "Аралым-дәртим мениң"(1985) эссеси ушын ЮНЕСКО медалы лауреаты болды, 1985-87-жыллары басылып шыққан "Мырзаның изи" эссеси жәҳанниң бир неше тиллеринде басылып шықты. Ол қарақалпақ әдебиятына эссе жанрын алып кирди.

"Сайғақлардың көшпели тәғдири" эссеси жазыўшы дөретиўшилигинде белгили орын тутады.

О. Әбдирахманов дәслепки қарақалпақ көркем фильмлери "Гүм-гүм" (1990), "Тығын" (1991) ҳәм ҳәр қыйлы халы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

қаралық кинофестивальлар лауреаты болған ҳүжжетли фильмлер авторы.

Жазыўшы Арал машқаласына арналған "Аралқум", "Дәрья дәрти", "Арал қызлары" ҳүжжетли фильмлери, ғәрезсизлик жыллары "Өзбекстан" телеканалында көрсетилген "Хийўа", "Темир тулпар пәрўазы", "Миздақхан", "Хорезмниң алтын шеңбери", "Аяз қала", "Өзбекстан темир жоллары", "Қонырат сода заводы" сыяқлы ҳүжжетли фильмлериниң сценарийлерин жазды.

О.Әбдирахмановтың 1985-жылы басылып шыққан "Босаға" романы 2003-жылы өзбек тилинде "Жахон адабиёти" журналында жарық көрди. Ол муқаддес "Қуран"ды қарақалпақ тилине туңғыш ҳәм толық аўдарды.

Оның публицистикалық шығармалары қарақалпақ, өзбек ҳәм жәҳән тиллеринде турақлы түрде басылып келмекте.

Оған 1999-жылы "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген көркем-өнер ғайраткери", 2000-жылы "Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген мәдeният хызметкери" ҳәм 2004-жылы "Қарақалпақстан халық жазыўшысы" ҳүрметли атақлары берилди.

Ол «Шарқ юлдузи», «Әмиўдәрья» ҳәм "Ёшлик" журналы ҳәм "Ҳаёт" газеталарының редколлегия ағзасы.

Ол 1979-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Әбдиев Алланазар

## 1963

Алланазар Әбдиев—жазыўшы ҳәм әдебиятшы алым.

А. Әбдиев 1963-жылы 26-сентябрьде Тахтакөпир районының "Шалжуўыт" аўылында туўылған.

1985-жылы Нөкис мәмлекетлик университетиниң филология факультетине оқыўға киреди.

Мийнет жолын 1990-жылы Қарақалпақстан Республикасы телевидение ҳәм радио еситтириў бойынша мәмлекетлик комитетинде редактор ўазыйпасынан баслаған.

Ҳәзирги ўақытта "Мәденият ҳәм спорт" газетасында бас редактор болып хызмет етип келмекте.

Ол 1995-жылы кандидатлық диссертациясын жақлады.

Дөретиўшилик ислериндеги табыслары ушын 2001-жылы "Шухрат" медалы менен "Мустақиллықтың 10 жыллығы", "Мустақиллықтың 15 жыллығы" естелик нышанлары менен, сондай-ақ 2004-жылдың "Жыл журналисти" номинациясының жеңимпазы болды.

А. Әбдиевтиң "Бизлер бахытлы боламыз" (1992), "Қызыл қошантай" (1995), "Бердақ шығармалары бойынша библиографиялық көрсеткиш" (А. Пахратдинов пенен) (1999), "Жинжыпырлар уясы" (2004), "Алтын балық" (А. Идирейсов пенен) (2006), "Ақлы алым" (2007), "Алғыс алған азамат" (2007), "Беканның автомашиналары" (2008), "Эльза ханым" (2008), "Қызыл көйлекли жәнан" (2009), "Аққус" (2010), "Мақтаншақ қораз" (2010) прозалық китаплары басылып шықты.

А. Әбдиевтиң "Субҳидам арафасида" романы, "Эрен сахий" повесть ҳәм гүрриңлери Өзбекстанның "Шарқ юлдузи", "Ёшлик", "Тонг юлдузи", "Хорижий филология", Қазақ-



www.ziyouz.com kutubxonasi

станның "Дала" ҳәм басқа да газета-журналларында өзбек, қазақ, тиллеринде жәрияланды.

Жәҳән әдебиятының сөз шеберлеринен: Ж. Сименон, Азиз Несин, Ж. Оруэлл, Кикути Кан, Айзек Азимов, Сайд Ахмад ҳәм тағы басқа жазыўшылардың белгили шығармаларын ана тилимизге аўдарып, "Әмиўдәрья" журналында жәриялады.

А. Әбдиев 1997-жылдан Жазыўшылар аўқамының, 1998-жылдан Журналистлер аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Әжимов Яқыпбай

## 1955

Яқыпбай Әжимов — шайыр ҳәм жазыўшы.

Я.Әжимов 1955-жылы Кегейли районының "Жалпақ жап" аўылында туўылған.

Ол 1978 жылы Нөкис энергетика техникумын, 1984-жылы Нөкис мәмлекетлик университетиниң қарақалпақ тили ҳәм әдебияты факультетин өндиристен қол үзбей питкерип шыққан.

Я.Әжимов 1982-жылдан баслап 2001-жылға шекем "Жеткиншек" газетасында, "Арал", "Ғумша"; "Әмиўдәрья", "Қарақалпақстан" журналларында түрли лаўазымларда жемисли ислеген. 2001-жылдан усы күнге шекем Қарақалпақстан Республикасы "Руўхыйлық ҳәм ағартыўшылық" Орайы баслығының орынбасары болып ислеп атыр.

Я.Әжимов мектепте оқып жүрген гезлеринен-ақ әдебиятқа айрықша ықлас қойған. Оның "Аўылым" атлы туңғыш қосығы 1970-жылы районлық газетада басылып шыққан.

Ҳәзирге шекем оның гүрриңлер, қосықлар, ертеклерден ибарат "Қуяш сөнбейди", "Мен сүйемен гүллерди", "Ақ қуўлар атаўы", "Бар екенде, жоқ екен" атлы төрт китабы "Қарақалпақстан" баспасынан басылып шыққан.

Я. Әжимов аўдармашы сыпатында Д. Дефо, А.Толстой, А.Пушкин, К.Чуковский, В.Шукшин, А.Арипов х.т.б. жазыўшы-шайырлардың шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарып, баспа сөзде жәриялады. Ол 2000-жылы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң "Ҳүрмет жарлығы" менен сыйлықланды.

Я.Әжимов 1995-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Әлиев Абат

## 1930 - 2012

Абат Әлиев—журналист, жазыўшы хәм әдебиятшы алым.

А. Әлиев 1930-жылы 25-октябрьде Шымбай районынын Қамысарық аўылында туўылған. Ол 1951-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутын табыслы тамамлап, "Совет Қарақалпақстаны" газетасында әдебий хызметкер, 1959-62-жыллары аспирантурада оқыды. Соңынан ӨзКП Қарақалпакстан Обкомында инструктор (1962-64), "Әмиўдәрья" журналында бас редактор (1964-66), Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутында аға оқытыўшы, доцент (1966-74), Н. Дәўқараев атындағы Тил хәм әдебият институтында илимий хызметкер (1974-76), "Совет Қарақалпақстаны" газетасында бөлим баслығы (1976-81),"Әмиўдәрья" журналының бөлим баслығы (1985-90), Ж. Орынбаев атындағы педагогикалық илим изертлеў институтында аға илимий хызметкер, Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының жуўаплы хаткери лаўазымларында иследи, хәзир хүрметли дем алыста.

А. Әлиев 1965-жылы "Қарақалпақ дәстаны "Мәспатша" деген темада кандидатлық диссертациясын жақлады.

А. Әлиевтиң "Жаслық жигер" (1956), "Бахыт ушын гүрес" (1959), "Бизиң аўылдың жигити" (1961), "Күткен күн" (1963), "Шынлық шежиреси"(1973),"Мениң Гүлжамалым"(1974), "Өмир тәшўишлери" (1987), "Парыз" (1988), "Көрмегенимиз көп екен" (1991),"Дүньяның қызығы"(1993),"Мәртлик" еске түсириў китабы (П. Халмуратов ҳаққында, 2005) деген гүррин, повесть хәм романлары шықты. Ол бир неше туўысқан халықлар жазыўшыларының дөретпелерин қарақалпақ тилине аўдарған.

А. Әлиев Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесинин Хүрмет Жарлығы менен сыйлықлаған, 1992 жылы "Қарақалпақстан халық жазыўшысы" хүрметли атағына ийе болды.

А. Әлиев 1963-жылдан Жазыўшылар аўқамынын ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Әметов Нурмуҳаммед

## 1942

Нурмуҳаммед Әметов—шайыр.

1942-жылы 3-сентябрьде Тахтакөпир районы "Өзбекстан" фермер хожалығында туўылған.

1958-жылы "Андреев" атындағы орта мектепти тамамлағаннан соң, Бухара саўда техникумын (1958-60) питкереди. Мийнет жолын 1960-жылы Қарақалпақстан Республикасы тутыныўшылар жәмийетинде жумыс ислеўден баслайды.

1968-жылы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының филология факультетине оқыўға киреди.

1993-жылдан Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң мәмлекетлик қадағалаў инспекциясында бас инспектор болып жумыс ислейди.

Ҳәзирги күни ол ҳүрметли дем алыста. Оның биринши дөретпелери ҳәзирги "Қарақалпақстан жаслары" ҳәм районлық газеталарда жәриялана баслайды.

Н. Әметовтың "Илҳам" (1982), "Дәўран" (1985), "Ығбал" (1988), "Сырлы булақ шәшмеси" (2002) поэзиялық топламлары басылып шықты.

Ол "Өзбекстан Республикасының Ҳүрмет жарлығы"н (1982), "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәдeният хызметкери" ҳүрметли атағын (1995) алыўға миясар болды.

Н.Әметов 1995-жылдан Жазыўшылар аўқамының, 1997-жылдан Журналистлер аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Әметов Қазақбай

## 1941

Қазақбай Әметов—сатирик жазыўшы.

Қ. Әметов 1941-жылы 23-сентябрьде Хожели районы Қолап аўылы, ҳәзирги "Қарақалпақстан" дийхан-фермер хожалығында туўылған.

1958-жылы Жданов атындағы орта мектепти питкергеннен соң, Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының тарийх-филология бөлимине оқыўға киреди.

1963-жылы педагогикалық институтты табыслы тамамлап, 1969-жылға шекем мектепте муғаллим, 1973-жылға шекем районлық газетада бөлим баслығы, соңынан райондағы Күнхожа атындағы мектепте директор, 1997-2001-жылға шекем 1-санлы оқыўшылардың экологиялық-тәбият орайында директор болып иследи.

Қ.Әметовтың «Абысынлар» (1974), «Ҳәмелпараздың түси» (1993), «Жала» (1995) атамасындағы гүрриңлер топламлары баспадан шықты.

Ҳәзирги ўақытта ҳүрметли дем алыста. Ол "Өзбекстан халық билимлендириўи ағласы".

Қ.Әметов 1995-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Әмирлан Сейдин

## 1972

Сейдин Әмирлан 1972-жылы 23-майда Бухара ўәлаяты Тамды районының Шийели мәканында туўылған. 1988-жылы Аққабақ аўылындағы 11-санлы Бердақ атындағы орта мектепти питкерип, сол жылы Санкт-Петербург қаласындағы 101-санлы кәсип-техникалық билим журтында тәлим алады.

1990-95-жыллары Нөкис мәмлекетлик университетинин филология факультетин оқып питкергеннен соң, мийнет жолын өзи билим алған университеттиң филология факультетинде оқытыўшы болып ислеўден баслайды хәм сол жерде аспирантура курсын оқып тамамлайды. Ҳәзирги ўақытта Н. Дәўкараев атындағы Тил хәм әдебият институтында илимий хызметкер болып ислейди.

С.Әмирлан студентлик ўақтынан баслап-ақ өз изертлеўин баслаған. Оның "Таўелибай тарийхынан тамтум сыр"(1993). Сондай-ақ, тарийхый тулға Буқыш бий хаққында "Дала дилўары"(1997) китабы хәм өзи топлаған материаллары тийкарында "Қарақалпақ халық әпсаналары" (2000), "Мөлдир булақ"(2003) атамасындағы китапшалары басылып шықты.

С.Әмирлан Уллыбританиядағы Кембридж Биографиялық Орайы тәрепинен "2001 жыл зиялысы" хәм 2001-жыл "Қарақалпақстан халық билимлендириў ағласы" деген хүрметли атақларға миясар болды.

Ол 1997-жылдан Жазыўшылар хәм Журналистлер аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Әўезов Қасым

## 1897-1938

Қасым Әўезов—белгили мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик искер шайыр ҳәм дәслепки драматурглердиң бири.

Ол 1897-жылы Шымбай волостының (ҳәзирги районының) аймағында (ҳәзирги Қасым Әўезов атындағы ижара хожалығы) туўылған. Сол жердеги атақлы Мақтым ахун медресесинде оқып билим алады. Күн көристиң қыйыншылығына байланыслы 1915-16-жыллары Шорахандағы байлардың есигинде жалланып жумыс ислеген. Дәслеп аўыллық кеңестиң хаткери (1921-жылға шекем) болып хызмет иследи.

1921-жылы Төрткүлдеги қысқа мүддеттеги муғаллимлер таярлайтуғын курсты питкерип, 1922-жылы Шымбайдағы мектеп-интернаттың шөлкемлестириўшиси, соң баслығы болды, сол жерде муғаллимшилик етти, 1922-23-жыллары Самарқандтағы партия мектебинде оқыды. Шымбайда уездлик билимлендириў бөлимин басқарды. 1923-жылы Ташкенттеги Орта Азия университетине киреди, оны питкерип шығыўға мүмкиншилик болмайды. 1924-25-жыллары Қарақалпақстан автономиялы областы халық билимлендириў бөлиминиң баслығы лаўазымында иследи. Усы жыллары Қ.Әўезов Қарақалпақстан автономиялы областында шөлкемлестириў бюросының ағзасы болып сайланады ҳәм 1925-жылы июнь айында областьлық Атқарыў комитетиниң баслығы болып тайынланады.

Қ. Әўезов 1929-жылы Қазақстан Орайлық Атқарыў Комитети баслығының орынбасары, соның менен бирге Ишки ислер халық комиссары хызметин атқарады. 1930-32-жыллары Москвада Россия Федеративлик Республикасында Қарақалпақстан ҳүкиметиниң турақлы елшиси лаўазымында иследи. 1931-жылы 29-июльде Қарақалпақстан Областьлық



www.ziyouz.com kutubxonasi

партия комитетиниң екинши секретары болып тайынланады. 1932-жылы Қарақалпақстанның Автономиялы Республика болып өзгериўине байланыслы Қ.Әўезов Қарақалпақстан Халық Комиссарлар Кеңесиниң баслығы болып сайланады. Ал, 1935-36-жыллары тағыда РСФСР да Қарақалпақстан ҳүкиметиниң турақлы елшиси хызметине аўысады. 1936-37-жыллары Қарақалпақстан Халық Комиссарлар Кеңеси жанындағы көркем өнер басқармасының баслығы лаўазымында болды. Қ.Әўезов 1938-жылы репрессияға ушырап қайтыс болды.

Қ.Әўезов 1932-жылы шөлкемлестирилген жазыўшылардың биринши шөлкемлестириў бюросының ҳәм 1934-жылы уйымласқан Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының ҳүрметли баслығы болып сайланды.

Оның "Тилек жолында" пьесасы 1926-жылы жазылды ҳәм сахнаға қойылды. Ол Мольердиң "Скапенниң ҳийлеси" пьесасын аўдарған. 1967-жылы Қ.Әўезовтың "Шығармалары ҳәм аўдармалары" басылып шықты. 1987-жылы бул топлам екинши мәртебе толықтырылып басылды.

Қ.Әўезов 1934-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Баҳадырова Сарыгүл

## 1944

Сарыгүл Баҳадырова— жазыўшы ҳәм әдебият изертлеўшиси, сыншы.

Ол 1944-жылы Қараөзек районында туўылған.

Орта мектепти тамамлап, 1962-жылы Қарақалпақ Мәмлекетлик педагогикалық институтына киреди ҳәм оны 1966-жылы питкерип шығады.

1967-70-жыллары Ташкентте Өзбекстан Илимлер Академиясының Тил ҳәм әдебият институтының аспирантурасында оқыйды. 1970 жылы "Ҳәзирги қарақалпақ гүрринлери" деген темада кандидатлық диссертациясын жақлады. Өзбекстан Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Н. Дәўқараев атындағы Тарийх, тил хәм әдебият институтында илимий хызметкер, бөлим баслығы, 1991-2007-жыллары усы институттың директоры, хәзирги күни жетекши илимий хызметкери лаўазымында ислеп атыр.

Ол "Ҳаяллар" (1973), "Турмыс сабағы" (1980), "Тәғдир", "Тумарис ҳәм Кир","Қанатынан қайрылған суңқар" сыяқлы повесть ҳәм романлардың авторы. Қарақалпақстан Республикасы Жаслар аўқамы сыйлығының лауреаты болды.

С.Баҳадырова 1985-жылы "Фольклор ҳәм қарақалпақ прозасы" деген темада докторлық диссертациясын жақлады ҳәм профессор атағына ийе.

Оның "Роман хәм дәуир" (1978), "Фольклор и Каракалпакская советская проза" (1984), "Фольклорлық терминлердиң қысқаша сөзлиги" (С.Ахметов пенен 1992), "Китаби дедем Қорқыт", "Қоблан", "Едиге" ҳәм "Ҳәзирги әдебият хаққында ойлар" (1992) атлы монографиялары басылып шықты. "Қарақалпақ совет әдебияты тарийхының очеркле-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ри" (1986), "История каракалпакской литературы" (1981) сыяқлы китаплардың авторларының бири.

С.Баҳадырова Өзбекстан Республикасы Беруний атындағы мәмлекетлик сыйлығының лауреаты. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесинин Ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланған.

С.Баҳадырова 1976-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Бегжанов Қəллибек

## 1931-2004

Қəллибек Бегжанов — журналист ҳəм жазыўшы.

Қ.Бегжанов 1931-жылы Шымбай районының "Кеңес" аўылында туўылған. Орта мектепти питкергеннен соң, Нөкис полиграфкомбинатында ҳəрип териўши ҳəм корректор болып жумыс баслады. Сонынан Қарақалпақ мəмлекетлик баспасында тех редактор, редактор, өндирис бөлиминиң баслығы, "Жеткиншек" газетасының бөлим баслығы, «Қарақалпақстан жаслары» газетасында редактор болып иследи.1952-56-жыллары жумыс ислеп жүрип Қарақалпақ мəмлекетлик педагогикалық институтын сырттан оқып питкереди. Ол Москвадағы журналистика факультетин питкереди (1964-66), Баспа сөз басқармасында бас редактор, баслықтың орынбасары, Нөкис полиграфкомбинатының директоры, Баспа сөз бойынша мəмлекетлик комитеттиң баслығы (1966-80), Қарақалпақстан Орайлық сайлаў комиссиясының баслығы (1989-94), "Еркин Қарақалпақстан" газетасының бас редакторы, Қарақалпақстан Республикасы Журналистлер аўқамы, Республика китапқумарлар жəмийети аўқамының баслығы, "Арал ҳаўазы" газетасында бас редактор болып иследи.

Қ. Бегжановтың "Майды төккен ким?", "Сүт ишкиң келе ме?", "Соңғы кетпен", "Жүрек ҳəмири менен", "Гүлленген колхозда", "Əлипбеден басладық" атлы прозалық шығармалары шықты. Ол қазақ фольклорынан "Ел аўзынан", түрк əдебиятынан "Хамидке ат жоқ" атлы шығармаларды қарақалпақ тилине аўдарды.

Қ.Бегжанов 1995-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Бегимов Асан

## 1907-1958

Асан Бегимов — шайыр ҳәм жазыўшы.

А. Бегимов 1907-жылы Мойнақ районы аймағында туўылған. 1924-жылдан баслап Қоңыраттағы балалар үйинде тәрбияланған. Ол 1927-1932-жыллары Алма-Атадағы педагогикалық институтта оқыйды. 1932-1934-жыллар аралығында дәслеп Қарақалпақстан Жазыўшыларының шөлкемлестириў бюросының баслығы, ал 1934-жылы Жазыўшылар аўқамын басқарды. 1936-1937-жыллары Ташкенттеги партия институтында оқыды. 1938-1939-жыллары тағы да республикада Жазыўшылар аўқамының баслығы лаўазымында болды.

А. Бегимов бирқанша жыллар даўамында мәмлекетлик театрдың директоры, радиоеситтириў комитетиниң баслығы, полиграфия баспасының директоры, Өзбекстан телеграф Агентлигиниң Қарақалпақстан бөлиминиң баслығы, "Қарақалпақстан" баспасында бөлим баслық, Жазыўшылар аўқамында әдебий мәсләҳәтши лаўазымында иследи.

А.Бегимов бурынғы аўқам жазыўшыларының пүткил аўқамлық биринши съездиниң делегаты болды ҳәм усы съезде шығып сөйледи.

А.Бегимовтың дәслепки қосықлары 20-жыллардың орталарында жарық көрди. Ол "Жеңистен – жеңиске" (1935), "Сүйиңиз" (1949), "Туўған жер" (1955), "Сәпура" (1956), "Таңламалы шығармалары" (1957), "Жаңарған үлке" (1960) сыяқлы топламлардың авторы.

А. Бегимовтың "Сәпура" (1938), "Туўған жер" (1945), "Өмир" (1955) сыяқлы поэмалары белгили.



www.ziyouz.com kutubxonasi

А. Бегимовтың "Хорлықтан азат" (1929), "Бул ким" (1932), "Ғарип-ашық" (1949-1955) пьесалары мәмлекетлик театр сахнасында қойылған.

Прозаның раўажланыўында А. Бегимовтың "Балықшының қызы" романы (1958) белгили орын ийелейди. Бул шығарма өзбек ҳәм рус тиллерине аўдарылған (1958-1960).

Сондай-ақ, Асан Бегимов Пушкин, Лермонтов, Шевченко, Горькийдиң гейпара шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарған.

А. Бегимов "Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген мәденият хызметкери" атағына миясар болды (1957). Ол "Ҳүрмет белгиси" ордени ҳәм медаллары менен, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикалары Жоқарғы Кеңесиниң хүрмет жарлықлары менен сыйлықланған.

А. Бегимов 1934-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Бекбаўлов Оразақ

## 1929-1993

Оразақ Бекбаўлов—жазыўшы, тилши хәм әдебиятшы алым.

О. Бекбаўлов 1929-жылы Қыпшақ районының Назархан аўылында туўылған.

1952-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтын тамамлады, соң мектеп директоры болып иследи.

1951-1955-жыллары Республикалык муғаллимлердиң билимин жетилистириў институтында, 1956-1960-жыллары Нөкис қалалық мектеплеринде муғаллим, ал 1960-жылдан баслап Н.Дәўкараев атындағы Тарийх, тил хәм әдебият институтында аға илимий хызметкер болып иследи.

О. Бекбаўлов 1967-жылы қарақалпақ тилиниң диалектологиясы бойынша кандидатлық диссертациясын жақлады.

О. Бекбаўловтың әдебий дөретиўшилигинде "Тарас Аралда" (1964), "Беруний" (1977), "Владимир Каракалпаков" (1990) сыяқлы роман хәм повестлери белгили орын тутады.

Оның "Тарас Аралда" романы украин тилине аўдарылған.

О.Бекбаўловқа "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәденият хызметкери" ҳүрметли атағы берилген (1979).

О. Бекбаўлов 1970-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Бекбергенова Зияда

## 1968

Зияда Бекбергенова—жазыўшы хәм әдебият изертлеўшиси.

З.Бекбергенова 1968-жылы 10-январьда Шымбай районының Таза жол аўылында туўылған.

Ол 1984-жылы Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң филология факультетине оқыўға киреди. 1989-жылы оқыўды питкерип, жоллама менен ӨзРИАҚб Н Дәўқараев атындағы тил хәм әдебият институтында илимий хызметкер болып жумыс баслаған.

1990-1993-жыллары Ҳәзирги дәўир қарақалпақ әдебияты қәнигелиги бойынша аспирантурада оқып, 1995-жылы "Ҳәзирги дәўир қарақалпақ поэзиясында халық аўыз еки поэтикалық дәстүрлери" (70-80-жыллар) деген темада кандидатлық диссертациясын жақлаған.

Ол бүгинги күни ҳәзирги дәўир қарақалпақ әдебияты бөлиминиң баслығы болып ислеп атыр.

"Мәңги қалған дақ" (1994) гүрриңлер топламы, ҳәзирги дәўир балалар әдебияты бойынша изертлеўлери, "Бала тили пал" (1997) китабы жарық көрди.

Улыўма билим беретуғын мектеплердиң 9-класслары ушын "ХХ әсирдеги қарақалпақ әдебияты", «Әдебият» сабақлығының (2002, 2006, 2010) авторларының бири. "Әмиўдәрья" журналында (1997, № 5-6) "Ҳаял тәғдири" повести жәрияланды. 2001-жылы "Маърифат" газетасының 10 жыллығына бағышланып өткерилген "Дөретиўши педагог хызметкерлер" таңлаўында Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў Министрлигиниң "Ҳүрмет жарлығы" менен сыйлықланған.

Ол 2000-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Бекбергенова Мария

## 1953

Мария Бекбергенова—әдебият изертлеўшиси.

Ол 1953-жылы 3-декабрьде Мойнақ қаласында туўылды.

1971-жылы Мойнақ қаласындағы М. В. Ломоносов мектебин питкерип, 1971-1976-жыллары Таганрог мәмлекетлик педагогикалық институтының рус тили ҳәм әдебияты факультетинде оқыйды.

М. Бекбергенова хызмет жолын 1976-жылы Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясының Қарақалпақстан бөлиминиң Н. Дәўқараев атындағы тил ҳәм әдебият инстититутының "Әдебият теориясы ҳәм әдебий байланыслар" бөлиминде үлкен лаборантлықтан баслаған. Соңынан усы институтта илмий хызметкер, илимий хаткер болып ислесе, соң Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының қарақалпақ әдебияты факультетинде деканның оқыў ислери бойынша орынбасары, 2004-жылдан кафедра доценти ўазыйпасында ислеп киятыр.

М. Бекбергенованың бир қанша илимий мийнетлери республикалық баспа сөзде жәрияланған.

Ол "Қарақалпақ әдебиятында дәстүр, мийраслық ҳәм көркем аўдарманың айрым әҳмийетли мәселелери" (2004) китабының ҳәм "Қарақалпақ әдебияты" (Академиялық лицейлердиң 3-курсы (2007) ушын) сабақлықтың авторларының бири.

М.Бекбергенова 2005-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Бекимбетов Айтбай

## 1919-1979

Айтбай Бекимбетов—жазыўшы.

А.Бекимбетов 1919-жылы 5-майда Төрткүл районының "Уллыбағ" аўылында туўылған.

1939-жылы Төрткүлдеги медициналық училищени, 1944-жылы әскерий авиациялық ушқышлар мектебин питкерген, екинши жәҳән урысының қатнасыўшысы.

Урыстан соңғы жыллары А. Бекимбетов Төрткүлде районлық партия комитетинде, районлық милиция бөлиминде иследи. Соң ишки ислер министрлигинде жынаят қыдырыў бөлимин басқарды.

А. Бекимбетов 50-жыллардың басларынан-ақ әдебий дөретиўшилик пенен шуғылланған.

Оның "Аўыр тәғдирди жеңиўшилер" (1957), "Сырлы излер изинен" (1963), "Аўыр сынақлар" (1975), "Әжайып әўладлар" (1970), "Гүрес" (1961) сыяқлы повесть ҳәм романлары қарақалпақ прозасында белгили орын ийелейди.

Оның көплеген шығармалары өзбек ҳәм рус тилине аўдарылған. "Сырлы излер изинен" шығармасы ушын оған Қарақалпақстан Республикасының Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлығы берилди (1972).

А. Бекимбетов Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәдeният хызметкери.

А. Бекимбетов 1958-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Бекниязова Базаргүл

## 1916-1995

Базаргүл Бекниязова — жазыўшы.

Б. Бекниязова 1916-жылы 15-апрельде Шымбай қаласында туўылған.

Ол Төрткүлде рус тили бойынша муғаллимлер таярлайтуғын курсларда оқыған, жумысшы факультетин питкерген, 1938-жылдан баслап Хожели қаласында муғаллим болып ислейди.

1945-1949-жыллары Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтында оқып, питкерип шығады.

1949-1961-жыллар аралығында Нөкис медициналық училищесинде оқытыўшы, 1961-1967-жыллары республикалық китапханада ҳәм 1967-1972-жыллары Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясының Қарақалпақстан филиалында жумыс иследи.

Оның дәслепки шығармалары 30-жыллардың ақырларында жәриялана баслады.

Б. Бекниязованың дәслепки топламы "Мәңги қуяш" 1957-жылы баспадан шықты. Соң "Қызлар тәғдири" повести 1964-жылы жарық көрди.

1976-жылы шығармаларының жыйнағы "Қызлар"деген ат пенен жәрияланды.

Ол Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланған.

Б. Бекниязова 1957-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Беласаров Данияр

## 1952

Данияр Беласаров—жазыўшы ҳәм публицист.

Д. Беласаров 1952-жылы 25-февральда Хожели районында туўылған. Ол 1977-жылы Алма-Ата Политехникалық институтын, 1983-жылы Москва инженерлик қурылыс институтын тамамлайды. Соң Халықаралық Академияның юридика факультетин сырттан оқып питкерген. 1977-жылдан Тахыятас районындағы оңлаў-механика заводында цех баслығы болып жумыс ислеўден баслайды. Ҳәзирги ўақытта ол Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң социаллық раўажланыў бөлиминде жуўаплы хызметкер болып ислейди ҳәм "Қашарман топ" Федерациясының Президенти.

Д.Беласаровтың дәслепки шығармалары 70-жыллардың басларында жарық көрди. Ҳәзирге шекем оның "Ер Қосай" (1996), "Сатыпалды палўан" (2000), "Табын шежиреси" (2001), "Әдил батыр ким еди" (2006), "Қашарман топ" (2007) сыяқлы гүрриң ҳәм публицистикалық шығармалары китап болып шықты.

Д. Беласаров Тациттин, Л. Гумилевтың, Мурад Аджидиң, П.Ивановтың шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарған. Жазыўшының бир қатар шығармалары өзбек ҳәм қазақ тиллерине аўдарылған.

Д. Беласаров "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген жаслар устазы" ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланған. Греция халықаралық Академиясы сыйлығының лауреаты.

Д.Беласаров 2006-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Бердиев Мәтибай

## 1951

Мәтибай Бердиев — шайыр.

М. Бердиев 1951- жылы 5-майда Хожели районы Сарышүңгил аўылында туўылған.

1973-жылы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтын питкергеннен кейин 43-санлы мектепте қарақалпақ тили ҳәм әдебияты пәни муғаллими, директордың оқыў-тәрбия ислери бойынша орынбасары болып ислеген.

1983-1985-жыллары Жамбыл атындағы мектептиң директоры, "Хожели ҳақыйқаты" газетасы редакторының орынбасары лаўазымында ислеген.

М. Бердиевтың буннан кейинги хызмети тиккелей баспасөз бенен байланыслы.

Дәслепки шығармалары 70-жыллардың орталарында көрине баслады. "Әмиўдәрья", "Арал" журналларында, "Еркин Қарақалпақстан", "Қарақалпақстан жаслары", "Устаз жолы", "Жипек жолы", "Жеткиншек" газеталарында бир неше дүркин қосықлары жарияланған. Қосықлары қазақ ҳәм ноғай тиллерине аўдарылған.

Онық "Қуяш күлип қарай баслады" (1992), "Ҳақыйқатлық" (1994), "Жаңғырық" ("Билим" 1996), "Мәңгилик реңлер" (1997) ҳәм балаларға арналған "Аўыл баласы" (1997) топламлары жарық көрген. Белгили палўан С.Мылтықбаев хаққында "Палўан-Сатыбалды Мылтықбаев" атлы китап таярлаған ("Қарақалпақстан" 1997).

М. Бердиев 1994-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Генжемуратов Бахтыяр

## 1959

Бахтыяр Генжемуратов — шайыр.

Б. Генжемуратов 1959-жылы 11-майда Тахтакөпир районында туўылған. 1976-жылы орта мектепти тамамлап, районлық газетада ислеген. 1978-80-жыллары әскерий хызметте болған. Ол 1980-жылы Нөкис мәмлекетлик университетиниң филология факультетине оқыўға киреди ҳәм "Нөкис университети" газетасының жуўаплы хаткери болып ислейди. 1985-жылы НМУ филология факультетин питкерип, 1993-жылға шекем "Әмиўдәрья" журналында әдебий сын ҳәм мәдений бөлиминиң баслығы, жуўаплы хаткери, Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамында поэзия бойынша мәсләҳәтши, баслықтың орынбасары, жуўаплы хаткер лаўазымларында ислейди.

1993-жылларда Бердақ атындағы қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң аспирантурасында оқыйды ҳәм 1996-жылы "Әжинияз лирикасының поэтикасы" деген темада кандидатлық диссертациясын қорғайды.

Б. Генжемуратов 1996-2006-жыллар аралығында филология факультетинде оқытыўшы, кафедра баслығы, журналистика бөлиминиң баслығы, Бердақ атындағы миллий музейинде тарийх ҳәм археология бөлиминиң баслығы лаўазымларында ислейди. 2006-жылдан кафедра доценти болып ислеп атыр.

Б. Генжемуратовтың "Әптаптың өмири" (1987), "Саратан" (1990), "Оқ қадалған ай" (1997)қосықлар топламлары қарақалпақ тилинде "Ўкуздарё битиклари" (2006) қосықлар ҳәм поэмалар топламы өзбек тилинде баспадан шықты. Шайырдың "Мөде хан сөзи яки Чин жипегиндеги битик", "Қар Ақ Алп Ақ" поэмалары өзбек тилинде, "Ўкуздарё битиклари" (2006) атамада өз алдына китап болып қайтадан басылды. Онын



www.ziyouz.com kutubxonasi

бир дүркин қосықлары “Түрк шеърияты антологиясы” (Анкара, 2006) ҳәм “ХХ аср ўзбек шеърияти антология”сына (Ташкент, 2007) киргизилген. Шайыр Батыс ҳәм Шығыс классиклериниң қосықларын қарақалпақшалап, “Лирика” деген ат пенен 1992-жылы баспадан шығарды.

Шайырдың бир қатар қосықлары қазақ, орыс ҳәм француз тиллеринде жәрияланған. Ол белгили тарийхшылар А. Ю. Якубовский ҳәм Б.Д.Грековтың “Алтын Орда ҳәм оның қулаўы” деген көлемли фундаменталь мийнетин қарақалпақшалады. Б. Генжемуратовтың “Әжинияз лирикасының поэтикасы” (1997) деген монографиясы баспадан шықты

Ол Қарақалпақстан Жаслар аўқамы сыйлығының (1991) ҳәм Өзбекстан Жазыўшылар аўқамы сыйлығының (2001) лауреаты. 2006-жылы “Шуҳрат” медалы менен, ең жақсы қосықлары ушын Хорезм Маъмун академиясы, Өзбекстан Жазыўшылар аўқамы ҳәм Хорезм ўалаяты ҳәкимлиги тәрепинен сыйлықланды. Б. Генжемуратов 2007-жылы Қазақстан Республикасының Ақтаў қаласында өткерилген шайырлар конкурсының лауреаты болды.

Б. Генжемуратов 1990-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Валерий Гордеев

# 1950

Валерий Леонидович Гордеев — лирик шайыр.

Ол 1950-жылы 24-январьда Россияның Куйбышев областының Кошки районы орайында туўылған. Әскерий хызметтен соң (1967-1969) Димитровград автоагрегат заводында токарь болып жумыс ислейди. 1972-жылдан баслап районлық "Звезда" (Новая Малыкла), "Знамя труда" (Мелекесс) ҳәм Димитровград қаласындағы "Знамя коммунизма" газеталарында дәслепки жазыўшылық, журналистлик жумысларын алып барған. 1976-жылы Қазан мәмлекетлик университетиниң журналистика бөлимин сырттан оқып питкерип, Қарақалпақстанға жумысқа келеди ҳәм "Советская Каракалпакия" (Ҳәзирги "Вести Каракалпакстана") газетасына алдын өз хабаршысы болып, соңынан газетаның жуўаплы хаткериниң орынбасары болып ислеген. 1978-жылы усы газетаның жуўаплы хаткери лаўазымына тайынланады.

В.Л.Гордеевтың дәслепки қосықлары 1966-жылдан Республикалық баспа сөз бетлеринде жәриялана баслады. Оның "Маршалский жезл"(1980), "Доверие"(1982) сыяқлы қосықлар топламлары "Қарақалпақстан" баспасында басылып шықты.

Ол аўдарма жумыслары менен де шуғылланып Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы Жолмурза Аймурзаевтың "Әмиўдәрья бойында" романы менен "Даңқлы дослар" поэмаларын рус тилине аўдарып, кең оқыўшылар жәмийетшилигине таныстырды.

В.Л.Гордеевтың бир неше қосықлары қарақалпақ тилине де аўдарылған.

Ол 1982-жылдан баслап Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Дабылов Аббаз

## 1898-1970

Аббаз Дабылов — белгили халық шайыры.

А.Дабылов XX әсирдеги қарақалпақ поэзиясының раўажланыўына айрықша үлес қосқан талантлы сөз шебери. Шайырдың дөретиўшилигинде халық аўызеки поэзиясының, әдебиятымыздың хәм шығыс әдебиятының ең жақсы дәстүрлери өзиниң көркемлик бирикпесин тапты.

А.Дабылов 1898-жылы Тахтакөпир районының Қараой аўылында туўылған. Ол медреседе оқып саўатын ашқан, өз дәўириниң саўатлы адамларының бири болды. Усыған байланыслы ол бир қанша ўақыт қуўдалаўға да түскен. 20-жыллардың орталарында жаңа уйымласқан жәмәәтлик хожалыққа киреди, жәмәәт басқармасына ағзалыққа сайланады.

1939-жылы А.Дабылов Төрткүлге тартылады хәм ол жерде дөретиўшилик жумыс пенен биротала шуғылланыўға имканият алады, усы жылы Ташкент, Москва қалаларына экскурсияға жибериледи.

А.Дабылов қарақалпақ әдебиятының хәр бир дәўиринде өзиниң әжайып шығармалары менен белгили болды. Шайырдың "Қосықлар" (1940), "Жеңислер йошы" (1947), "Алға" (1959), "Қосықлар" (1962), "Жүрекке жақын адамлар" (1965) «Арнаў» (1966) «Темир жол» (1973) «Нәмәрт жигит неге дәркар" (1976) хәм басқа да топламлары басылып шықты. 1950-1957-жыллары "Бахадыр" дәстаны басылды. Шайырдың көпшилик шығармаларын өз ишине алған 1,2,3 томлары (1958,1967,1972) басылды.

Аббаз шайырдың көп ғана қосықлары өзбек, рус хәм қазақ тиллерине аўдарылып, топлам болып басылған. "Бахадыр" дәстаны 1990-жылы толық түринде рус тилинде жарық көрди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аббаз шайырға "Баҳадыр" дәстаны ушын Қарақалпақстан Республикасының Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлығы берилди (1990). Ол "Қарақалпақстан халық шайыры" (1967) ҳәм "Өзбекстан халық жыршысы" (1945) еди.

А.Дабылов 1957-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Дәўқараев Нәжим

## 1905-1953

Нәжим Дәўқараев—жазыўшы ҳәм драматург, қарақалпақ әдебияттаныў илиминиң тийкарын салыўшы.

Н. Дәўқараев 1905-жылы Қоңырат районының “Соркөл” елатында (ҳәзирги Мойнақ районы, Мойнақ хожалығы) туўылған. Ол усы жерде дәслеп ески мектепте, медреседе, соңынан жаңа ашылған баслаўыш мектепте оқып билим алады, 1924-1925-жыллары Оренбург қаласында педагогикалық институттың таярлық курсында оқыйды. 1925-жылы Қарақалпақстанға қайтып келип, дәслеп Қоңырат округлик атқарыў комитетинде инструктор, соңынан Төрткүл қаласында областлық судта практикант болып хызмет етеди. 1926-1930-жыллары Алма-Ата қаласындағы халық ағартыў институтының агробиологиялық бөлиминде оқыйды. 1928-1932-жыллары Оренбург пединститутының қазақ тили ҳәм әдебияты факультетинде де оқып, бирден еки институтты питкерип шығады.

Н. Дәўқараев 1930-1934-жыллары Алма-Ата, Қостанай қалаларындағы педагогикалық техникумларында, 1929-1932-жыллары Урал педагогикалық институтында қазақ тили ҳәм әдебияты пәни бойынша оқытыўшы болып ислейди. 1934-жылы Н. Дәўқараевты Қарақалпақстан ҳүкимети басшылары шақырып алады ҳәм Қарақалпақстан муғаллимлер институтының қарақалпақ тили ҳәм әдебияты кафедрасының баслығы болып ислейди. Ол Қарақалпақстан Республикасы халық Билимлендириў Комиссариатында инспектор-методист лаўазымын қоса атқарады.

1939-жылы Қарақалпақстан жазыўшыларының II съездинде Қарақалпақстан жазыўшылар аўқамы басқармасының жуўаплы хаткери болып сайланады. 1942-1944-жыллары Қарақалпақстан Халық Комиссарлар Кеңеси қасындағы көркем



www.ziyouz.com kutubxonasi

өнер ислери бойынша басқарманың баслығы, К.С. Станиславский атындағы музыкалық драма театрының директоры, 1944-жылы Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесинин қасынан ашылған Тил ҳәм әдебият институтының директоры (бул институт 1947-жылы Өзбекстан Илимлер Академиясы экономика ҳәм мәдений институты болып өзгерген) ҳәм өмиринин ақырына шекем педагогикалық институтта қарақалпақ әдебияты кафедрасының баслығы болып ислейди.

Н.Дәўқараевтың студентлик дәўиринде жазған "Көп күнлердиң бири" гүрриңи 1929-жылы Алма -Ата қаласындағы "Жаңа мектеп" журналында (№11,12) басылады. Жазыўшының "Партизанлар" (1936), "Интернатта" (1934) "Тойға барғанды", "Бағман", "Бийбихан", "Өлимди писент етпеўшилер" ҳәм тағы басқа гүрриңлери тек жазыўшының емес, ал қарақалпақ прозасының да дәслепки дөретпелери сыпатында белгили. Ол 1942- жылы "Алпамыс" драмасын жазды ҳәм пьеса театрда сахналастырылды. Аўдарма тараўында А. С. Пушкинниң "Капитан қызы" повестин, "Ғарғаның гүлдәстеси", Н.Некрасовтың "Темир жол", Л.Н. Толстойдың "Кавказ тут- қыны", А.П. Чеховтың "Каштанка", "Ванька", М. Горькийдиң "Саяхатшы қурбақа", К.М. Симоновтың "Рус адамлары" шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарған.

Н. Дәўқараев 1946-жылы "XVIII- XIX әсирдеги қарақалпақ әдебияты" деген темада филология илимлеринин кандидаты ҳәм 1951-жылы "Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери" темасында докторлық диссертацияларын табыслы жақлады.

Жазыўшы ҳәм үлкен алым орденлер ҳәм медальлар менен сыйлықланған, "Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген муғаллим" ҳүрметли атағына ийе еди, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеслерине депутат болып сайланған. Ҳәзир Өзбекстан Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлиминин Тил ҳәм әдебият институты үлкен алым Н. Дәўқараевтың атына қойылған.

Н. Дәўқараев 1934-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Дәўлетназаров Халила

## 1952

Халила Дәўлетназаров – шайыр.

Х.Дәўлетназаров 1952-жылы 10-февральда Кегейли районынын Халкабад елатында туўылды.

Ол орта мектепти питкергеннен соң 1970-1975-жыллары Нөкис мәмлекетлик көркем өнер училищесинде оқыған хәм әскерий хызметте болған.

1977-жылдан баслап "Қарақалпақстан жаслары" газетасында әдебий хызметкер болып исследи.

Буннан соңғы жыллары Қарақалпақстан телерадиокомпаниясында телередактор, радиода музыка бөлиминиң баслығы, "Қарақалпақстан" баспасында редактор, республикалық радионың әдебият хәм драма бөлиминиң баслығы, "Еркин Қарақалпақстан" газетасы бас редакторының орынбасары лаўазымларында хызмет етти.

2009-жылдан "Әмиўдәрья" журналының бас редакторы.

Шайырдың "Хат", "Сен маған керексең", "Сен жақсы қызсаң", "Ашық болмаған ким бар", "Хош қал, жаслығым", "Әлўидағ, муҳаббат, әлўидағ", "Дос болыў ҳәммениң қолынан келмес" поэзиялық китаплары басылып шықты.

Оның "Ҳәсирет ҳәўири", "Парахатшылық ҳаққында сөз", "Анама хат", "Бүлбил пығаны", "Ийесиз журт", "Қарақалпақ баязы", "Зийўарий шежире", "Әлўидағ муҳаббат, хош қал жаслығым» насрый поэмалары бар.

Х.Дәўлетназаров 1991-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Дәўлетова Гүлистан

## 1959

Гүлистан Дәўлетова — шайыр.

Г. Дәўлетова 1959-жылы 20-ноябрьде Шымбай районының Шахаман аўылында туўылды.

Усы районлағы Гагарин атындағы орта мектепти 1976-жылы тамамлап, аўылда жумысшы болып исleди.

1983-жылы Нөкис мәмлекетлик университетиниң роман-герман филологиясы факультетиниң англичан тили, 1993-жылы университеттиң филология факультетиниң қарақалпақ тили ҳәм әдебияты қәнигелигин питкерген.

Мектепте муғаллим, университетте ассистент оқытыўшы, Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлими баслығы болып исleди.

Г. Дәўлетованың туңғыш қосықлары "Әмиўдәрья"журналында, республикалық ҳәм районлық газеталарда жарық көрди.

Оның "Әжинияз поэзиясында дәстүр ҳәм жаңашыллық" (1997) монографиясы менен "Әжинияз поэзиясында руўхый дереклер" (1998), "Руўхыйлық-әдебият өлшеми" (1998), "Инсан тәрбиясы балалықтан басланады" (1999) деген китапшалары ҳәм "Сениң дәртиң менен жасайман, ҳаял"(2001)"Аёл ишки", (2001) "Қыз тахтым" (2009) қосықлар топламлары жарық көрген.

Г. Дәўлетова 2006-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Дәўлетбаев Нурлыбай

## 1954

Нурлыбай Дәўлетбаев — шайыр.

Н.Дәўлетбаев 1954-жылы 10-октябрьде Қанлыкөл районының "Наўрыз" пухаралар жыйыны аймағында туўылған.

1972-жылы райондағы Н. Дәўқараев атындағы орта мектепти питкергеннен соң, 1978-жылы Нөкис мәмлекетлик университетиниң филология факультетиниң қарақалпақ тили хәм әдебияты бөлимине оқыўға кирип, оны 1983-жылы табыслы питкерип шығады.

Сол жылдан баслап №14 санлы орта мектепте муғаллим болып ислейди.

1985-жылы "Қарақалпақстан" баспасынан "Үмит", 2001-жылы "Ел тилеги", 2007 жылы "Билим" баспасынан "Атамакан" китаплары басылып шықты.

Н. Дәўлетбаев 2006-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Дəрибаев Мырзағалий

## 1909-1942

Мырзағалий Дəрибаев — шайыр, жазыўшы хəм драматург.

М.Дəрибаев 1909-жылы Қоңырат районында туўылған. Ол 1929-жылы педагогикалық курсты питкерип, өз аўылында муғаллим болып ислейди. 1935-жылы Ташкенттеги Орта Азия аўыл хожалық мектебин питкереди, соң "Қызыл Қарақалпақстан" газетасында мəденият бөлимин басқарады, бир қанша жыллар даўамында "Қызыл Қарақалпақстан" газетасында, Жазыўшылар аўқамында жуўаплы хаткер хызметин атқарады хəм усы газетаның партия турмысы бөлиминиң баслығы болып ислейди. Жазыўшы 1942-жылы самолёт апатынан мезгилсиз қайтыс болды.

Жазыўшының дəслепки шығармалары 30-жыллардың басында жəрияланды. Оның "Қосықлар" (1930), "Жеңиўшилер" (1940), "Гүреске"(1942) деген топламлары басылып шықты. Соңғы жыллары жазыўшының "Қосықлар хəм поэмалар" (1954), "Шығармалары"(1958),"Таңламалы шығармалары" (1963), "Қəлбийке" (1984) деген топламлары жəрияланды.

М.Дəрибаевтың драматург сыпатында "Көклен батыр" (1936), Əрман" (1940),"Ғəрип-Ашық"(1939), "Жаңа адамлар" (1939) атлы пьесалары бар. Оның проза тараўында "Мыңлардың бири" (Қарақалпақстан əдебияты хəм искусствосы". 1940, N1-6) деген повести қарақалпақ прозасының қəлиплесиўинде айрықша əхмийетке ийе. Жазыўшының гейпара шығармалары рус, өзбек, қазақ хам тағы басқа тиллерге аўдарылған.

М. Дəрибаев Пушкин, Лермонтов, Некрасов, Шевченко, Байрон, Франко, Тоқтағул, Жамбыл шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарыўға қатнасқан шайыр.

М.Дəрибаев 1936-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Дилмуратов Жолдасбай

## 1928-2000

Жолдасбай Дилмуратов 1928-жылы 5-майда Шымбай районында туўылған. 1950-жылы педагогикалық институтты сырттан оқып тамамлайды.

Ж. Дилмуратов Шымбай районындағы А.С. Пушкин атындағы сегиз жыллық мектепте муғаллим хәм директор болып ислейди. 1952-жылдан баслап “Совет Қарақалпақстаны” газетасында әдебий хызметкер, соңынан телерадио комитетинде аға редактор лаўазымларында ислейди.

Оның дәслепки қосықлары 1948-жылы жәрияланды. Ҳәзирге шекем оның “Жаслық йошы” (1954), “Қараман” (1961), “Жүрек алғысы” (1966), “Нәўбәхәр” (1973), “Гүллер ашылғанда” (1976), “Заман заўқы” (1983), “Сен мениң илҳамымсаң” (1988) сыяқлы топламлары баспадан шықты.

1992-жылы оның “Таңламалы шығармаларының бир томлығы” басылды.

Ж. Дилмуратовтың балаларға арналған қосықлары, поэмалары ҳәзирги поэзияда белгили орын тутады, булардың қатарында шайырдың “Өмир гүли” (1958), “Артекте” (1969), “Кийиклер” (1976), “Жолбарыстың тәғдири” (1980) ҳәм басқа да топламларын атап өтиўге болады. Шайырдың айырым шығармалары өзбек, қырғыз тиллеринде жәрияланған.

Ж. Дилмуратов Қарақалпақстан ҳәм Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген мәдeнияt хызметкери. Ол Өзбекстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланған.

Ж. Дилмуратов 1955-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Досанов Қармыс

## 1922-1990

Қармыс Досанов – шайыр ҳәм жазыўшы.

Қ. Досанов 1922-жылы 15- майда Хожели қаласында туўылған. Усы қаладағы мектеп-интернатта оқыйды ҳәм тәрбияланады. 1940-жылы Төрткүлдеги педтехникумды питкерип "Қарақалпақстан әдебияты ҳәм искусствосы" журналында ислейди. Ол екинши жәҳән урысы қатнасыўшысы.

Урыстан қайтқан соң районлық, областьлық Жаслар комитетинде, "Жас Ленинши" газетасында жумыс иследи. Ташкенттеги партия мектебин питкереди (1950-1953). Москвадағы жоқары әдебий курста оқыйды. 1957-58- жыллары "Қарақалпақстан" баспасында көркем әдебият бөлимин басқарады, 1958-63-жыллары Жазыўшылар аўқамында жуўаплы хаткер болды. 1964-жылдан өмиринин ақырына шекем республикалық телевидение ҳәм радио еситтириў комитетинде иследи.

Қ. Досановтын "Қызыл байрақ" (1952), "Шайыр ҳаўазы" (1954), "Таң самаллары" (1959), "Қәдирли гүлзар" (1968), "Саҳра шәшмелери"(1983), "Первая тропинка" (1957) жыйнақлары сондай-ақ өзбек, тәжик тиллеринде топламлары басылды.

Онын "Азаматлар", "Қамыслықтағы саўаш", "Шамурат ата", "Әмиў ағысы", "Биринши салют", "43-жылдын жазы еди" «Разведчик» деген повесть ҳәм романлары басылған. "Арал ҳаўазы" пьесасы театр сахнасында қойылды.

Қ. Досановтың "Қамыслықтағы саўаш", "Шамурат ата"повестьлери рус тилинде басылған. Ол жаўынгерлик орден ҳәм медальлар менен сыйлықланған.

Қ. Досанов 1955-жылдан Жазыўшылар аўқамынын ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Ембергенов Өмирбай

## 1942

Өмирбай Ембергенов — жазыўшы.

Ө. Ембергенов 1942-жылы 24-декабрде Қоңырат районының 9-аўылында туўылған.

1960-жылы Нөкис аўыл хожалық техникумын, 1973-жылы Ташкент қаласындағы Республика рус тили ҳәм әдебияты институтын питкерген.

1973-жылдан ҳәзирги күнге шекем Қоңырат қаласындағы №53 санлы мектепте рус тили ҳәм әдебияты пәнинен муғаллим болып ислеп атыр.

Оның "Ертеңги күн" (1987), "Наўрыздың ақша қары" (1990), повесть ҳәм гүрриңлер жыйнағы "Ышқы - муҳаббат саўдасы", "Тәўипшилик сырлары" (1991) атлы ҳәр қыйлы дәреклерден жыйнаған топламлары, "Жыққын" (1995), "Бирликли Қоңырат еллерим барды" (2002) китаплары басылып шықты.

2007-жылы "Қарақалпақфильм" киностудиясы тәрепинен түсирилген "Ҳәким - Ата" кинофильминиң сценарийин жазған.

Ж. Шамуратов пенен биргеликте жазған "Қоңырат", "Ҳәким-Ата" китабы ҳәм өзиниң "Туйғылар оянғанда" атлы қосықлар топламы жарық көрди.

Ол "Мийнет ветераны", "Уллы Жеңистиң 20 жыллығы" медаллары ҳәм "Өзбекстан халық билимлендириў ағласы" көкирек нышаны менен сыйлықланған.

Ө.Ембергенов 1999-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Ембергенов Сағындық

## 1952

Сағындық Ембергенов — шайыр хәм журналист.

С. Ембергенов 1952-жылы 27-декабрьде Кегейли районының "Халқабад" аймағында туўылған.

1961-жылы мектепти питкергеннен соң, Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институттың филология факультетиниң қарақалпақ тили хәм әдебияты бөлимин тамамлаған.

Хызмет жолын Қарақалпақстан телевидениесинде редактор болып жумыс ислеўден баслаған.

1989-1994-жыллары "Жеткиншек", "Еркин Қарақалпақстан", "Қарақалпақстан жаслары" газеталарында жуўаплы хаткер хәм редактордың орынбасары болып ислесе, 1994-жылдан Қарақалпақстан телевидениесинде бас редактор ўазыйпасында ислеп атыр.

"Излеймен" (1984), "Әпенде бала" (1986), "Бир атаның уллары" (1988), "Атамның айтқанлары" (2003) атлы қосықлар топламлары өз алдына китап болып шықты.

Сондай-ақ Қарақалпақстан киностудиясында "Қара лалалар" (Черные тюльпаны) атлы хужжетли фильми хәм Қарақалпақстан телевидениесинде 2004-жылы еки сериалы "Өрмекши" видеофильми, 2009-жылы "Аўылдан көшпейтуғын болдық" атлы видеофильмлери тамашагөйлер тәрепинен жақсы күтип алынды.

С.Ембергенов 2006-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Евгений Емельянов

## 1937-1983

Евгений Емельянов — шайыр хәм жазыўшы.

Ол 1937-жылы 12-февральда Тамбов қаласында туўылған.

1956-жылы Ташкент қурылыс техникумын питкереди, соң районлық хәм қалалық газеталардың редакцияларында ислейди.

1959-1970 жыллары "Хорезм ҳақыйқаты" газетасында, ал 1973-жылы "Советская Каракалпакия" газетасына келип орналасады. Ол газетада жуўаплы хаткердиң орынбасары болып иследи.

· Оның биринши шығармалары 60-жыллардың орталарында жәриялана баслады.

Е. Емельяновтың "Дина түс көрди" (1974), "Жоллар шақырады" (1975), "Естелик" (1977), "Жаздың соңғы күнлери" (1981) атлы топламлары басылып шықты.

Е.Емельяновтың "Ёш Гвардия" баспасында "Екинши гезек" китабы 1979-жылы жарық көрди. Оның "Василка", "Павелге жол" (1982) роман хәм повестьлери "Қарақалпақстан" баспасынан шықты.

Жазыўшының бирқатар шығармалары қарақалпақ тилинде де басылған.Е. Емельянов рус тилине Әжинияз, М. Дәрибаев, Т. Сейтжанов, Т. Қабулов, С. Салиевтың шығармаларын аўдарды.

Ол Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланған.

Е.Емельянов 1979-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Ерманов Қарабай

## 1903-1977

Қарабай Ерманов — жазыўшы.

Қ. Ерманов 1903-жылы Қоңыратта туўылған. Ескише саўат ашқан ол дәслеп Хийўа қаласында, соңынан Москвадағы Шығыс халықлары университетинде оқып билим алады, 30-жыллары билимлендириў тараўында ҳәм нызам органларында хызмет иследи, бир қанша жыллар даўамында Республикалық китапханада жумыс аткарды, 1961-72-жыллары Н. Дәўқараев атындағы Тарийх, тил ҳәм әдебият институтында илимий хызметкер болады.

Жазыўшының дәслепки шығармалары 20-жыллардың ақырында жәриялана баслады, соңынан оның "Қарақалпақ қызы" (1931), "Жақтылық" (1932), "Өткен ўақларда" (1933) деген пьесалары ҳәм прозалық шығармалары басылды.

Қ. Ермановтың биринши қосықлар топламы 1934-жылы Москвада қарақалпақ тилинде басылды, соңғы жыллары оның "Мақтаныш" (1977), "Бултлы күнниң қуяшы" (1993) деген китаплары басылып шықты.

Қ. Ерманов 30-жыллары проза тараўында "Айжамал", "Балықшылар", "Өткен ўақларда" сыяқлы повесть ҳәм тарийхый шежире сыпатындағы шығармаларын дөретти ҳәм жәриялады.

Жазыўшы соңғы ўақытлары "Балықшылар" пьесасын, "Өткен күнлер", "Ояныў", "Шымбай" романларын жазды.

Жазыўшы "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәдений хызметкери" ҳүрметли атағына ийе болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Ерназаров Бекназар

## 1954

Бекназар Ерназаров — жазыўшы ҳәм журналист.

Б. Ерназаров 1954- жылы 11-августта Тахтакөпир районында туўылған.

1977-жылы Нөкис мәмлекетлик университетин питкерген.

Мийнет жолын "Қарақалпақстан жаслары" газетасының хабаршысы болып ислеўден баслайды.

Соңынан Қарақалпақстан Республикасы телерадио компаниясы редакторы, "Жеткиншек" газетасының бөлим баслығы, "Ғумша" журналының бас редакторы, "Қарақалпақстан" баспасы бас редакторының орынбасары, "Қарақалпақстан мәденияты" газетасының бас редакторы, Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамы баслығының орынбасары, "Жазыўшы" қорының директоры болып иследи.

«Кәсиплик билимлендириў» газетасының бас редакторы ҳәм қатар газета журналлардың шөлкемлестириўшиси.

Биринши дөретпеси 1972-жылы "Жас Ленинши" газетасында жәрияланды.

Б. Ерназаровтың "Ақ қус" (1992), "Министрдиң шоферы" (1994),"Мың қыздың ашығы"(1995),"Шек"(1997) прозалық китаплары "Қарақалпақстан" баспасында басылып шықты.

Ол 1989-жылдан журналистлер аўқамының, 2001-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Ерназаров Көбейсин

## 1944

Көбейсин Ерназаров — шайыр ҳәм жазыўшы.

К. Ерназаров 1944-жылы 5-февральда Қоңырат районында туўылған. Ол 1962-1967-жыллары Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының тарийх, қарақалпақ тили ҳәм әдебияты факультетин тамамлады.

1967-1985-жыллары Республикалық үлкетаныў музейинде, Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақстан бөлиминиң Н. Дәўқараев атындағы Тил ҳәм әдебият институтында илимий хызметкер, "Қарақалпақстан" баспасында редактор болып ислейди.Оның қосықлары ҳәм гүрриңлери студентлик жылларда "Совет муғаллими", "Жеткиншек" газеталарында жәрияланды.

Сондай-ақ, "Босаға" (1985), "Музалар дүньясы" (1988), "Жақсылық ҳәм жаманлық ҳаққында ертек" (1990), "Кешки саат алтыдан кейин" (1992), "Сақал" (1994), "Еситпеген елде көп" (1996), "Адақ қаласын излеп" (1997) атамасындағы поэзиялық ҳәм прозалық топламлары баспадан шықты. Ол "Дағыстан шайырлары" (1983), "Планета ҳаўазы" (1987) топламларына кирген бир қатар шығармаларды, сондай-ақ түркмен шайыры А. Мәмбетовтың "Кеўилимниң шар айнасы" (1991) топламын қарақалпақ тилине аўдарған.

К. Ерназаров 1993-жылы Қарақалпақ фольклорының 20 томлығын жыйнаў ҳәм баспаға таярлаўға белсене қатнасқанлығы ушын Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы Мәмлекетлик сыйлықты алыўға миясар болды.

Ол 1999-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Ерниязов Қайбулла

## 1938

Қайбулла Ерниязов — жазыўшы ҳәм журналист.

Қ. Ерниязов 1938-жылы 21-майда Тахтакөпир районында туўылған.

Ол Ташкент мәмлекетлик университетиниң журналистика факультетин тамамлап,1961-64-жыллары "Совет Қарақалпақстаны" газетасында әдебий хызметкер, 1964-78-жыллары бөлим баслығы, 1978-79-жыллары "Агитатор блокноты" журналының жуўаплы хаткери, бир қанша жыллар даўамында "Қарақалпақстан" баспасында бас редактор, Қарақалпақстан баспа сөз Комитети баслығының орынбасары, ӨзТАГтын Қарақалпақстан бөлиминиң баслығы, "Еркин Қарақалпақстан" газетасында бас редактордың орынбасары лаўазымларында иследи.

Оның "Тәғдирим мениң - Арал" (1980) деген публицистикалар топламы шықты. "Айбат берген, ғайрат берген — Алатаў" (1992), "Барақ батыр..." ( Қ. Бегжанов пенен бирликте 1993), "Еркин Қарақалпақстан" газетасына 70 жыл" (1994) деген китаплары басылып шықты.

Ол аўдарма тараўында М. Шагинянның, Р. Мир-Хайдаровтың бир қатар повесть ҳәм романларын қарақалпақ тилинде бастырып шығарды.

Қ. Ерниязов "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәдeният хызметкери" ҳүрметли атағына ийе. Ол Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президумларының Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланған.

Ол 1983-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.


www.ziyouz.com kutubxonasi

# Есемуратов Генжемурат

## 1932-2007

Генжемурат Есемуратов — әдебий сыншы ҳәм шайыр.

Г. Есемуратов 1932-жылы 3-майда Қанлыкөл районында туўылған. Ол 1950-жылы Хожелидеги педучилищени, 1954-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик techинститутын питкергеннен соң "Әмиўдәрья" журналында жуўаплы хаткер (1955-56), Областьлық партия комитетинде инструктор болып ислейди (1957-58), Өзбекстан Илимлер Академиясында аспирантураның теориялық курсынан өтеди (1958-61). Соң Н. Дәўқараев атындағы Тарийх, тил ҳәм әдебият институтында бөлим баслығы (1962-63), Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутында оқытыўшы, кафедра баслығы (1963-65), Н. Дәўқараев атындағы Тарийх, тил ҳәм әдебият институтында сектор баслығы (1965-69), "Әмиўдәрья" журналында бас редактордың орынбасары (1979-81), Нөкис мәмлекетлик университетинде аға оқытыўшы (1983-91), 1991-жылдан Әжинияз атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутында аға оқытыўшы болып иследи. 1962-жылы "Уллы Ўатандарлық урыстан кейинги қарақалпақ әдебиятында аўыл адамларының образы" темада кандидатлық диссертациясын жақлаған.

Шайыр ҳәм сыншының "Қосықлар дәптери" (1958), "Жулдызлар" (1970), "Кеўил тарлары"(1974),"Алақанымдағы сызықлар" (1984) деген қосықлар топламлары,"Уллы Ўатандарлық урыстан кейинги қарақалпақ әдебиятында аўыл адамларының образы" (1963), "Н. Дәўқараев" (1965), "И. Юсуповтың поэзиясы" (1976) илимий сын мийнетлери басылып шықты. Булардан тысқары "Қарақалпақ совет әдебияты тарийхының очерклери"(1968) көлемли мийнеттиң де авторларының бири.

Ол Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланған.

Г. Есемуратов 1957-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Есемуратова Гүлайша

## 1930

Гүлайша Есемуратова — жазыўшы.

Г. Есемуратова 1930-жылы 18- февральда Шымбай районында туўылған.

Ол 1951-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутын питкерип, сол жылдан баслап "Жас Ленинши" газетасында бөлим баслығы, 1957-60-жыллары "Жеткиншек" газетасында, "Әмиўдәрья" журналында бөлим баслығы, "Арал қызлары" журналының бас редакторы болып иследи.

Жазыўшының "Кесте" (1969), "Халмурат жүргиш" (1971), "Айдай қыз" (1980), "Қызым саған айтаман" (1981), "Жийрен" (1975), "Соңғы гүўалар" (1990), "Мың да бир кеширим" (1991), "Дүўдендеги дәптер" (1992), "Шығармалары I, II, томлығы" (1995-1997), "Бәри өмир ҳаққында" (III том) (2000), "Дәўирлер нәпеси" (IV том) (2009) деген повесть ҳәм гүрриңлер топламлары басылып шықты.

Ол Ф. М. Достоевский, Б. Майлин, Чайковский, Шестинскийлердиң бир қатар шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарған.

Г. Есемуратова "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәденият хызметкери" ҳүрметли атағына ийе.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланған, оған Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының сыйлығы берилген.

Г.Есемуратова 1972-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Ещанов Турсымурат

## 1946

Турсымурат Ещанов — балалар шайыры.

Т. Ещанов 1946-жылы 10-декабрьде Шымбай районында туўылған.

Ол Нөкистеги педагогикалық институттың филология факультетин тамамлаған. 1983-жылдан 2001- жылға шекем Нөкис районындағы №17 санлы мектепте муғаллим, директордың руўхый-ағартыўшылық ислери бойынша орынбасары болып ислеген.

Т. Ещановтың дәслепки қосығы 1970-жылы "Жеткиншек" газетасында басылған. Сол ўақыттан баслап оның қосықлары, гүррин, очерклери күнделикли баспа сөзде жәрияланып киятыр.

1996-жылы "Пайғазы", қосықлар топламы, 1997- жылы "Сақаўатлы инсан" очерки, балаларға арналған "Тайыншақ" китабы "Қарақалпақстан" баспасынан басылып шықты.

Т. Ещанов "Қарақалпақстан Республикасы халық билимлендириў ағласы", Журналистлер аўқамының ағзасы.

Т. Ещанов 1999-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Жаңабаева
# Нағыйма

# 1963

Нағыйма Жаңабаева — жазыўшы.

Н. Жаңабаева 1963-жылы 31-майда Шымбай районының ҳәзирги "Таза жол" аўылында туўылды.

1980-жылы Хожели қаласындағы №4 А. П. Чехов атындағы орта мектепти тамамлап, 1981-86-оқыў жылларында Нөкис мәмлекетлик университетиниң филология факультети қарақалпақ тили ҳәм әдебияты бөлимин питкереди.

Мийнет жолын 1987-2000-жыллары Шымбай районындағы 31-санлы мектепте қарақалпақ тили ҳәм әдебияты пәни муғаллими болып ислеўден баслайды.

2000-жылдан ҳәзирги күнге шекем Шымбай педагогикалық колледжинде қарақалпақ тили ҳәм әдебияты пәни муғаллими ҳәм кафедра баслығы болып ислеп атыр.

Оның биринши дөретпелери 1977-жылдан республикалық, районлық баспа сөзде шыға баслады.

1990- жылы "Ана мехри", 1993-жылы "Сәлем, муғаллим!", 1996-жылы "Қырық бес минут" атамасында китаплары басылып шықты.

Н. Жаңабаева 2005-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Жапақов Наўрыз

## 1914-1975

Наўрыз Жапақов — шайыр, алым ҳәм белгили жәмийетлик искер.

Н. Жапақов 1914-жылы Тахтакөпир районында туўылған. Ол 1930-жылы Коммуна мектебин питкерип, Кегейли районында муғаллим болып ислеген, 1931-42-жыллары дәслеп әдебий хызметкер, соңынан "Жас Ленинши" газетасының жуўаплы хаткери, "Жеткиншек" газетасының редакторы лаўазымын атқарды ҳәм "Қарақалпақстан әдебияты ҳәм искусствосы" журналында жуўаплы хаткер, "Қызыл Қарақалпақстан" газетасында бөлим баслығы болды.

Н. Жапақов 1942-жылдан баслап Областьлық Жаслар комитетиниң биринши хаткери (1942-43), Областьлық партия комитетиниң хаткери (1943-47), Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң баслығы (1947-52), 1952-55-жыллары Москвадағы Жоқарғы партия мектебинде оқыйды, 1955-жылы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президумының Баслығы болып сайланды, ал 1956-59-жыллары Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы болып иследи. Соңынан өмириниң ақырына шекем Н. Дәўқараев атындағы Тарийх, тил ҳәм әдебият институтында сектор баслығы лаўазымын атқарады.

Н. Жапақов 1961-жылы "А. Мусаевтың творчествосы" деген темада филология илимлериниң кандидаты, 1967-жылы "Қарақалпақ әдебиятында социалистлик реализмниң қәлиплесиў дәреклери" деген темада докторлық диссертацияларын жақлады.

Шайыр ҳәм алымның 1930-жыллардың орталарынан баслап қосықлары ҳәм мақалалары жәриялана баслады. Оның көркем дөретпелери "Күн" (1940), "Қуўанышлы



www.ziyouz.com kutubxonasi

күн" (1946), "Шайыр сөзи" (1949), "Бахыт" (1951), "Дослық дәстаны" (1960), "Уллы рус халқына" (1954) деген топламларына киргизилген. Оның көплеген шығармалары өзбек ҳәм рус тиллеринде топлам болып басылған.

Н. Жапақов әдебий мийрасларды жыйнаў ҳәм жазып алыўға белсене қатнасып, 30-жыллары "Қоблан" дәстанын жазып алды ҳәм бастырып шығарды. Ол қарақалпақ фольклорының жигирма томлығын бастырып шығарыўға жақыннан жәрдем бериў менен бирге оған басшылық етти.

Жазыўшы "Арал балықшылары" ( М. Мелькумов пенен бирликте) деп аталатуғын кинофильмниң сценарийин жазды.

Н. Жапақовтың "Аяпберген Мусаевтың творчествосы" (1964), "Реализм жолында" (1967), "Революцияға шекемги қарақалпақ әдебиятында реализм мәселеси" (1972), "Әдебиятымыз ҳаққында ойлар" (1974) деген илимий китаплары басылып шықты. Соңғы жыллары "Шығармаларының еки томлығы" (1978-80), "Наўрыз Жапақов" (1990) деген ат пенен бир қатар илимий мийнетлери ҳәм ол туўралы еске түсириўлер басылды.

Жазыўшы ҳәм алым, үлкен жәмийетлик искер мәмлекетлик орденлер ҳәм медальлар менен сыйлықланған.

Ол Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери (1964), Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери (1974) ҳүрметли атакларды, Қарақалпақстан Республикасының Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлығын (1992) алыўға миясар болды.

Н. Жапақов бир неше мәртебе Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң депутаты болып сайланды.

Н. Жапақов 1939-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Жийемуратов Түркменбай

## 1953

Түркменбай Жийемуратов—шайыр ҳәм педагог алым.

Т. Жийемуратов 1953-жылы Шымбай районында туўылған. 1970-жылы Шахаман аўылындағы орта мектепти тамамлағаннан соң 1980-жылы Ташкенттеги Өзбекстан Миллий Университетиниң физика факультетин питкерген.

Мийнет жолын 1980-жылы Нөкис қаласындағы 21-санлы орта мектепте муғаллим болып ислеўден баслаған. Соң директордың оқыў-тәрбия ислери бойынша орынбасары, мектеп директоры, Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Оқыў-методикалық орайының аға методисти, биринши категориялы қәниге-методисти (1990-94), 1994-жылдан бүгинги күнге шекем Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының "Педагогика"кафедрасында оқытыўшы болып ислеп атыр. Жумыстан қол үзбей "Қарақалпақстанда мектептен тысқары тәлим мәкемелериниң қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы" деген темада кандидатлық диссертациясын жақлады. Ҳәзирги күнде "Улыўма педагогика" кафедрасының доценти лаўазымында ислеп атыр.

Оның "Гөззаллық" (1993), "Ушыраттым бир гөззалды" (1995) атамасындағы поэзиялық топламлары басылып шықты. Бир қанша гүрриңлери республикалық газеталарда жарық көрди.Т. Жийемуратовтың "Физика терминлериниң түсиндирме сөзлиги" (1996) атлы илимий китабы, сондай-ақ жетпистен аслам илимий-педагогикалық, методикалық мақалалары баспасөзде жәрияланды.

Т. Жийемуратов 1997-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Жумамуратов Тилеўберген

## 1915-1990

Тилеўберген Жумамуратов — белгили халық шайыры.

Т. Жумамуратов 1915-жылы 27-декабрьде Мойнақ районының Ақдәрья аўылында туўылған.

1937-жылы муғаллимлер таярлайтуғын бир жыллық курсты питкерип, өз аўылында муғаллим болып ислейди. 1942-45-жыллары Мойнақ районлық газетасында редактор лаўазымында, 1945-49-жыллары районлық партия комитетинде иследи. 1948-жылы Ташкент мәмлекетлик университетин сырттан оқып питкерди. 1951-52-жыллары "Совет Қарақалпақстаны" газетасында, 1952-58-жыллары радиокомитетте, 1958-61-жыллары "Әмиўдәрья" журналында бөлим баслығы, "Қарақалпақстан" баспасында (1961-62), Жазыўшылар аўқамында жуўаплы хызметлерде (1963-81) жумыс иследи.

Т. Жумамуратовтың биринши қосығы 1937-жылы жарыққа шықты. Шайырдың "Жүрек мухаббаты" (1956), "Дослық"(1959), "Мениң заманласларым"(1963), «Кәраматлы тулға" (1975), "Толқында"(1970) топламларынан кейин "Таңламалы шығармалары"(1967),1978-82-жыллары Шығармаларының 2 томлығы, "Түрли өткеллер" (1983), "Дослық хаққында қосықлар"(1988), "Өмириңниң өзи философия" (2005) топламлары баспадан шықты. Шайырдың "Макарья сулыў" поэмасы 1973,1975-жыллары қарақалпақ тилинде басылды.

Шайырдың көплеген поэзиялық шығармалары, сондай-ақ "Макарья сулыў" поэмасы рус, өзбек тиллерине аўдарылды.

Т. Жумамуратовтың "Қызлар хәзили" (1976), "Тикленген туў" (1971) пьесалары театр сахнасында қойылған.

Шайыр "Толқында" топламы ушын Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлығы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ның лауреаты болды (1972). Ол туўысқан халықлар поэзиясынан Омар Хайям, Ә.Наўайы, Ғ.Тоқай, Муўса Жәлил, А.Пушкин шығармаларын аўдарыўға қатнасты.

Т. Жумамуратов "Қарақалпақстан халық шайыры" (1957), "Өзбекстан халық шайыры" (1969) ҳүрметли атақларына миясар болды. Қарақалпақ әдебияты тараўындағы мийнети ушын "Халықлар дослығы", "Ҳүрмет белгиси" орденлери, медальлары сондай-ақ Өзбекстан, Қарақалпақстан ҳәм Башқуртстан Республикалары Жоқарғы Кеңеслериниң Ҳүрмет жарықлары менен сыйлықланған.

Т. Жумамуратов 1957-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Жуманиязов Қалый

# 1924-2004

Қалый Жуманиязов — жазыўшы ҳәм журналист.

Қ.Жуманиязов 1924-жылы 10-майда Шымбай районындағы Тазажол аўылында туўылған. Ол 1941-45-жылға шекем екинши жәҳән урысы фронтларында болды, 1947-жылы әскерликтен қайтып келгеннен соң мектепте муғаллим болып иследи. 1950-жылы педагогикалық училищени сырттан оқып питкереди, 1955-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик techинститутын питкерип, "Совет Қарақалпақстаны" газетасына жумысқа келеди.

Қ. Жуманиязов бул жерде дәслеп әдебий хызметкер, соңынан бөлим баслығы, 1958-72- жыллары "Әмиўдәрья" журналының жуўаплы хаткери, 1972-77-жыллары "Совет Қарақалпақстаны" газетасының өз хабаршысы, кейинги жыллары "Әмиўдәрья" журналының проза бөлиминиң баслығы хызметлерин атқарады. Жазыўшының "Талпыныў" (1960), "Дәслепки ойлар" (1961), "Қосықлар" (1972), "Жырларым мениң" (1972) атлы қосықлар ҳәм поэмалар топламлары басылды.

Оның "Қызыл қум қоңыраўлары" (1969), "Қосбулақ қыссасы" (1974), "Дәслепки адым" (1980) деген очерк ҳәм гүррińлер топламлары, повестьлери ҳәм романы өз алдына китап болып басылды.

Қ. Жуманиязовтың бир неше шығармалары туўысқан халықлар тиллерине де аўдарылған.

Қ. Жуманиязов "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәденият хызметкери" Ҳүрметли атағына ийе, сондай-ақ ол "Қаҳарманлығы ушын" медалы, Қарақалпақстан Республикасының Жоқарғы Кеңесиниң ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланған.

Қ.Жуманиязов 1961-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Жумабаев Турғанбай

## 1947

Турғанбай Жумабаев — шайыр.

Т. Жумабаев 1947- жылы 13-апрельде Тахтакөпир районы, Қаракөл аўылында туўылған. 1969-жылы Нөкис мәмлекетлик techинститутының қарақалпақ тили ҳәм әдебияты факультетине кирип, оны 1973-жылы табыслы питкерип шығады. 1973-1975-жыллары Нөкис районындағы 35-санлы мектепте муғаллим болып ислейди. Соң "Целинник Каракалпакии" газетасында хабаршы (1975-76), "Еркин Қарақалпақстан" газетасында хабаршы (1982-83), «Қаракалпақфильм» киностудиясында редактор (1983-86), Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси жанындағы Баспа сөз мәмлекетлик сыр сақлаў басқармасы, "Билим" ҳәм "Қарақалпақстан" баспаларында редактор (1986-91), 1992-96-жылға шекем Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында деканның орынбасары, оқытыўшы болып иследи. Ол 2007-жылдан ҳүрметли дем алыста, дөретиўшилик жумыслар менен шуғылланып атыр.

Т. Жумабаевтың қосықлары менен мақалалары 1965-жылдан баслап шыға баслады. 1980-жылы "Ағыс", 1983-жылы "Келешек", 1987-жылы "Мезгил", 1991-жылы "Биринши сентябрь", 1994-жылы "Ҳәркимниң өз жолы", 2004-жылы "Бир данышпан жартас басында" қосықлар топламлары басылып шықты. 1992-жылы рус жазыўшысы С. Есенинниң "Мениң жолым" атлы қосық ҳәм поэмаларын қарақалпақ тилине аўдарды.

Ол 1995-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Жумағулов Сайлаўбай

## 1951

Сайлаўбай Жумағулов—юморист жазыўшы ҳәм драматург.

С.Жумағулов 1951-жылы 27-январьда Тахтакөпир районында туўылады. 1968-жылы Нөкис қаласындағы Бердақ атындағы орта мектепти тамамлайды.

Мийнет жолын Нөкис консерва заводында жай жумысшы болып ислеўден баслайды. 1970-1972-жыллары әскерий хызметте болады. 1976-1980-жыллары Т. Шевченко атындағы Нөкис мәмлекетлик университетиниң қарақалпақ тили ҳәм әдебияты факультетин сырттан оқып питкереди.

С. Жумағулов өзиниң дөретиўшилик ислерин мектепте "Жеткиншек" газетасына "Кишкенелер сөйлейди" деген ат пенен қысқа юморлар жазыўдан баслайды. Соң "Целинник Каракалпакии", "Жеткиншек", "Еркин Қарақалпақстан" газеталарында, "Әмиўдәрья", "Арал қызлары" журналларында жуўаплы орынларда хызмет етеди. Ҳәзирги ўақытта Қарақалпақстан Республикасы Телерадиокомпаниясында редакторлық лаўазымында ислеп киятыр.

С. Жумағулов "Сырым да усы, шыным да ..." (1984), "Туфлийдиң нәли" (1990), "Балалығымнан бир елес" (1991), "Қырық жылдан соңғы бир күн" (1992), "Мениң ҳаялым жазыўшы" (1992), "Билеттиң жартысы кимде?", (1995), "Адамлар қалай бузылған?" (1997) атлы юморлық повесть ҳәм гүрриңлер топламларының авторы.

"Текин тарвуз" атлы өзбек тилиндеги китабы (М.Нызанов пенен биргеликте) Ташкент қаласында басылып шықты.

С. Жумағуловтың драматургия жанрында "Күйеўинди берип тур", "Экстрасенс", "Бултлы күнлер", "Ғарры қыз-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дың бахты", "Сабыр түби, сары алтын", "Ана кәбирин излеген жигит", "Қара шаян", "Өтирик жинли" атлы пьесалары Қарақалпакстан, Өзбекстан, Түркменистан ҳәм Қырғызстан театрларында қойылып келмекте. "Экстрасенс" пьесасы ушын Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының сыйлығының лауреаты болды.

Ол 1993-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Жуманазарова Минайхан

## 1957

Минайхан Жуманазарова — шайыр.

М. Жуманазарова 1957-жылы Кегейли районының "Еркиндәрья" аймағында туўылған.

1974-жылы 19-санлы орта мектепти питкереди.

1987-жылы Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң филология факультетин тамамлаған. Баспа сөзде қосықлары 1972-жылдан баслап шыға баслаған.

Оның 1983-жылы "Жаслар хаўазы" альманахында, соңынан 1986-жылы "Қус жолы" жаслар топламында қосықлары жәрияланды.

1992-жылы "Елим деп еңиремесең", 1993-жылы "Жүрегимде бир дәрт бар", 1997-жылы "Әлўидаға айтпайман, муҳаббат", 2003-жылы "Еле мен" таңламалы қосықлар топламы, 2001-жылы Ташкент қаласының "Шолпан" баспасынан өзбек тилинде "Қәлбиңизде қалғым келеди" қосықлар топламлары басылып шықты.

Түркияда шыққан "Қарақалпақ әдебияты антологиясы" китабында қосықлары түрк тилинде жәрияланды.

Ол Қарақалпақстан радиоканалында бөлим баслық болып жумыс иследи.

М. Жуманазарова 1993-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Зайтова Гүлжахан

## 1961

Гүлжахан Зайтова — жазыўшы ҳәм журналист.

Г. Зайтова 1961-жылы 24-январьда Шымбай районының "Кеңес" аўылында туўылған.

1978-жылы орта мектепти тамамлап, Ташкенттеги Шет тиллер университетине оқыўға түседи ҳәм оны 1983-жылы табыслы питкерип шығады.

Мийнет жолын 1983-жылы Шымбай районы халық билимлендириў бөлиминде методист болып ислеўден баслайды.

Соңынан №3 мектепте директордың тәрбия жумыслары бойынша орынбасары, "Шымбай ҳаўазы" газетасының хабаршысы, Өзбекстан ғалаба хабар қуралларын демократияластырыў ҳәм қоллап-қуўатлаў бөлиминиң референти, "Ғәзийне" газетасының жуўаплы хаткери, "Шыпакер" газетасы редакторының орынбасары болып ислейди.

Ҳәзирги ўақытта "Шыпакер" газетасының бас редакторы лаўазымында ислеп атыр.

2000-жылы "Әрманлы дүнья" атлы китабы жарық көрди.

2005-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Зияўов Сағын

## 1941-2007

Сағын Зияўов — шайыр ҳәм журналист.

С.Зияўов 1941-жылы Мойнақ районының "Ақ дәрья" аўылында туўылды. 1962-1968-жыллары Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының қарақалпақ тили ҳәм әдебияты факультетинде оқыды.

Мийнет жолын 1959-1965-жыллар аралығында Мойнақ ПМК сында экскаватор машинисти, экскаваторшылар бригадири болып ислеўден баслаған. 1965-1966-жыллары райондағы мектеплерде муғаллим, 1966-1971-жылларда районлық "Арал балықшысы" газетасында бөлим баслығы, редактор, 1978-1985-жыллары газетаның жуўаплы редакторы болды.

Соңынан өмириниң ақырына шекем Қарақалпақстан телерадиокомпаниясының Мойнақ районы бойынша өз хабаршысы болып исследи.

Оның "Мениң әкем балықшы" (1970), "Тербелер толқын" (1973), "Теңизде" (1977), "Шағала" (1984), "Арал азаматы" (1988), "Айдын" (1992), "Аралымнан айырма" (1996) поэзиялық китаплары, 1980-жылы өзбек тилинде "Туккиз тургай" атамасында (1980) бирликтеги әдебий альманахта қосықлары, 2002-жылы "Аралды жағалаған қара бала" ҳүжжетли повести баспадан шықты.

Ол бир неше мәрте Мойнақ районлық кеңесине депутат болып сайланды. Оған "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәдeният хызметкери" ҳүрмет́ли атағы берилди.

С.Зияўов 1995-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Ибрагимов Сағынбай

## 1956

Сағынбай Ибрагимов — шайыр.

С.Ибрагимов 1956-жылы 1-сентябрьде Қоңырат районында туўылған. Ол усы районнын ҳәзирги Киндикөзек аўылында орта мектепти тамамлағаннан соң,өзиниң мийнет жолын 1973-жылы Мойнақ районында "Арал балықшысы" газетасында корректор болып ислеўден баслаған. 1974-76-жыллары әскерий хызметте болады. 1982-жылы Москвадағы А.М. Горький атындағы әдебият институтының проза бойынша семинарын питкергеннен кейин Қарақалпақстан киностудиясында, телевидение ҳәм радио еситтириўлери комитетинде, "Билим" жәмийетинде "Қарақалпақстан" баспасында иследи.

С.Ибрагимов Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының мәсләҳәтшиси, соң жуўаплы хаткери, баслықтың орынбасары (1986-91), "Әмиўдәрья» журналының бас редакторы (1991-1994 ) лаўазымларын атқарды. 1994-2000-жыллары Республикалық руўхый ағартыўшылық орайының мәсләҳәтшиси ҳәм баслықтың орынбасары болып иследи. 2000-жылдан "Шегарасыз шыпакерлер" халықаралық қайырхомлық шөлкеминде хызмет атқарады.

Онын "Бесинши мәўсим" (1986), "Жер менен аспаннын аралығында" (1990) атлы қосықлар топламлары жарық көрди. Буннан соңғы жыллары бир қатар қосықлар дүркинлери ҳәм мәдений мәселелер бойынша мақалалары күнделикли баспасөзде жәрияланды. Ол Саадийдиң "Гүлистан" дәстанын, Низамий, Мақтумқулынын қосықларын рус, инглис ҳәм парсы тиллеринен бир қатар шығармаларды қарақалпақ тилине аўдарды. Ол Қарақалпақстан Республикасы Жаслар сыйлығының лауреаты.

С.Ибрагимов 1988-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Избасқанов Жийенбай

## 1949

Жийенбай Избасқанов – шайыр.

Ж.Избасқанов 1949-жылы 12-июньде Шоманай районында туўылған. Ол 1972-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутын питкерип, туўылған районында муғаллим, соңынан Қарақалпакстан телевидениеси хәм радио еситтириў комитетинде редактор (1973-1982), "Жеткиншек" газетасында бөлим баслығы (1982-85), Жазыўшылар Аўқамының жуўаплы хаткери (1985-89), Қарақалпақстан Республикасы Баспа сөз комитети баслығының орынбасары (1990-95), "Қарақалпақстан" баспасында бас редактор (1995-2010) болып иследи.

Шайырдың "Тулпар ҳаққында баллада" (1975), "Жаз өткенде" (1979), "Лирика дәптеринен" (1982), "Балалықтың несин айтасаң" (1984), "Өмирге куштарлық" (1987), "Муҳаббаттың алмаз қырлары" (1990), "Муҳаббат лирикасы" (1992), "Таңламалы шығармалары" (1993), «Жолларым узақ» (1995) поэзиялық китаплары жарыққа шықты. Оның өзбек тилинде "Шабандоз" (1987), рус тилинде "Жду тебя" деген топламлары жәрияланды. Ол бир қанша классиклердиң шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарды.

Ж.Избасқанов Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң "Ҳүрмет жарлығы" менен сыйлықланған. 2000-жылы "Сайланды шығармалары"ның 1-томлығы ушын Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлығы, 2005-жылы "Қарақалпақстан халық шайыры" ҳүрметли атағы берилди.

Ол 1982-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Исмайлов Бабаш

## 1926-1985

Бабаш Исмайлов — шайыр, дилмаш, сыншы ҳәм әдебият изертлеўшиси.

Б.Исмайлов 1926-жылы 12-июньде Әмиўдәрья районында туўылған. 1942-жылы орта мектепти питкерип, мектепте муғаллим болып ислейди. 1948-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтын тамамлайды ҳәм усы институтта оқытыўшы болып қалады. 1951-53- жыллары областьлық партия комитетинде инструктор , "Жас Ленинши" газетасында редактор (1953-1956), Өзбекстан Республикасы Экономика ҳәм мәдений комплексли институтында илимий хызметкер болды.

1958-1961-жыллары "Қарақалпақстан" баспасында бас редактор, Қарақалпақстан мәмлекетлик телевидение ҳәм радио еситтириў комитетинин баслығы (1961-1963), 1963 – жылдан өмиринин ақырына шекем Областьлық партия комитетинде идеология бөлиминин баслығы болып иследи.

1965-жылы "Күнхожанын өмири ҳәм творчествосы" деген темада кандидатлық диссертациясын жақлады.

Б.Исмайловтын "Жеңис сааты " қосығы 1943-жылы "Қызыл Қарақалпақстан" газетасында басылды. Шайырдың "Гүллен, Республикам"(1954) "Гейбиреўди аш бүйирден" (1959), "Ҳәркимнин өз сыбағасы"(1977), "Жыллар ҳәм айлар" (1976), "Оқыўшыларға естелик" (1978). «Таңламалы шығармалары» басылған. Онын 1972-жылы "Лирика ҳәм сатира " деген топламы рус тилинде жәрияланды.

Б.Исмайлов А.Т. Твардовский, Ғ.Ғулам, М.Турсынзада, К.Яшен, И.Юзеев, Ҳамза Ниязий, М.Рыльский, Ғ.Тоқай, С.Олейник тағы басқа белгили жазыўшылардың шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарған.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Әдебият изертлеўшиси сыпатында Б.Исмайлов "Кунхожаның өмири ҳәм творчествосы" (1961) деген монографиясын бастырып шығарды. Ол 8-10-класслар ушын биринширлерден болып оқыў бағдарламасын дүзди ҳәм оларға арнап сабақлықлар жазды,алымның таярлаўы менен Күнхожаның, Әжинияздың топламлары басылып шықты.

Б.Исмайлов Қарақалпақстан Республикасына мийнети синген мәденият хызметкери (1968), Өзбекстан Республикасына мийнети синген мәденият хызметкери (1969) ҳүрметли атағына ийе еди, ол мәмлекетлик орденлер ҳәм бир неше мәртебе Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланған.

Шайыр "Жыллар ҳәм айлар" деген китабы ушын Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлығының лауреаты (1976) болды. Шайыр ҳәм алым, жәмийетлик искер Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине бес рет депутат болып сайланды.

Ол 1953-жылыдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Исмайлов Сәдирбай

## 1956

Сәдирбай Исмайлов — фантаст жазыўшы.

С.Исмайлов 1956-жылы 13-июньда Қараөзек районының Қараөзек хожалығында туўылған.

Ол 1972-жылы орта мектепти питкерип,районлық газетада жумыс ислейди.1972-82 жыллары "Жеткиншек" газетасында әдебий хызметкер,1982-84-жыллары Қараөзек районлық "Мийнет байрағы" газетасында бөлим баслығы ,1984-90-жыллары "Жас Ленинши " газетасында әдебий хызметкер, 1990-92 – жыллары "Әмиўдәрья" журналында проза·бөлиминиң редакторы болып иследи.

Ол Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамында жуўаплы хаткери лаўазымын атқарды.

Жазыўшының "Парахатшылық мәңгилик" (1986), "Жүрек галактикасы"(1991) деген фантастикалық гүрриң, повесть хәм романлар китабы басылып шықты.

Ол 1986-жылы Ташкентте өткерилген Өзбекстан жас жазыўшылар семинар –кеңесиниң хәм Латвия республикасында өткерилген жас фантаст жазыўшылардың пүткил аўқамлық семинар кеңесиниң қатнасыўшысы болды.

С.Исмайлов 1991-жылы Қарақалпақстан Жаслар сыйлығының лауреаты, 1993-жылы Қарақалпақстан Республикасы Жоқары Кеңесиниң "Ҳүрмет жарлығы"менен сыйлықланған.

С.Исмайлов 1992-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Ишманова Зубайда

## 1949

Зубайда Ишманова—шайыр ҳәм жазыўшы.

З. Ишманова 1949-жылы Төрткүл қаласында туўылған. Ломоносов атындағы мектепти питкергеннен соң, ТашМУниң журналистика факультетине оқыўға кирип 1974-жылы питкерип шығады.

Мийнет жолын "Қарақалпақстан" баспасында киши редактор болып ислеўден баслаған, соңынан "Балалар ҳәм жас өспиримлер", "Көркем әдебият"лар бөлиминиң баслығы болып ислейди.

Оның "Жаслығым сени жырлайман", "Гүлдәсте", "Нийет", "Аспанда не бар", "Не мазалы", "Үйректиң уясы", "Ким сындырды", "Алтын ғәзийне", "Улбосынның ақ тутлары" поэзиялық ҳәм прозалық китаплары басылып шықты.

З. Ишманованың қосықлары өзбек, орыс, татар, башқурт, қазақ, түркмен тиллерине де аўдарылған. Өзбек шайырлары Зульфияның, Ө. Хашимовтың, А. Пардаевтың, Ҳ. Ҳудайбердиеваның қосықлары ҳәм гүрриңлерин қарақалпақ тилине аўдарған. Дүнья жүзилик әдебиятлардан Даниэл Дефоның "Робинзон Крузо"ны қарақалпақ тилине аўдарған.

Ол 1993-жылы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң "Ҳүрмет жарлығы", 1997-жылы "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәдeният хызметкери" ҳүрметли атағының, 2002-жылы "Шухрат" медалының ийеси болды. 1999-жылы Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының сыйлығын алды.

З. Ишманова 1998-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Камалов Қонысбай

## 1939-2001

Қонысбай Камалов — әдебиятшы алым ҳәм сыншы.

Қ.Камалов 1939-жылы 5-декабрьде Шымбай районындағы Тазажол аўылында туўылған.

Ол 1965-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутын тамамлағаннан кейин сол жерде оқытыўшы болып қалады. Соң Москва мәмлекетлик университетиниң аспирантурасының теориялық курсынан өтеди (1968-71), "Әмиўдәрья" журналында жуўаплы хаткер, бас редактордың орынбасары болып исленди (1971-79). 1979-жылдан баслап Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң оқытыўшысы, доценти, Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик пединститутының қарақалпақ филологиясы факультетиниң деканы болып иследи.

Қ.Камалов 1975-жылы "Қарақалпақ повести" (жанрдың эволюциясы) деген темада кандидатлық, 1989-жылы "Қарақалпақ әдебиятында көркем методтың эволюциясы" деген темада докторлық диссертациясын жақлаған. Оған профессор илимий атағы берилген. Әдебиятшы алым ҳәм сыншының "Қарақалпақ повести" (1978), "Кәрўан басы" (1979), "Қарақалпақ әдебиятының көркем методы" (1982), "Қарақалпақ әдебиятында көркем методтың эволюциясы"(1989), деген илимий мийнетлери ҳәм "Маржангүл" (1972) атлы гүрриң ҳәм повестьлер топламы басылып шықты. Соның менен бирге ол "Қарақалпақ совет әдебияты"(1984) деген жоқары оқыў орнына арналған сабақлық авторларының бири. Қ.Камалов М.Горький, Э.Хэменгуэй, Г.Маркестиң бир қатар шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарды.

Қ.Камалов "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәденият хызметкери", "Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген халық билимлендириў хызметкери" Ҳүрметли атақларына ийе. Ол Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң хүрмет жарлығы менен сыйлықланған.

Қ.Камалов 1976-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Каримов Кеңесбай

## 1948

Кеңесбай Каримов — шайыр.

К. Каримов 1948-жылы 27-августта Шымбай районындағы Шымбай хожалығында туўылған.

Ол орта мектепти питкерип "Совет Қарақалпақстаны" газетасында хабаршы (1967-68), әскерий хызметте (1968-70) болады. 1975-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутын тамамлап, "Жас Ленинши" газетасында (1976-83), "Қарақалпақстан" баспасында, телевидение ҳәм радио еситтириў комитетинде, "Әмиўдәрья" журналында, Қарақалпақстан мәмлекетлик телерадио компаниясында жуўаплы хызметлерде ислейди. Соңынан "Еркин Қарақалпақстан" ҳәм "Вести Каракалпакстана" газетасының Бас редакторы болып иследи. 2011-жылдан Қарақалпақстан Республикасы Жазыўшылар Аўқамының баслығы лаўазымында ислеп атыр.

Шайырдың дәслепки қосықлары 60-жыллардың орталарында жәрияланды. Оның "Аралықлар" (1980), "Ўақыт минарасы" (1982), "Умытылған ярым ай" (1984), "Мениң терезелерим" (1985), "Аралдан келдим" (1985), "Көңлим мүлки" (2005) деген поэзиялық топламлары басылып шықты. К. Каримовтың балаларға арналған "Алтын теңге", "Арық мерген" пьесалары жас тамашагөйлер театрының сахнасында қойылды.

Ол А.С. Пушкинниң, А. Блоктың, Саадийдиң шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарды.

К. Каримов Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланған. «Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген журналист», Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң депутаты.

К. Каримов 1983-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Керимов Дәўлетмурат 1963

Дәўлетмурат Керимов 1963-жылы 22-апрельде Төрткүл районы А. Адакаев фермер хожалығында туўылды. 1970-1980-жыллары орта мектепти питкергеннен соң, 1981-1986-жылларда Ташкент Суў ҳәм аўылхожалығын механизацияластырыў институтында оқыйды. Мийнет жолын 1986-жылы трестюг, "ККВС" ға қараслы ПМК-30 да бөлим механиги болып ислеўден баслайды. 1990-1996-жылларда усы трестке қараслы УПТК-4 те директордың орынбасары, 1997-2003-жылларда "Бостан" фермер хожалығы баслығы, 2003-жылдан баслап Төрткүл районы Қорғаныў ислери бөлиминде иследи.

Д. Керимов аўдарма менен шуғылланады. Оның аўдармасында ҳәм авторлығында "Хадис" (1991), "Муҳаммед Пайғамбар" (1992), "Ийса Пайғамбар" (1993), "Муўса Пайғамбар" (1994), "Будда" (1994), "Қуръани-карим" (1995), "Гизлин дурдоналар" (1997), "Мажлислар дурдонаси" (1999), "Қурани-кәрим" (екинши мәрте, 2000), "Қурани-кәрим" (үшинши мәрте, 2002) китаплары баспадан шығарылды.

Ол 1994-жылы дүнья түркменлериниң үшинши халықаралық конференциясына делегат, 1995-жылы дүнья түркий халықларының үшинши халықаралық поэзия фестивалына қатнасып, диплом менен сыйлықланады. 1996-жылы дүнья түркменлерниң төртинши халықаралық конференциясына қатнасып, Түркменстан Президенти қарары менен "Ватанга севгиси учун" медалын алады. 2002-жылы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң "Ҳүрмет жарлығы" менен сыйлықланды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Кожуров Орынбек

# 1910-1954

Орынбек Кожуров— шебер дилмаш, белгили филолог.

О. Кожуров 1910-жылы Төрткүл қаласында туўылған. 1930-жылы Ташкент Политехникумын тамамлап, 1932-жылға шекем суў хожалығы тараўында ислейди. 1932-жылдан "Қызыл Қарақалпақстан" газетасында аўдармашы, жуўаплы хаткер болыў менен бирге қарақалпақ аўызеки әдебиятын жыйнаўға белсене қатнасады, 1945-47-жыллары Илим изертлеў институтында қарақалпақ фольклоры секторын басқарады. 1947-49-жыллары "Қызыл Қарақалпақстан" газетасының бас редакторы, 1949-жылдан өмириниң ақырына шекем Қарақалпақ мәмлекетлик баспасының социаллық-экономикалық бөлиминиң баслығы болды. О.Кожуров Л.Толстойдың "Хажымурат", А.Толстойдың "Ғәлле", М.Горькийдиң "Изергиль кемпир", "Суңқар ҳаққында жыр", "Даўылпаз ҳаққында жыр", Вишневскийдиң "Биринши атлы" шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарып бастырған. О.Кожуров 1947-жылы Москвада биринши рет басылып шыққан "Русша-Қарақалпақша сөзлик"ти дүзиўшилердиң бири. 1938-1939-жыллары "Қарақалпақстан әдебияты ҳәм искусствосы" журналында О.Кожуровтың Қ. Айымбетов пенен бирге-ликте жыйнаған ҳәм изертлеген қарақалпақ әдебиятына тийисли материаллары "Қарақалпақ әдебиятының түрлери" деген ат пенен басылып шықты. О. Кожуров "Қырқ қыз" дәстанын рус тилине биринши сөзбе-сөз аўдарды.

Оның шығармаларының айрымлары "Шығармалар" деген ат пенен 1990-жылы басылды. О. Кожуров Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланған, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң депутаты болып сайланды.

О. Кожуров 1939-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Көбентаев Әлибек

# 1950-2007

Әлибек Көбентаев — жазыўшы.

Ә. Көбентаев 1950-жылы 13-июльде Нөкис қаласында туўылды.

Орта мектепти питкергеннен соң, Хожели педагогикалық училищесин питкерип шығады.

Мийнет жолын М. Горький атындағы орта мектепте жаслар аўқамының баслығы болып ислеўден баслады. 1973-83-жыллары Таганрог педагогикалық институтын тамамлайды.

1982-жылдан Нөкис педагогикалық колледжинде муғаллим болып иследи.

Ә. Көбентаевтың "Нурлы жағыс" (1992), "Алағадалы кеше" (1993), "Көргенли перзент" (1993) атлы прозалық шығармалары менен "Пән ҳәптеликлерин өткериў" (1993), "Оқыўшы-практикантларға еслетпе" (1993) методикалық қолланбалары китап болып шықты.

Ә.Көбентаев 1995-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Қабулов Толыбай

## 1939-2006

Толыбай Кабулов — шайыр.

Т.Қабулов 1939-жылы 10-майда Қараөзек районының Қарабуға аўылында, дийқан шаңарағында туўылған.

Ол Нөкис аўылхожалық техникумын, Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутын питкерип, "Қарақалпақстан" баспасының бөлим баслығы, бас редактордың орынбасары, Республика Жазыўшылар аўқамының жуўаплы хаткери, "Әмиўдәрья" журналының бас редакторы, Қарақалпакстан Республикасы Мәлимлеме агентлигинде аға редактор болып хызмет етти.

Т.Қабуловтың баспадан "Қара буға" (1964), "Ашығыңман" (1968), "Дийдар" (1972), "Пәтулла зор" (1974), "Сен туўылған акшамы", (1981), "Я влюблен" (1985), "Сен мени қутлықла" (1989), "Капель" (1991), Пәндиў-нәсият (1995) атлы топламлары басылып шықты.

Ол В.Гогольдың "Тарас Бульба", А.Чеховтың "Гүррињлери"н, С.Михалковтың "Алтын қышлақ" атлы белгили шығармаларын ҳәм тағы басқа туўысқан халықлар әдебиятының дөретпелерин қарақалпақ тилине аўдарған.

Шайырдың қосықлары да туўысқан халықлар тиллеринде басылған.

Ол "Қарақалпақстан халық шайыры" ҳүрметли атағына ийе болды.

Т.Қабулов 1976-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Қайыпбергенов Төлепберген

## 1929-2010

Төлепберген Қайыпбергенов — ҳәзирги қарақалпақ прозасының ири ўәкиллеринин бири, үлкен романист, қарақалпақлар тарийхының жылнамашысы.

Т.Қайыпбергенов 1929-жылы 7-майда Кегейли районында ҳәзирги Нөкис районының аймағындағы Шортанбай аўылында туўылған. Ол Хожелидеги педучилищени питкерип (1950), аўыллық мектепте муғаллим болып ислейди. Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутының рус тили ҳәм әдебияты факультетин тамамлап (1955), "Әмиўдәрья" журналында әдебий хызметкер, радио еситтириў комитетинде редактор, Жазыўшылар аўқамында жуўаплы хаткер, "Жас Ленинши" газетасының редакторы (1959-64), соңынан "Қарақалпақстан" баспасының директоры, "Совет Қарақалпақстаны" газетасының редакторы лаўазымларын атқарды. Буннан кейинги жыллары ол Қарақалпақстан телевидениеси ҳәм радио еситтириў Комитетинде редактор, Қарақалпақстан баспа сөз Комитети баслығының орынбасары (1967-80) хызметлерин атқарды. Т.Қайыпбергенов 1980-жылдан өмириниң ақырына шекем Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының баслығы болып иследи.

Жазыўшы "Қарақалпақ қызы" романы ушын Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлығының, "Муғаллимге рахмет" повести ушын Өзбекстан Республикасы Ҳамза атындағы мәмлектлик сыйлығының, "Қарақалпақ дәстаны" трилогиясы ушын бурынғы аўқам мәмлекетлик сыйлығының лауреатлары болды, ол соның менен бирге бурынғы аўқам Жазыўшыларының, ВЦСПС, "Правда" газетасы,"Крестьянка" журналы, "Қарақалпақнама" роман-эссеси ушын Махмуд Қашқарий атындағы Халықаралық сый-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лык, "О дүньядағы атама хатлар" дөретпеси ушын М. Шолохов атындағы сыйлықтың лауреаты болды.

Жазыўшы бир неше мәртебе Қарақалпақстан Республикасы халық депутаты болып сайланды. Т.Қайыпбергенов депутат сыпатында Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ПрезидиумыБаслығының штаттан тыс орынбасары (1986-1990) болып иследи.

1989-жылы бурынғы аўқамның халық депутаты болып сайланды. Ол Хүрмет белгиси ордени, Өзбекстан Республикасының Дослық ордени (1994), Өзбекстан хәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеслеринин Хүрмет жарлықларын, айрым сырт еллердиң де сыйлықларын алды.

Т.Қайыпбергенов "Өзбекстан (1993) хәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы" (1974), "Өзбекстан Қахарманы" (2003) деген хүрметли атақларға ийе.

Ол басқа да бир қатар жәмийетлик жумыслар менен бирге Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлығы Комитетин басқарды.

Жазыўшының шығармалары 50-жыллардың орталарынан баслап жәрияланған. Оның дөретпелери өзбек, қазақ, рус, эстон, молдаван, қырғыз. украин, татар, түркмен хәм басқа да тиллерге аўдарылып басылған.

Т.Қайыпбергеновтың қарақалпақ тилинде басылған китаплары: "Секретарь" (1956), "Муғаллимге рахмет" (1959), "Соңғы хүжим" (1960), "Блокнот сөйлейди" (1961), "Суўық тамшы" (1964) "Уйқысыз түнлер" (1965), "Қарақалпақ қызы" (1960,1966), "Маманбий әпсанасы" (1968), "Бахытсызлар" (1971), "Түсиниксизлер" (1976), "Шығармаларының бес томлығы" (1979,1980), "Қарақалпақ дәстаны" (1-т, 1979), "Қарақалпақ дәстаны" (2-т, 1979), "Қарақалпақ дәстаны" (3-т, 1979), "Қарақалпақ қызы" (4-т, 1980), "Соңғы хүжим" (5-т, 1980), соңғы жыллары "Қарақалпақнама" (1985), "Көздиң қарашығы" (1986), "Из юрты в мир" (1987), "Фамилия" (1988), "Сколько имен у бога" (1990), "Тәнхә өзине мәлим сыр" (1992), "О дүньядағы атама хатлар" (1992). "Қарақалпақпан, тәўекелшимен" (2003), "Қәлбимниң қамусы" (2008) китаплары басылып шықты.

Т. Қайыпбергенов басқа тиллерде "Секретарь" (өзбекше, 1959), "Укитувчига рахмат" (өзбекше, 1963), "Повестьлер" (өзбекше,1978), "Соңғы хүжим" (өзбекше, 1970), "Последний бой" (Т,



www.ziyouz.com kutubxonasi

1970), "Маманбий афсонаси" (өзбекше, 1973, 1982), "Түсиниксизлер" (өзбекше, 1983, 1978), "Қарақалпақнама" (өзбекше 1990), рус хәм басқа тиллерде шыққан дөретпелери "Секретарь" (М, 1975, 1985), "Муғаллимге рахмет", (Таллин, 1965(эст), М., 1966, М., 1978 Т., 1979, Кишинев, 1981 (молд.), Алма ата, 1983), "Соңғы хүжим" (М, 1989), "Қарақалпақ қызы" (М, 1968, 1971,1989, Киев, 1977 (укр.)), "Суўық тамшы" (1969, М, 1978; 1990, Ашхабат, 1983 (турк)), "Маманбий әпсанасы" (М,1979, 1985,1989, Бишкек, 1992), "Бахытсызлар"(1982, 1985,1989), "Түсиниксизлер" (М, 1983,1985,1989), "Қарақалпақнама" (М, 1989,1991, Алма-Ата 1988), "Көздин қарашығы" (Т, 1984, М., 1986,1989), "Бахытсызлар" (өзбекше, 1975), "Гумрохлар" (өзбекше, 1978), "Қарақалпақ дәстаны" (өзбекше, 1-том, 1982, 2-том, 1982, 3-том, 1983), "Дочь каракалпака" (1977), "Дастан о каракалпаках" (1-3 том, 1979, 1982) хәм тағы басқа китаплары басылды.

Жазыўшы 1990-жылы Меккеге сапар шегип, бириншилер қатарында бурынғы аўқам жазыўшылары арасында хажы болып қайтты.

Буннан тысқары ол мәмлекетлик делегация ағзасы сыпатында Америка, Япония, Туркия, Монголия, Вьетнам, Венгрия, Хиндстанға барды, Нью-Йорк, Токио, Стамбул, Дели, Москва хәм тағы басқа қалаларда хәзирги Арал, елимиздиң тәғдири туўралы бир неше рет халық аралық бас қоспаларда шығып сөйледи, дүньялық баспа сөзде материаллар жәриялады.

Сондай-ақ Сирия, Хиндстан мәмлекетлерине барғанда бурынғы аўқам жазыўшыларының делегацияларына, Әрмения хәм Туркменстан Жазыўшыларынын сьездлерине, Өзбекстан жазыўшыларының делегациясына басшылық етти.

Т.Қайыпбергенов 1957-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Қайыпназаров Байнияз

## 1916-2001

Байнияз Қайыпназаров — белгили шайыр.

Б. Қайыпназаров 1916-жылы 25-августта Шымбай районында туўылған.

1939-жылы Төрткүлдеги муғаллимлер институтын питкерип, өз аўылында муғаллим болады (1939-1941). Екинши жәҳән урысының басланыўы менен фронтқа атланады (1941-1944), жарақатланыўына байланыслы фронттан қайтқан Б.Қайыпназаров муғаллимшилик жумысын даўам етти (1944-1946). Ол Жазыўшылар аўқамында мәсләҳәтши (1946-1947), радиоеситтириў Комитетинде (1947-1948), мәмлекетлик баспада (1948-1951) редактор болып ислеген.

Б. Қайыпназаров 1951-1956- жыллары Москвадағы М.Горький атындағы әдебият институтында оқыды. Ал, 1956-1958-жыллары "Әмиўдәрья" журналының бас редакторы, Жазыўшылар аўқамында мәсләҳәтши (1958-1963), "Әмиўдәрья" журналында бөлим баслығы, 1967-жылдан ҳүрметли демалысқа шыққанға шекем (1986) "Қарақалпақстан" баспасында аға редактор болды.

Шайырдың дәслепки қосықлары 30-жыллардың орталарында жарыққа шықты.

Оның "Қосықлар"(1940), "Халыққа хызмет қыламан" (1947), "Алтын гүз"(1959), "Қуўаныш қосықлары"(1950), "Бозжап бойында "(1955), "Көк емен"(1956), "Қызыл гүл" (1958), "Сүй достым"(1962), "Менин Ўатаным"(1956), "Мениң бахтым"(1968), "Еки аяз"(1970), "Нәрўан"(1972), "Гүлдәсте" (1981), "Мен сениң бир шақанман" (1977) сыяқлы топламлары жәрияланған. Соңынан "Таңламалы шығармалары" (1981), 1985-жылы поэмалар топламы ҳәм балаларға арналған "Жарлы адам ҳәм ғарғалар патшасы" китабы басылып шықты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Б. Қайыпназаров туўысқан халықлар поэзиясынан Твардовскийдиң "Василий Теркин", Ш.Рашидовтың "Кашмир қосығы" поэмаларын,сондай-ақ, Лермонтов, Мицкеевич, Ян Райнис, Шевченколардың қосықларын аўдарыўға қатнасты.

Б. Қайыпназаров биринши дәрежели "Ўатандарлық урыс ордени" ҳәм медальлары және Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесинин Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланған.

Ол "Қарақалпақстан халық шайыры" (1976) " Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлығының лауреаты" (1984) ҳүрметли атақларына ийе еди.

Б. Қайыпназаров 1939-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Қайыпов Мәмбеталы

## 1944-2009

Мәмбеталы Қайыпов — жазыўшы.

М. Қайыпов 1944-жылы 20-апрельде Қанлыкөл районында туўылған.

Ол 1963-жылы Хожелидеги муғаллимлер таярлайтуғын бир жыллық курсты питкерип муғаллим болып ислейди.

1967-68-жыллары "Жас Ленинши" газетасында, 1968-73-жыллары "Жеткиншек" газетасында ислейди. М. Қайыпов соңынан "Өзбеккинохроникада" (1973-76), "Қарақалпақстан" баспасында (1976-81) иследи.

М. Қайыпов Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтын оқып питкерген.

Жазыўшының "Ушырасыў" (1976), "144-бийикликте" (1977), "Теңиз күшиги" (1984) деген повесть ҳәм гүррињлер топламлары ҳәм "Қара чемодан" (1980) атлы романы басылып шықты.

Оның "Ушырасыў" повести (1979) ҳәм "Қара чемодан" романы рус тилинде жарық көрди.

М.Қайыпов 1977-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Қайыпов Әбдиқәдир

## 1963

Әбдиқәдир Қайыпов 1963-жылы 5-февральда Қанлыкөл районының ҳәзирги Қуламет жыраў атындағы дийқан-фермер хожалығында туўылған.

Орта мектепти питкергеннен 1984-жылға шекем қурылыс мәкемесинде жумысшы, 1984-87-жыллары шофер болып иследи.

Ол 1989-жылы Нөкис мәмлекетлик университетиниң филология факультетин сырттан оқып питкереди.

Ҳәзирги ўақытта Қарақалпақстан Республикасы Ескек есиў федерациясының директоры лаўазымында ислеп атыр.

Ә.Қайыповтың "Жоражан" (2000) қосықлар китапшасы, "Дәслепки саўға" (2001) атамасында прозалық шығармалары, "Тири жетим" (2002) повести ҳәм Баҳадыр Қайыпов пенен авторлықта "Қарақалпақ бокси" (2002) атамасындағы публицистикалық шығармалар жыйнағы, С. Жәниев пенен авторлықта "Бабалар ескегине садық мектеп" (2008) атамасындағы китабы басылып шықты.

2001-2002 жыллары "Ең жақсы спорт журналисти" номинациялардың жеңимпазы.

Ә. Қайыпов 2002-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Қарабаев Марат

## 1934

Марат Қарабаев — шайыр.

М. Қарабаев 1934-жылы 22-мартта Төрткүл қаласында туўылған. Ол Нөкис медициналық училищесин питкергеннен соң 1966-73-жыллары Мойнақта, Нөкисте медициналық мәкемелерде иследи. 1973-79-жыллары "Жеткиншек" газетасында бөлим баслығы, 1979-83-жылларда "Қарақалпақстан" баспасында көркем әдебиятлар бөлимин басқарды, соңынан Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамында көркем әдебиятты нәсиятлаў бюросында исследи. Ол Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутын тамамлаған.

М. Қарабаевтың 1962-жылы "Гүлзар", 1968-жылы "Гүмис шықлар", 1970-жылы "Мениң биринши достым", 1976-жылы "Толған ай", 1979-жылы "Апрель шуўағы", 1982-жылы "Алтын босаға", 1973-жылы "Семсер" атлы қосықлар ҳәм поэмалар топламлары ҳәм "Қара торғай" прозалық китабы басылып шықты.Абдурахман-аль Хамисийдиң "Гагарин мениң қаламда" (1965), М. Твенниң "Гүрринлер"ин (1969), А. Бартоның "Сениң байрамың" (1969), К. Чуковскийдиң "Мойдодыр" (1971), Рудакийдиң "Ғәззел ҳәм рубайыларын" (1976), П. Неруданың "Қашқын" (1978), М. Қанааттың "Сталинград сазасы" (1980), Шекспирдиң "Сонетлер" ин (1981) қарақалпақ тилине аўдарды. М. Қарабаевтың бир канша аўдармалары "Жүректен жүрекке" (1983) деген ат пенен де өз алдына топлам болып басылды.

М.Қарабаев 1977-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Қасымов Дәўлетияр

## 1904-1973

Дәўлетияр Қасымов—белгили халық шайырларының бири.

Д. Қасымов 1904-жылы Мойнақ районындағы Ақбөгет деген жерде туўылған.

Ол аўыл хожалық жумысларында ислеп жүрип шайыршылық пенен шуғылланады, шайырдың дәслепки қосықлары жигирмаланшы жыллардың ақырында жазылады.

Халық шайырының дәслепки шығармасы 1938-жылы "Қарақалпақстан әдебияты хәм искусствосы" журналында жәрияланды.

Мине, усы жыллардан баслап оның дөретпелери жергиликли баспа сөз бетлеринде жийи-жийи жәриялана баслады.

Шайырдың "Қосықлар" (1956), "Мийрас" (1971) деген топламлары басылып шықты.

Халық шайыры Өзбекстан хәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесинин Хүрмет жарлықлары менен сыйлықланды.

Д. Қасымов 1939-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.


www.ziyouz.com kutubxonasi

# Қасымова Мәрьям

## 1917-1976

Мәрьям Қасымова — шайыр хәм жазыўшы.

М. Қасымова 1917-жылы Хожели қаласында туўылған.

Ол дәслеп Хожелидеги педучилищени (1935), соңынан Төрткүлдеги муғаллимлер институтын питкергеннен соң (1940) муғаллим болып ислейди.

1945-жылдан баслап "Қызыл Қарақалпақстан" газетасында әдебий хызметкер, 1949-56-жыллары "Қарақалпақстан" баспасында редактор, 1956-59-жыллары Өзбекстан Телеграф агентлигинде редактор, Қарақалпақстан мәдeният министрлигинде бөлим баслық (1959-62), "Әмиўдәрья" журналында әдебий хызметкер (1962-65), ал соңғы жыллары өмиринин ақырына шекем баспа сөз тарқатыў орынларында жумыс иследи.

Жазыўшынын "Қосықлар" (1955), "Қарақалпақ қызлары" (1957), "Қурылысшы" (1959) деген топламлары басылып шықты.

Ол А. Мухтардың "Апалы-сиңлилер" (1976) романын, М. Пришвиннин гүрринлерин қарақалпақ тилине аўдарды.

М.Қасымова Өзбекстан хәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесинин Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланды.

М.Қасымова 1957-жылдан Жазыўшылар аўқамынын ағзасы.


www.ziyouz.com kutubxonasi

# Қәлимбетов Баекеш

## 1934

Баекеш Қәлимбетов — әдебият изертлеўшиси.

Б. Қәлимбетов 1934-жылы 21-декабрьде Кегейли районының Халқабад аймағында туўылған. Ол орта мектепти питкергеннен соң, мийнет жолын Нөкис полиграфкомбинатында ҳәрип териўши хызметинен баслаған.

Б. Қәлимбетовтың биринши мақаласы 1950-жылы "Қызыл Қарақалпақстан" газетасында жәрияланған. 1951-55-жыллары Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының қарақалпақ тили ҳәм әдебияты факультетинде оқыйды. 1975-жылдан баслап ҳәзирги күнге шекем Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими Н. Дәўқараев атындағы Тил ҳәм әдебият институтында үлкен илимий хызметкер болып ислеп атыр.

Б.Қәлимбетов 1982-жылы "Әжинияз лирикасы"деген темада кандидатлық диссертациясын жақлады. Ол "Лирика Ажинияза" (1991), "XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебиятында реализмниң раўажланыўы" (2005) илимий китаплары ҳәм улыўма орта билим бериў мектеплериниң 2,3,4,-класслары ушын оқыў китапларының авторларының бири.

Б. Қәлимбетов дүнья халықлары әдебиятынан "Татар халық ертеклери"н, орыс фантаст жазыўшысы А.А. Беляевтың "Профессор Доуэлдиң басы"романын қарақалпақ тилине аўдарған. Классик шайыр Әжинияздың "Бир пәрий" (1993) китабын баспадан шығарды.

Б. Қәлимбетов Журналистлер аўқамының ҳәм 1995-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Қожықбаев Әдилбай

## 1934-2005

Әдилбай Қожықбаев — әдебият изертлеўшиси.

Ә. Қожықбаев 1934-жылы 18-январьда Қоңырат районының Соркөл аўылында туўылған.

Ол 1955-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик techinститутын питкерип мектепте муғаллим, мектеп директоры (1955-61), соңынан "Әмиўдәрья" журналында әдебий хызметкер, телевидение ҳәм радио еситтириў комитетинде редактор (1962-64), techinститутта оқытыўшы (1964-68), Н. Дәўқараев атындағы Тарийх, тил ҳәм әдебият институтында илимий хызметкер, "Қарақалпақстан" баспасында көркем әдебият бөлиминиң баслығы, сол баспаның бас редакторы болып ислейди.

Ол 1972-жылы "Қарақалпақ романында конфликт ҳәм қаҳарман" деген темада филология илимлеринин кандидаты деген илимий дәрежени алыў ушын диссертация жақлады.

Әдебиятшының "Қарақалпақ романы" (1977), "Тарийхый қосықлар" (1980) деген мийнетлери басылып шықты. Соның менен бирге ол "Қарақалпақ фольклоры тарийхының очерклери" (1977) деген китаптың авторларының бири.

Ә. Қожықбаев Ж. Шәриповтың "Хорезм" романын, С. Зуннунова, Д. Юлтый, В. Солоухинниң повестьлерин қарақалпақ тилине аўдарған.

Ә.Қожықбаев 1982-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Қудабаев Абдулқасым

## 1952-2006

Абдулқасым Қудабаев — жазыўшы.

А. Қудабаев 1952- жылы 15-апрельде Шымбай районынын "Май" аўылында туўылды.

Орта мектепти питкергеннен соң Шымбай газ мәкемесинде, пахта тазалаў заводында слесарь болып иследи.

1970-75-жыллары Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтынын тарийх-филология факультетинде оқыйды.

Мийнет жолын 1975-жылдан Шымбай районындағы кешки мектепте муғаллим болып ислеўден баслайды.

1975-77-жыллары әскерий хызметте болады.

1977-жылдан өмиринин ақырына шекем Шымбай экономикалық колледжинде муғаллим болып ислейди.

А. Қудабаевтың "Апа үйге қайтайық", "Көпир үстинде", "Ай толысқан ақшам еди", "Ала тайыншақ", "Тырналар киягыр", "Мәрдикар", "Соңғы өтиниш", "Жасаў бахты", "Жумка" атлы прозалық шығармалары китап болып шықты.

А. Қудабаев 1998-жылдан Жазыўшылар аўқамынын ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Қошқаров Янгибай

## 1958

Янгибай Қошқаров 1958-жылы 8-ноябрь-де Беруний районының Саркоп аўылында туўылды.

Ол 1976-жылы орта мектепти тамамлап, Ташкент аграр университетинин агрохимия ҳәм топырақтаныў факультетине оқыўға киреди. Мийнет жолын 1979-жылы Елликқала районы (ҳәзирги "Давр кўзгуси") газетасында жумыс ислеўден баслайды, соңынан Беруний районы газетасында бөлим баслығы, 1991-1992-жылларда Халық депутатлары Елликқала районлық кеңесинде үлкен референт, 1991-1995-жылларда Бостан калалық Кеңеси баслығының орынбасары болып сайланады.

Я. Қошқаров Мирзо Улуғбек атындағы Өзбекстан Миллий университетинин журналистика факультетин питкергеннен соң "Туркистон" (1993-96), "Қишлоқ хаёти"(1996-99) газеталарының Қарақалпақстан Республикасы ҳәм Хорезм ўәлаяты бойынша хабаршысы, 1999-жылдан баслап "Халк сўзи"-"Народное слово" газетасының Қарақалпақстан Республикасы бойынша хабаршысы болып иследи. Ҳәзирги ўақытта "XXI аср" газетасының хабаршысы болып ислейди.

Я. Қошқаровтың дәслепки қосығы 1978-жылы "Туркистон" газетасында басылған. Онын "Ёшлик баёзи" ҳәм "Ёшлик" (1980) альманахында қосықлары басылды, "Асрларнинг армони" (2002), "Отажоннинг олтин сози" дәстаны (2004), "Қоңыратнома" (2006) дәстаны ҳәм "Оролбўйи азаматлари", "Юз фидоий қиссаси", "Аллома авлодлари", "Элликқала қаҳарманлари" атлы оннан артық публистикалық китаплары басылып шықты. Сондай-ақ, "Эллик назо" тўплами, "Ақчакўл илҳомлари" альманахи онын редакторлығында шығарылды. Оған 2001-жылы "Қаракалпақстан Республикасына мийнети сиңген журналист" атағы берилди.

Я.Қошқаров 1999-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Қурбанбаев Исмайыл

## 1929-2008

Исмайыл Қурбанбаев — шайыр, жазыўшы ҳәм илимпаз.

И. Қурбанбаев 1929-жылы 22-октябрьде Шымбай районында туўылған.

1947-жылы Шымбай педагогикалық училищесин, соңынан Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтын питкереди ҳәм сол институтта оқытыўшы болып қалады (1951-1953). 1954-1956-жыллары "Жас Ленинши" газетасында бөлим баслығы, 1956-1957-жыллары Кеңес районлық жаслар аўқамының биринши секретары, ал 1957-1962-жыллары қайтадан "Жас Ленинши" газетасында бөлим баслық болып ислейди.

И.Қурбанбаев 1962-1964-жыллары Москвадағы Жоқары партия мектебиниң тыңлаўшысы, областьлық партия комитетиниң инструкторы (1964-1966), "Әмиўдәрья" журналының бас редакторы (1966-1971), 1974-1979-жыллары "Совет Қарақалпақстаны" газетасының жуўаплы хаткери, Н.Дәўқараев атындағы Тарийх, тил ҳәм әдебият институтында илимий хызметкер болды (1971-1974).

Ол 1971-жылы "Қарақалпақ балалар әдебиятының қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы" деген темада кандидатлық диссертациясын жақлады.

1979-1982-жыллары Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси жанындағы баспа сөзде мәмлекетлик сыр сақлаў бөлиминиң баслығы болды. Ал, 1982-жылдан 1988-жыллар аралығында "Қарақалпақстан" баспасында бөлим баслығы, 1988-1991-жылларда баспаның директоры лаўазымында, соңынан Жазыўшылар аўқамы жанындағы Әдебиятты нәсиятлаў бюросында иследи.

И.Курбанбаевтың 20 ған аслам китабы басылған. Солардың ишинде "Жоллар" қосықлар топламы, "Исеним" «Алтын



www.ziyouz.com kutubxonasi

масак» романлары,"Мискин ўақыялары" повестьлер, гүрриңлери, "Қарақалпақ балалар әдебияты тарийхының очерклери"(1974), «Қарақалпақ балалар әдебияты» (1988) сыяқлы мийнетлери бар.

И.Қурбанбаев "Қарақалпақстан халық жазыўшысы", "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәдeният хызметкери" деген ҳүрметли атақларға ийе, ол Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланған.

И.Қурбанбаев 1967-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Қурбаниязов Сәрсен

## 1918-1942

Сәрсен Қурбаниязов — жаўынгер шайыр.

С. Қурбаниязов 1918-жылы Төргкүл районындағы жаңа Әмирабад аўылында туўылған.

Ол 1934-жылы Төрткүл педтехникумын питкерип, соңынан газета редакцияларында ҳәм Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамында жумыс ислейди.

Шайыр 1942-жылы фронтқа атланады ҳәм сол жылы саўашта қаҳарманларша қайтыс болады.

Шайырдың дәслепки қосығы баспа сөзде 1933-жылы жәрияланған. Урыстан алдынғы жыллары да оның қаҳарманлық руўхтағы қосықлары жергиликли баспа сөз бетлеринде жийи-жийи көринип турды, әсиресе, оның “Атлан, халқым!” деген қосығы көпшиликке кеңнен мәлим болды.

Шайырдың “Бахытлы жаслық қосықлары” (1939), “Халқым, қолыңа қурал ал!” (1941), “Саза” (1990) поэзиялық топламлары басылып шықты.

С. Қурбаниязов 1939-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Қурамбаев Кәримбай

## 1942

Кәримбай Қурамбаев — әдебиятшы ҳәм сыншы.

Ол тийкарынан туўысқан халықлар әдебиятының өз-ара байланыслары ҳәм тәсири мәселелери менен шуғылланады.

К.Қурамбаев 1942-жылы 10-ноябрьде Түркменстан Республикасы, Ташаўыз районының "Алтмыш" аўылында туўылған. 1965-жылы Ташкент мәмлекетлик университетиниң филология факультетин питкерип, 1965-1970-жыллары Ташаўыз районындағы 2-орта мектепте муғаллим, мектеп директорының орынбасары болып ислеген.

Кәримбай Қурамбаев 1970-1977-жыллары ӨзР. И.А, А.С.-Пушкин (Ҳәзирги Әлишер Наўайы) атындағы Тил ҳәм әдебият институтында дәслеп аспирант, соң сол институтта үлкен илимий хызметкер болған. Ол 1977-жылы ӨзР. И.А Президиумының арнаўлы қарары ҳәм жолламасы менен Нөкис мәмлекетлик университетине өзбек тили ҳәм әдебияты кафедрасы доценти лаўазымына жумысқа жиберилген. 1978-1985-жыллары филология факультети деканының оқыў ислери бойынша орынбасары, өзбек тили ҳәм әдебияты кафедрасының баслығы, 1991-2001- жыллары Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының филология факультети деканы болып иследи. Ҳәзирги күни усы жерде профессор оқытыўшы болып ислейди.

Кәримбай Қурамбаев "Әдебиятлардың өз-ара тәсири ҳәм жазыўшы дөретиўшилигиниң өзгешелиги" деген темада кандидатлық (1972), "Миллий әдебиятлардың раўажланыўында басқа әдебиятлар поэтикалық тәжирийбесиниң роли" (1992) деген темада докторлық диссертацияларын жақлады. Ол доцент (1981), профессор (1995) атақларына ийе.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кәримбай Қурамбаевтың "Хидир Деряев" (1977), "Өзбек-туркман адабий алоқалари" (1978), "Махтумкули шеърияти Ўзбекистонда" (1984), "Ҳамза хәм қарақалпақ әдебий орталығы" (1989), "Кеўил-кеўилден суў ишер..." (1991), "Кўнгил бермиш сўзимга" (1992), "Взаимное обогащение литератур" (1993), "Ғафур Ғулом ва адабий алоқалар" (2006), "Адабий таъсирдан ижодий ўзига хосликка" (2007), "Таржимон ва таржима маъсулияти" (2007), "Адабий жараен, Ижод маъсулияти, Адабий алоқалар" (2009) деген китаплары Өзбекстан хәм Қарақалпақстанның баспаларында басылып шыққан.

К.Қурамбаев Өзбекстан Республикасының "Ҳүрмет жарлығы" (1994) хәм Өзбекстан Республикасы "Мустақиллығының 10 жыллығы" (2001) нышаны менен сыйлықланған. Ол "Өзбекстан Республикасы халық билимленлириў ағласы" (1999).

К. Қурамбаев 1995 жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Юрий Леонтичев

## 1926-2006

Юрий Александрович Леонтичев — жазыўшы.

Ю.А. Леонтичев 1926-жылы 28-октябрьде Ярославь областынын Выбинский районында туўылған. 1933-жылдан баслап оның өмири Қарақалпақстан менен тығыз байланыслы. Ол Төрткүлдеги орта мектепти питкереди, әскерий хызметте болады, 1954-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутын тамамлайды, Қарақалпақстан билимлендириў министрлигинде инспектор (1954-56 ), областьлык партия комитетинде инструктор (1956-57), Мойнақ районлық партия комитетиниң екинши секретары (1957-58 ), “Советская Каракалпакия” газетасында редактордың орынбасары (1958-60), соңынан Москвадағы Жоқары партия мектебинде окыйды (1960-62), областьлық партия комитетинде идеология бөлими баслығының орынбасары (1962), Нөкис қалалық партия комитетиниң екинши секретары (1962-63 ), “Советская Каракалпакия” газетасының бас редакторының орынбасары, усы газетаның бас редакторы (1969-87) болып хызмет атқарады.

Жазыўшының шығармалары 50-жыллардың орталарынан баслап жарық көрди. Оның “Сәлем, мектеп” (1960), “Қуўаныш” (1961), “Олар қыршын кеткен еди” (1974), “Соңғы атыспа” (1979), “Галканың шынлығы” (1981), деген повесть ҳәм гүрриңлер китаплары, еки китаптан ибарат “Адамларға ығбал инам ет” (1970-1976), “Шөлистаннын көз жасы” атлы романлары басылып шықты. Оның дерлик барлық шығармалары қарақалпақ тилине аўдарылған.

Ю. Леонтичев орден-медальлар ҳәм Өзбекстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланған, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси-



www.ziyouz.com kutubxonasi

не бир неше рет депутат болып сайланған, "Қарақалпақстан халық жазыўшысы", "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәдeният хызметкери", "Адамларға ығбал инам ет" романы ушын Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлығынын лауреаты болыўға ерисги.

Ю.А. Леонтичев 1963 – жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Иван Майоров

## 1914-1970

Қарақалпақ әдебиятында өзинин аўдармашылық жумысы менен танылған жазыўшы Иван Майоров Шымбай районында 1914-жылы туўылған.

Дәслеп Шымбайдағы педтехникумды, кейин Москвадағы Медициналық институтты питкерип (1937), Қарақалпақстанға келеди хәм медицина саласында исследи (1937-43). 1943-45-жыллары екинши жәҳән урысына қатнасгы.

1945-жылдан Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының жуўаплы хаткери,· педагогикалық институтта оқытыўшы, 1949-жылдан баслап биротала аўдарма менен шуғылланды.

Ол 150 ден аслам шығарманы қарақалпақ тилине аўдарды. Солардың ишинде Горькийдиң "Ана" романы (1955), "Балалық" ( И. Сағитов пенен бирге) (1959), "Адамлар арасында" (1959), Лермонтовтың "Бизиң заманымыздың қаҳарманы" (1940), Н. Островскийдиң "Даўылдан туўылғанлар", "Полат қалай шынықты" (1940), И. С. Тургеневтың "Әкелер хәм балалар" (1974), Фадеевтың "Тас-талқан", Чеховтың "Шийе бағы", Л. Толстойдың "Кавказ тутқыны" шығармалары бар.

И. С. Майоров Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланған.

Иван Майоров 1940-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Мақсетов Қабыл

## 1929-2002

Қабыл Мақсетов — белгили фольклорист ҳәм әдебиятшы алым.

Қ.Мақсетов 1929-жылы 16-январьда Қанлыкөл районының аймағында туўылған. Ол дәслеп Хожелидеги педучилищени тамамлап бир қанша жыллар муғаллим болып ислейди, Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутын питкергеннен соң, сол жерде муғаллим, соңынан кафедра баслығы (1949-53), Москвадағы Шығыстаныў институтының аспиранты (1954-57), Н.Дәўқараев атындағы Тарийх, тил ҳәм әдебият институтының аға илимий хызметкери, фольклор секторының баслығы (1957-63), усы институттың директоры лаўазымларында ислейди (1963-85). Қ.Мақсетов 1985-жылдан өмириниң ақырына шекем Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң профессоры болып иследи.

Қ.Мақсетов 1958-жылы "Қарақалпақ қаҳарманлық эпосы "Қырқ қыз" деген темада филология илимлериниң кандидаты, 1966-жылы "Қарақалпақ қаҳарманлық эпосының поэтикасы"деген темада филология илимлериниң докторы диссертацияларын жақлады.

Фольклорист ҳәм әдебиятшы алым қарақалпақ халқының әдебий мийрасларын жыйнаў ҳәм жәриялаўда көп мийнет етти. Алымның "Қарақалпақ қаҳарманлық эпосы", "Қырық қыз" (1962), "Қарақалпақ қаҳарманлық эпосларының поэтикасы" (1965), "Қарақалпақ фольклорының эстетикасы" (1971), "Қарақалпақ жыраў-бақсылары" (1983), "Қарақалпақ эпосы", "Қурбанбай жыраў репертуарындағы дәстанлардың көркемлик өзгешеликлери" (1976), "Фольклор ҳәм әдебият" (1975), "Октябрьден туўылған әдебият" (1979), "Қарақалпақ әдебиятының туўысқан халықлар әде-



www.ziyouz.com kutubxonasi

бияты менен байланыслары" (1987), "Қарақалпақ фольклористикасы" (1989), "Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар" (1992), деген мийнетлери, сондай-ақ, университет студентлери ушын "Қарақалпақ фольклоры" (А.Тәжимуратов пенен бирликте, 1979), "Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери" (1996) сабақлықларын ҳәм Академиялық лицей ҳәм кәсип-өнер колледжлери ушын "Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери" (Р.Мақсетова менен бирликте, 2002) сабақлығы басылып шықты. Соның менен бирге фольклорист "Қарақалпақ фольклоры тарийхының очерклери" (1977) деген китаптың авторларының бири, ол жигирма томлық қарақалпақ фольклорының үлгилерин баспаға таярлаўға тиккелей қатнасты ҳәм редакциясын басқарды.

Қ.Мақсетов Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери (1973), Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери (1979) деген ҳүрметли атақларға ийе. Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлығының лауреаты (1976), Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланған.

Қ. Мақсетов 1971-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Маткаримова Дилноза

## 1986

Жас талант ийеси Дилноза Маткаримова 1986-жылы 6-февральда Хожели районында туўылған.

2004-жылы райондағы 14-санлы орта мектепти тамамлағаннан соң, усы райондағы медицина колледжинде оқып билим алады.

2006-жылы ТашПМИ Нөкис филиалының жоқары ҳәмшийра иси факультетине оқыўға кирип, тамамлағаннан соң Хожели районындағы медициналық бирлеспесине қараслы "Дослық" бөлиминде ислеп атыр.

Д. Маткаримованың "Мен уллы ел перзентимен" (2001), "Үмитлериме талпынып жасайман" (2001), "Қәлемимнен шашылған гәўҳәрлар" (2004) китаплары басылып шықты.

Ол 2003-жылы О. Худайшукуровты еске алыў күнине бағышлап өткерилген "Нафосат бўстоним маним" республика танлаўына, "Нафосат", "Иқтидорли болалар" қурылтайларына қатнасып, Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланған.

Д. Маткаримова 2005-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Мəтяқубов Айтбай

## 1909-1932

Айтбай Мəтякубов — қарақалпақ əдебиятынын дəслепки ўəкиллеринин бири.

Ол 1909-жылы Төрткүл қаласында туўылған.

1923-1924-жыллары сол қаладағы мектеп-интернатта тəрбияланады ҳəм 1930-жылы Төрткүл педагогикалық техникумын питкерип шығады.

Айтбай Мəтякубов автономиялы областьтағы дəслепки шөлкем - Қарақалпақстан Жазыўшылар шөлкемин дүзиўшилерден есапланады, өз ўақтында белгили орын ийелеген "Қызыл муғəллим" (1928) журналын шығарыўға қатнасты.

Айтбай Мəтяқубовтың шығармалары оншелли көп емес, белгилилери: "14 жаста", "Тоғыз мың бел", "Қызыл Армия батырларына", "Трактордың тулғасы" сыяқлы қосықлары бар.

Оның шығармалары 30-жыллары басылған топламларда орын алған, өз алдына китап болып басылмаған.


www.ziyouz.com kutubxonasi

# Мәтяқубова Гүлистан
## (Аннақличева Гүлистан)

## 1948

Г. Мәтяқубова—шайыр ҳәм жазыўшы.

Ол 1948-жылы Төрткүл қаласында туўылған. Ташкент мәмлекетлик университетинин журналистика факультетин питкерген. Болажақ шайыр дәслеп районлық газетада, Жаслар аўқамы жумысларында ислейди, радио еситтириў комитетинде хызмет атқарады, 1981-жылдан баслап Төрткүл районлық газетасының жуўаплы хаткери, соң бас редакторы болады. Ол 1985-жылдан баслап Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесинин хатшысы, Жоқарғы Кеңестиң Комитет баслығы, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутаты, Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисинин Нызамшылық палатасы депутаты болды. Ҳәзирги ўақытта "Қорақалпоғистон тонги" газетасының бас редакторы лаўазымында ислейди. Шайырдың "Бахт келтирган баҳор" (1982), "Ҳаяжоннинг етти ранги" (1983), "Нурли күнлер" (1984), "Ойдин остона" (1985), "Прекрасное чувство" (1987), "Севиб қолсин" (1991), "Жүрек пенен жүзбе-жүз" (1992), "Земля отцов" (1992), "Айтгин менга Тўрткўл ҳақида" (1993), "Мен сен учун яшаяпман" (1995), "Интизорлик" (1995), "Жайхун жағасында өскен байтерек" (1996), "Дарёга ботаётган қуёш" (1998), "Излаганларим" (2000), "Ойбалдоқ" (2001), "Муҳаббат юрти" (2003), "Қалб зураати" (2004), "Қайтмоқ учун кетмоқдаман" (2008) деген китаплары басылып шықты. Ол "Өзбекстан Республикасына мийнети синген мәдeният хызметкери"(1983), Қарақалпақстан Республикасының Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлығының лауреаты (1993), "Қарақалпақстан халық шайыры" (2002) болды.

Г. Мәтяқубова 1984-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Мәтяқубова Назира

## 1968

Назира Мәтякубова — шайыр ҳәм публицист.

Н. Мәтяқубова 1968-жылы 5-майда Төрткүл районында туўылған.

1986-1991-жыллары Өзбекстан Миллий университетиниң журналистика факультетинде оқыйды.

Ол 1993-жылдан бери избе-из басылып шыққан "Кўзлари шаҳлогинам", "Қалбим тўла саломдир", "Ким учундир керакман" қосықлар китапларының авторы.

Н. Мәтяқубова республикамызға белгили публицист сыпатында да жақыннан таныс. 1994-жылы шыққан "Ардоқли оқсоқол" очерклер китабы менен республика баспа сөзинде бир қатар публицистикалық шығармалары басылып шықты.

Н. Мәтяқубова шайыр ҳәм публицист болыў менен бирге шебер шөлкемлестириўши сыпатында республикалық "Аму тонги" газетасының бас редакторы болып иследи ҳәм ҳаялқызлардың "Гүлайым" ҳәптелигиниң шөлкемлестириўшиси болып хызмет етти.

Ол ҳәзирги ўақытта Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң Нызамшылық палатасы депутаты болып ислеп атыр.

Назира Мәтяқубова 1995-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Мәжийтов Сейфулғабит

## 1869-1938

Сейфулғабит Мәжийтов – XX әсирдеги қарақалпақ әдебиятын баслаўшылардың бири, шайыр, прозаик ҳәм драматург.

С.Мәжийтов 1869-жылы Қазан губерниясының Аршан районында туўылған. 1880-жылы оның үйи дәслеп Қазақстанның Актөбе областына көшип келеди, соңынан көп узамай Қарақалпақстанның Таллық деген жерине қоныс басады. Сол ўақытта әдеўир саўаты бар Сейфулғабит Таллық волостының есап-санағын алып баратуғын хаткери болады (1884-89). Ол 1920-жыллары Қоңырат районлық аткарыў комитетиниң хаткери, районлық халық билимлендириў бөлиминиң баслығы (1921), бир қанша жыллар "Еркин Қарақалпақ" газетасының жуўаплы хаткери лаўазымларында ислейди. Ол соңғы жыллары Қыпшақта суў хожалығы тараўында, 1934-жылы Төрткулде үлкетаныў музейинде де хызмет аткарады. 1938-жылы репрессияға ушырап қурбан болды. С.Мәжийтов поэзия тараўында өнимли жазған шайыр. Оның бир қатар шығармалары өзи дүзген "Әлиппе" (1925), "Оқыў китабы" (1925), "Егеделер саўаты" (1925), "Қарақалпақ әдебиятының жыйынтығы" (1928) ҳәм шайырдың өзиниң "Таңламалы шығармалары"нда (1965) орын алған. Соңғы жыллары шайырдың "Ата менен бала" (1970) деген гүрриңлер топламы ҳәм "Шығармалары" (1993) қайта таярланып басылып шықты. С.Мәжийтов драматургия тараўында "Соңғы селтең" (1928), "Сабақ", "Жигит болдық", "Ерназар алакөз" (1927), "Бағдагүл" (1935), "Гүлим-Тайман" сыяқлы пьесаларын жазды. Жазыўшының "Қулмурат", "Он тоғыз", "Сүйин ҳәм Сара" романлары қолжазба түринде қалып кеткен.

С.Мәжийтов 1924-жылы Хорезм Халық Республикасының "Қызыл байрақ" ордени менен сыйлықланған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Мәжийтов Рахим

# 1903-1977

Рахим Мәжийтов — қарақалпақ әдебиятында белгили дилмаш.

Ол 1903-жылы Қоңырат районында туўылған. Өзиниң мийнет жолын 1921-жылы муғаллим болыўдан баслады. 1923-25-жыллары Москвадағы Шығыс халықлары университетинде оқыды. Қоңыратта районлық партия комитетинде бөлим баслығы (1925-28), Орайлық Атқарыў комитетиниң инструкторы (1929-34), Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы судының хаткери (1935-40) болып иследи. Екинши жәҳән урысына қатнасады ҳәм урыстан қайтқаннан соң "Қызыл Қарақалпақстан" газетасында иследи (1944-55). Өмириниң соңғы жыллары Өзбекстан Телеграф Агентлигиниң Қарақалпақстан бөлиминде хызмет етти.

Ол көп ғана очерклер, пьесалар жазды. Оның "Қара жүреклер" (соң "Тазагүл" деп аталды) (1932-46), "Бизиң ант" (1944) пьесалары театр сахналарында қойылды. Ол Б. Горбатовтың "Бойсынбағанлар" (1950), Крыловтың "Таңламалы тымсаллары" (1952), А.Гайдардың "Тимур ҳәм оның командасы" шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарған.

Р. Мәжийтов Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикалары Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланған.

Р. Мәжийтов 1935-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Мәмбетов Камал

## 1940-2001

Камал Мәмбетов — әдебиятшы алым ҳәм жазыўшы. К. Мәмбетов 1940-жылы 14-майда Кегейли районындағы М. Жуманазаров атындағы ижара хожалығында туўылған. Ол 1963-жылы Ташкент мәмлекетлик университетин питкерип, "Совет Қарақалпақстаны" газетасында (1963-64), пединститутта оқытыўшы (1967-72), "Өзбеккинохроника" студиясының Қарақалпақстан бөлиминиң директоры (1972-74), Қарақалпақстан телевидениеси ҳәм радио еситтириў комитети баслығының орынбасары, Нөкис мәмлекетлик университетиниң доценти, кафедра баслығы, факультет деканы (1976-86), усы оқыў орнының ректоры (1986-88), "Ҳәзирги қарақалпақ әдебияты ҳәм әдебият теориясы"кафедрасының баслығы ўазыйпаларында ислеген. К. Мәмбетов 1969-жылы "Қарақалпақ жазба поэзиясында Шығыс классиклериниң дәстүри" деген темада филология илимлериниң кандидаты, 1984-жылы"Қарақалпақ әдебиятының пайда болыўы ҳәм қәлиплесиў дәреклери" деген темада докторлық диссертациясын жақлады. Оның "Гөжек" (1965),"Тырналар"(1975), "Бахтың болсын Арыўхан!" (1976), "Шақасында емес, тамырында" (1976), "Аўыл таңлары" (1977), "Көкшийел" (1977), "Имтихан" (1978), "Москвадан келген қыз"(1979), "Мен оны сүйер едим" (1982),"Мухаббат ҳәм әжел" (1995) сыяқлы повестьлери жәрияланды. Ол прозаның көлемли саласында "Бозатаў" (1986), "Посқан ел" (1988), "Ҳүждан" (1991), "Туркстан" (1993) романларын дөретти. "Посқан ел" романы ушын жазыўшы Қарақалпақстан Республикасының Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлығының лауреаты болды. Ол "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери", "Қарақалпақстан халық жазыўшысы" деген ҳүрметли атақларға ийе болды. К. Мәмбетов Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң депутаты болып сайланды.

Ол 1982-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Мәмбетниязов Турдыбай

## 1933

Турдыбай Мәмбетниязов — әдебият изертлеўшиси ҳәм сыншы.

Т.Мәмбетниязов 1933-жылы 25-майда Қараөзек районының "Бозатаў" аўылында туўылған. Ол 1949-жылы орта мектепти тамамлап, 1953-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутын питкереди, соңынан әскерий хызметте болады (1954-57) бир неше жыллар аўылында муғаллим, мектеп директоры (1957-59), Н. Дәўқараев атындағы Тарийх, тил ҳәм әдебият институтында ислеген. Ол 1962-65-жыллары Ташкентте аспирантурада оқыды. Т.Мәмбетниязов 1965-жылы " Ҳәзирги заман қарақалпақ лирикасы" деген темада кандидатлық диссертациясын жақлады. Әдебиятшының "Дәли Назбергеновтың творчествосы" (1977), "Поэзия ҳаққында ойлар"(1985), "Қарақалпақ лирикасы" (1989), "Қарақалпақ балалар поэзиясы ҳәм оның машқалалары" (1992), "Поэзия турмыс, гүрес ҳәм талпыныў" (1993), "Жаңа қарақалпақ поэзиясы ҳәм дәўир талабы" (1994), "Шайыр жолы" (2001) илимий китаплары ҳәм балаларға арналған "Қарлығаш" (1981), "Ананың сөзин тыңламай" китаплары, жәнеде жәмәәтлик авторлар менен бирге "Қарақалпақ совет әдебияты тарийхының очерклери" (1968), "Қарақалпақ совет әдебиятында поэма жанрының раўажланыўы" (1976),"Қарақалпақ әдебияты тарийхы"(1981), "Ўатан ушын гүрескен қосықлар" (Г. Есемуратов пенен бирге, 1990), "ХХ әсирдеги қарақалпақ әдебияты" (9-класслар ушын сабақлық, З. Бекбергенова менен 2002,2006, 2010) монографиялар менен сабақлықларды жазыўға белсене қатнасты. Т. Мәмбетниязов Өзбекстан Республикасы Беруний атындағы мәмлекетлик сыйлығының лауреаты (1983), "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәдений хызметкери" деген ҳүрметли атаққа ийе.

Ол 1993-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Мәтмуратов Төлепберген

## 1939-1984

Төлепберген Мәтмуратов — лирик шайыр.

Т.Мәтмуратов 1939-жылы 1-сентябрьде Қараөзек районында туўылған. Ол 1963-жылы Ташкент мәмлекетлик университетин питкерип, "Совет Қарақалпақстаны", "Жас Ленинши" газеталарында, телевидение ҳәм радио еситтириў Комитетинде иследи, 1969-жылдан баслап "Әмиўдәрья" журналында поэзия бөлиминиң баслығы, жуўаплы хаткер, бас редактордың орынбасары лаўазымларын атқарды.

Шайырдың шығармалары 60-жыллардан баслап жәрияланды.Оның "Ақ терек пе, көк терек" (1964), "Лирика" (1966), "Гөззаллық оянды" (1970), "Айсәнем" (1973), "Ашылысыў" (1977), "Жақсылық сарайы" (1986), "Арзыў шәмени" (1981), "Жулдызлар жанар" (1989) деген топламлары басылып шықты. Талантлы шайырдың еки топламы (1984, 1988) рус тилинде де жарық көрди.

Т.Мәтмуратов аўдарма тараўында А.С.Пушкин, М.Ю.Лермонтов, С.Есенин, В.Шекспир, Гёте тағы басқалардың шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарды. Өлмес талант ийеси Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлығының лауреаты (1986) болды, ол "Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген мәдeният хызметкери" деген ҳүрметли атаққа ийе еди ҳәм оған Қарақалпақстан Республикасы Жаслар аўқамының сыйлығы (1977) берилген.

Т. Мәтмуратов 1969-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Мәтсапаев Минәж

## 1905-1977

Минәж Мәтсапаев — халық шайыры.

М. Мәтсапаев 1905-жылы Шымбай районындағы Пахтаабад аўылында туўылған.

Ол ата-анасынан жаслай жетим қалады хәм аўылда дийқаншылық пенен шуғылланған, кейин ала жәмәәт хожалығына ағза болып кирген.

1954-57-жыллары Кеңес районындағы газетада хызмет еткен.

Халық шайырының биринши қосығы 1936-жылы жарыққа шықты, ол аўыл арасында көпшиликке бақсы сыпатында да мәлим болды, көплеген дәстанларды атқарады.

Шайырдың "Қосықлар" (1959), "Аўыл әпсанасы" (1972) деген топламлары китап болып басылған.

М. Мәтсапаев 1939- жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Мәўленов Сәдирбай

## 1919-1942

Сәдирбай Мәўленов — қарақалпақ әдебиятының үлгилерин жыйнаўшы сыпатында мәлим.

С.Мәўленов 1919-жылы Тахтакөпир районында туўылған.

Ол аўылда басланғыш мектепте оқып, аўыл хожалығы тараўында ислеген, ал 1937-жылы "Жас Ленинши" газетасына жумысқа орналасады, Жазыўшылар аўқамында хызмет етеди, соңынан екинши жәҳән урысы фронтына атланып, сол жақта қайтыс болады.

Ол өз аўылласы Шәмшет Хожаниязов пенен бирликте қарақалпақ аўызеки әдебиятының үлгилерин тынымсыз жыйнады.

Жийен жыраў, Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш, Омар, Гүлмурат шайырлардың шығармаларын халық аўзынан жазып алды.

Мағлыўматларға қарағанда, олар тек ғана 1939-жылдың өзинде халық аўзынан елиў мыңнан аслам қатардан ибарат болған фольклорлық ҳәм жазба әдебиятлық дөретпелерди жазып алған ҳәм оларды қолжазба қорына тапсырған, халықтың руўхый ғәзийнесине айландырған.

Мине, усындай мийнетлердиң нәтийжесинде қарақалпақ фольклоры ҳәм жазба әдебиятының нусқалары баспа сөз жүзинде дәслепки рет жәриялана баслады.

С.Мәўленов 1939-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Муратбаев Жубатқан

## 1939-2002

Жубатқан Муратбаев — жазыўшы.

Ж.Муратбаев 1939-жылы 10-майда Қазақстанның Қызыл-Орда областының Қармақшы районының аймағында туўылған.

Ол Самарқанд аўыл хожалығы институтын питкерип (1961), Бухараның Тамды районында (1961-63), соңынан Шымбайдағы Октябрьдың 40 жыллығы совхозында, Тахтакөпирдеги "Москва" совхозында (1967-1968), Қарақалпақстан·аўыл хожалығы Министрлигинде ислейди, Қаракөлшилик мәмлекетлик биопунктиниң баслығы болады (1968-78), Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамында әдебиятты нәсиятлаў бюросын басқарады (1982-84).

Жазыўшының "Жесир" (1980), "Бахыт жолы" (1981), "Таң жулдызы" (1983), "Дығырық" (1990), "Шежирениң шыбығы" (1991), "Айталмай кетти" (1992), "Аққуўға оқ дарымайды" (1993) деген повесть, гүрриңлер хәм романлары басылып шықты. Оның бир қатар повестьлери қазақ тилинде де жәрияланған.

Ж.Муратбаев "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәденият хызметкери" ҳүрметли атағына ийе.

Ол Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланған хәм Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамы сыйлығының лауреаты болыўға еристи.

Ж.Муратбаев 1982-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Мусаев Нурман

## 1950-2006

Нурман Мусаев — шайыр ҳәм композитор.

Н. Мусаев 1950- жылы 14-октябрьде Қоңырат районында туўылған. Орта мектепти питкергеннен соң, 1973- жылы Ташкент қаласындағы Низамий атындағы мәмлекетлик педагогикалық институтының музыка факультетин тамамлаған. Ол мийнет жолын Қарақалпақстан Республикасы Мәдeният Министрлер басқармасында аға методист болып ислеўден баслады.

1976-жылы Қарақалпақстан Республикасы радиосында редактор, 1979-жылы Қарақалпақстан Республикасы Мәдeният Министрлигинде бөлим баслығы, 1981-жылы Қарақалпақстан Республикасы халық дөретпелери Орайында баслықтың орынбасары, 1989-жылы Қарақалпақстан Республикасы ансамбллер бирлеспесиниң бас директоры, композиторлар аўқамының жанындағы үгит-нәсият орайының баслығы, 1996-жылы Қарақалпақстан Республикасы Телерадиокомпаниясында телевидение редакторы, 2003-жылы Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында кафедра баслығы болып иследи.

2000-жылы "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген көркем өнер ғайраткери" ҳүрметли атағы берилди.

Н. Мусаевтың "Аўа деймен" (1994), "Гүбелек" (2000), "Ашкөзлер", "Биз дослықты жырлаймыз", "Ғәрезсизлик перзентлери бизлермиз" атлы шығармалары шықты.

Н. Мусаев 2005-жылдан баслап Жазыўшылар аўқамының ағзасы.


www.ziyouz.com kutubxonasi

# Муўсаев Аяпберген

## 1880-1936

Аяпберген Муўсаев — атаклы халық шайыры, XX әсирдеги каракалпақ әдебиятының баслаўшыларының бири.

А. Муўсаев 1880-жылы Мойнақ районындағы Соркөл аўылында туўылған. Халық шайыры Соркөл волостының хаткери (1925-27) болды, майда хожалықларды артельге бирлестириўде айрықша көзге түскенлердиң бири.

Халық шайыры белгили қыссаханлардың бири еди. Ол көплеген дәстанларды ядқа билди, шығыс классик шайырларының шығармаларын көпшиликке жеткериўде айрықша орын тутты. Еки түрли заманды көрген шайырдың өзиниң шығармалары да көпшиликке кеңнен мәлим болды, оның дөретпелери сол ўақыттың идеялық талапларынан келип шықты хәм оларға дурыс жуўап берип отырды.

Шайырдың ең биринши топламы өз алдына китап болып "Шығармалар" деген ат пенен 1941-жылы басылып шықты, ал усыған шекем оның дөретпелери халық арасында аўызша түрде тарқалды. Шайырдың шығармаларын жазып алыў хәм баспаға таярлаўда Н.А. Баскаков, Т. Бекимбетов, Х. Ахметов, Т. Сафиев, О. Кожуров, Қ. Айымбетов, Н. Жапақов, М. Нурмухамедов, Қ.Байниязов хәм тағы басқалар көп жумыслар иследи. Оның шығармалары бир неше рет (1956,1960, 1980) толықтырылып кайтадан басылып шықты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Мырзабаева Пәтийма

## 1963

Пәтийма Мырзабаева — шайыр.

П. Мырзабаева 1963-жылы Қоңырат районында туўылған. 1985-жылы Нөкис мәмлекетлик университетиниң филология факультетин питкерип, Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамында әдебий мәсләхәтши болып иследи.

П. Мырзабаеваның "Ышқы тарлары" (1985), "Дәуир нәпеси" (1989) деген топламлары басылып шықты.

Талантлы шайыр Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығын ҳәм Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының сыйлығын алыўға миясар болды.

Шайыр 1991-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.


www.ziyouz.com kutubxonasi

# Назбергенов Дәли

## 1913-1942

Дәли Назбергенов — белгили шайыр ҳәм журналист.

Д.Назбергенов 1913-жылы Қоңырат районында туўылған.

1919-жылы ҳәзирги Нөкис районының Қотанкөл аўылына көшип келеди.

1933- жылы Төрткүлдеги аўылхожалық техникумын питкерип, Қараөзек районында аграном болып иследи. 1934-38-жыллары "Қызыл Қарақалпақстан" газетасында бөлим баслығы, жуўаплы хаткер болды.

Ол 1942-жылы Жазыўшылар аўқамының баслығы болып сайланды.

Д. Назбергенов 1942-жылы самолет апатынан қайтыс болды.

Шайырдың қосықлары 30-жыллардың орталарынан баслап жәрияланды.

Оның "Бахыт нуры" (1936), "Қосықлар" (1939), "Биз жеңемиз" (1942), "Таңламалы шығармалары" (1950-1955), "Шығармалары" (1958-1966) топламлары жәрияланған.

Д. Назбергенов 1939-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Нарымбетов Жаңабай

## 1937-2003

Жаңабай Нарымбетов—проза изертлеўшиси ҳәм сыншы.

Ж. Нарымбетов 1937-жылы 15-апрельде Кегейли районындағы Бозкөл аўылында туўылған. Ол 1956-жылы Нөкис аўылхожалық техникумын, ал 1962-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутының рус тили ҳәм әдебияты факультетин питкерип, сол жерде оқытыўшы, Н. Дәўқараев атындағы тарийх, тил ҳәм әдебият институтында илимий хызметкер, сектор баслығы болды. 1966-1969-жыллары Москвада аспирантурада оқыды, областьлық партия комитетиниң лекторлар топарының баслығы, Нөкис мәмлекетлик университетиниң сырттан оқыў бөлиминиң проректоры, областьлық партия комитетиниң үгит-нәсият бөлиминиң баслығы, және де университеттиң проректоры, Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик пединститутының оқыў ислери бойынша проректоры, оқытыўшысы лаўазымында жумыс ислеген. Ол 1970-жылы "Қарақалпақ романының пайда болыўы ҳәм кәлиплесиўи" деген темада кандидатлық диссертациясын жақлайды, оған профессор илимий атағы бериледи.

Әдебиятшы ҳәм сыншының "Каракалпакский роман" (Т, 1974), "Жаңа эстетикалық шеклерге қарай" (1984) деген мийнетлери басылып шықты. Ол "Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери"(1968), "Қарақалпақ әдебияты" (1984), "Саҳра гүли" (2001) деген китаплары да авторларының бири. Ж.Нарымбетов Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлығының лауреаты (1978), Қарақалпақстан Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланған. Ол "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери" ҳәм "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәденият хызметкери" деген атақларға ийе.

Ж.Нарымбетов 197(-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Насруллаева Зайтуна

## 1929-1988

Зайтуна Насруллаева —әдебиятшы алым ҳәм сыншы.

З.Насруллаева 1929-жылы 12-апрельде Төрткүл қаласында туўылған. Ол 1950-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутын тамамлап, аўыл хожалық техникумында муғаллим, Ташкенттеги Низамий атындағы пединститутта оқытыўшы (1951-54), Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутында оқытыўшы (1956-59), Қарақалпақстан мәдений министриниң орынбасары (1962-64), мәдений министри (1964-65) ҳәм өмириниң ақырына шекем Н.Дәўқараев атындағы Тарийх, тил ҳәм әдебият институтында илимий хызметкер, сектор баслығы болып ислейди. Алым ҳәм сыншы 1962-жылы "Қарақалпақ әдебиятында ҳаял-қызлар образы" деген темада филология илимлериниң кандидаты,1982-жылы "Қарақалпақ прозасында тип ҳәм характер проблемасы (машқаласы) " деген темада докторлық диссертациясын жақлады. Оның илимий сын мақалалары 50-жыллардың орталарынан баслап жәрияланды. "Қарақалпақ әдебиятында ҳаял-қызлар образы" (1963), "Герой современной каракалпакской прозы" (1976), "Каракалпакия – мой край родной" (1979), "Проблема типа и характера в современной каракалпакской прозе" (1984) деген китаплары басылып шықты. Ол "Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери" (1968) деген китаптың авторларының бири.

З.Насруллаева "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери" деген ҳүрметли атаққа ийе.

З.Насруллаева 1979-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.


www.ziyouz.com kutubxonasi

# Нәжимов Турдымурат

## 1914-1988

Турдымурат Нәжимов 1914-жылы 1-августта Тахтакөпир районында туўылған. Мийнет жолын аўыллық мектепте муғаллим болып ислеўден баслады, жоқары партия мектебинде оқыды, 1935-36-жыллары районлық жаслар комитетинде иследи. 1939-жылы Ташкенттеги Низамий атындағы педагогикалық институтты тамамлап, Нөкис қаласында мектеп директоры болды.

1940-43-жыллары екинши жәҳән урысына қатнасты, фронттан қайтқаннан соң Тахтакөпир районында билимлендириў бөлиминиң баслығы, районлық газетаның редакторы. Ташкентте партия мектебиниң тыңлаўшысы, Қарақалпақстан Министрлер Кеңеси жанындағы мәденият ислери басқармасында, 1951-жылдан өмириниң ақырына шекем "Қарақалпақстан" баспасында аға редактор болып иследи.

Оның "Женис жолында" (1952), "Жеңис ҳаўазы" (1954), "Жаңа жер үстинде байрақ" (1955), "Қызлар қосығы" (1958), "Жаўынгерлик жыллары" (1968), "Бүркит" (1970) сыяқлы топламларда гүрриңлери ҳәм повестьлери жәрияланды. Жазыўшының "Жаңа қоныс" (1972), "Қызыл қум қойнында" (1976), "Отлы дәрья" (1979), "Новгород ярмаркасы" (1983) романлары ҳәм " Еки дос" (2007), "Өтмиштен елеслер" (2009), "Песня девушек", (2009) "Схватка с тиграми" (2009), "Инжигүл" (2010) китаплары басылып шықты. Т. Нәжимов "Қарақалпақстан Республикасына мийнети синген мәдениат хызметкери" (1974), Жаўынгерлик медаль, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланған. Оның шығармалары өзбек, рус тиллерине аўдарылған.

Т. Нәжимов 1954-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Ниетуллаев Сағындық 1948

Сағындық Ниетуллаев—шайыр.

С Ниетуллаев 1948-жылы Мойнақ районында туўылған. 1971-жылы Ташкенттеги республикалық рус тили ҳәм әдебияты педагогикалық институтын, 1985-жылы Ташкент мәмлекетлик университетиниң юридика факультетин питкерген. Ол юридика илимлериниң докторы, профессор, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген юрист.

Мийнет жолын Мойнақ районында орта мектепте муғаллим болып ислеўден баслаған. Соңынан Мойнақ районлық жаслар комитетинде бөлим баслығы, партия комитетинде инструктор, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кеңесинде аға референт, Өзбекстан Республикасы Орайлық комитетинде инструктор, Қанлыкөл районлық ҳәм Нөкис қалалық партия комитетиниң биринши хаткери, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси баслығы, Қарақалпақстан обкомының биринши хаткери, Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик министри, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Секретариат баслығы, Салық бас басқармасы баслығының орынбасары лаўазымында ислеген. Ҳәзирги күнде ол Қарақалпақстан Республикасы Кәсиплик аўқамлары шөлкемлери бирлеспесиниң баслығы болып ислеп атыр. Ол 1989-1994-жыллары Өзбекстан Республикасы Жоқарғы Кеңесинин ҳәм еки мәрте Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесинин депутаты болып сайланды. С.Ниетуллаевтың талантлы шайыр сыпатында "Мен саған ашықпан" (1980), "Гүлзар"(1992), "Жақсы тилек" (2004), "Өмир ҳаққында ойлар" (2006), "Тәғдир" (2007), "Елим мениң" (2007), "Усы елдиң перзентимен" (2008), "Қәдиринде, қымбатың өз елинде" (2009) сыяқлы поэзиялық топламлары басылып шықты.

С Ниетуллаев 1995-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Нуржанов Пердебай

## 1963

Пердебай Нуржанов–әдебият изертлеўшиси ҳәм сыншы.

П. Нуржанов 1963-жылы 25-мартта Шымбай районында туўылған.

Орта мектепти тамамлағаннан соң, Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң филология факультетинде оқып билим алады.

Мийнет жолын 1985-жылы Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими Н. Дәўқараев атындағы Тил ҳәм әдебият институтының киши илимий хызметкери ўазыйпасынан баслады.

1989-93-жыллары Москвадағы М.Горький атындағы жер жүзлик әдебият институтында аспирантура курсында оқыған. 1994-жылы "Т.Қайыпбергеновтың "Қарақалпақ дәстаны" қарақалпақ әдебиятында биринши тарийхый трилогия" атамасындағы кандидатлық диссертациясын жақлаған.

Ҳәзирги ўақытта Бердақ атындағы Қарақалпақ Мәмлекетлик университетиниң филология факультетинде оқытыўшы болып ислеп атыр.

Оның "Сверяя с народной памятью" (1994), "Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият" (1993), "Ғәрезсизлик дәўирдеги қарақалпақ прозасы" ("XX әсир қарақалпақ әдебияты" сабағы ушын қосымша оқыў қолланбасы) (2003), "Ҳәзирги қарақалпақ романы поэтикасы ( композициялық ҳәм жанрлық-стиллик өзгешеликлери)" (2008), "Ҳәзирги қарақалпақ романы (сюжет ҳәм конфликт поэтикасы)" (2009) илимий китаплары басылып шықты. Ол 5-класс ушын "Әдебият" (2007) сабақлығының авторларының бири болды.

П. Нуржанов 1998-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Нурлепесова Гүлнара

## 1961

Гүлнара Нурлепесова – шайыр ҳәм журналист.

Г. Нурлепесова 1961-жылы 5-июньда Қараөзек районында туўылған.

Усы райондағы И. Арзыўов атындағы орта мектепти табыслы тамамлағаннан соң Ташкент мәмлекетлик университетиниң журналистика факультетинде билим алады.

Өзиниң дөретиўшилик мийнет жолын “Жас Ленинши” (ҳәзирги “Қарақалпақстан жаслары”) газетасынан баслайды.

Дәслеп арнаўлы хабаршы, соң бөлим баслығы (1980-1994) болып ислеген. 1994- жылы усы газетада ҳәм баспасөз бетлеринде жәрияланған публицистикалық шығармалары ушын Қарақалпақстан жаслар аўқамы сыйлығының лауреаты болды.

1994-98-жыллары “Қарақалпақстан ҳаўазы” газетасында жуўаплы хаткер, бас редактор орынбасары, 1998-жылдан баслап республика балалары ҳәм жас өспиримлериниң “Жеткиншек” газетасында бас редактор, 2010-жылдан Нөкис қаласы ҳәкиминиң орынбасары, ҳаял-қызлар комитетиниң баслығы болып жумыс ислеп атыр.

Оның “Қайлардасыз, гүмис булақлар?!”, “Ҳасла нашар демең бизди, ағалар” атлы еки қосықлар топламы баспадан шықты. 1999-2004-жыллары ҳәм 2005-2009-жыллары Нөкис қалалық Кеңесиниң депутаты болып сайланған.

Г. Нурлепесова 2005-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Нурмухаммедов Марат

## 1930-1986

Марат Нурмухаммедов — қарақалпақ әдебияттаныў илиминде биринши академик-сыншы.

М. Нурмухаммедов 1930-жылы 6-январьда Төрткүл қаласында туўылған. Ол 1950-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик railinstitutын питкерип, Москвадағы Шығыстаныў институтының аспирантурасында оқыды, соңынан Қарақалпақстан экономика ҳәм мәдeният институтында аға илимий хызметкер, бөлим баслығы, директордың орынбасары лаўазымында ислеў менен бирге "Әмиўдәрья" журналының бас редакторы, Жазыўшылар аўқамының баслығы ўазыйпаларын қоса атқарды, Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақстан филиалының баслығы, областьлық партия комитетиниң секретары, Өзбекстан Илимлер Академиясының академик-секретары, А. С. Пушкин атындағы Тил ҳәм әдебият институтының директоры, Академияның вице-президенти, "Өзбекстан жәмийетлик илимлери" журналының бас редакторы, қайтадан академик-секретар болып иследи.

М. Нурмухаммедов 1953-жылы "Қарақалпақ әдебиятының раўажланыўына рус әдебиятының тәсири" деген темада филология илимлериниң кандидаты деген илимий дәрежени алыў ушын, 1965-жылы "Қарақалпақ прозасының раўажланыў жоллары" деген темада докторлық дәрежени алыў ушын диссертациялар жақлады. Алым 1966-жылы Өзбекстан Илимлер Академиясының хабаршы-ағзасы, ал 1974-жылы усы Академияның академиги болып сайланды.

М. Нурмухаммедов Нөкис мәмлекетлик университетиниң ректоры болып иследи. Ол 1986-жылы Түркияның Измир қаласы жанында автомобиль апатынан қайтыс болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

М. Нурмухаммедовтың "Қарақалпақ әдебиятының раўажланыўына рус әдебиятының тәсири"(1956), "Қарақалпақ әдебияты тарийхының қысқаша очерки"(1959), "Қарақалпақ-рус мәдений байланыслары тарийхынан" (1974), "Қарақалпақ совет прозасы»(1957), «Ҳәзирги заман қарақалпақ прозасы» (1968), «О зарождении письменной литературы и полуоседлых и кочевых тюрко-язычных народов средней Азии и Казахстана» (1970), "Халықлар тәғдири- әдебият тәғдири" (1980), "Аяпберген Муўсаев" (1981), "Бердақ – қарақалпақ әдебиятының тийкарын салыўшы" (1978), «Шығармаларының еки томлығы» (1983-1985) сыяқлы монографиялары жарық көрди.

М. Нурмухаммедов Пушкин шығармаларының Орта Азия халықларының фольклоры менен байланысын изертлеўге арналған "Пушкин ҳәм Орта Азия халықларының фольклоры", "Пушкин, Орынбор ҳәм орынборшылар" (1981-1983) китапларын жазды ҳәм бастырып шығарды. Ол көплеген әдебият бойынша басылымларға басшылық етти, оның бир қатар шығармалары өзбек, рус, венгер, инглиз, түрк тиллеринде жәрияланды. М. Нурмухаммедов Берлин, Бомбей, Мадрас, Болонья, Галле, Бағдат, Стамбул қалаларында жәмийетлик илимлер, әдебият бойынша баянатлар иследи.

Ол мәмлекетлик орден ҳәм медаллар, сондай-ақ, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланған, бир неше мәртебе Қарақалпақстан ҳәм Өзбекстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине депутат болып сайланды.

Ол Қарақалпақстан (1973) ҳәм Өзбекстан (1980) Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери ҳүрметли атағына ийе ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Бердақ, Өзбекстан Республикасы Беруний атындағы мәмлекетлик сыйлықлардың лауреаты еди.

М. Нурмухаммедов 1955-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Нурымбетов Садық

## 1900-1972

Садық Нурымбетов — атақлы халық шайыры.

С. Нурымбетов 1900-жылы Кегейли районының аймағында туўылған. Онын шайыршылығының қәлиплесиўинде ағасы-белгили шайыр Сыдық Токпан улынын тәсири күшли болған. Халық шайыры 1939-жылы Қарақалпақстанның пайтахты Төрткүлге шақыртылып әдебиятымызға жақыннан араласыўға мүмкиншилик табады, басқа да жазыўшы-шайырлар менен бирге Москва, Ташкент калаларында болады.

Шайырдың қосықлары 20-жыллардан баслап-ақ халық арасына тарқала баслаған. Садық шайырдың "Бизиң ўатан" (1940), "Жеңимпаз халық" (1942), "Батырлар алға" (1944), "Бахтыяр" (1950), "Түлкишек" (1956), "Фархад" (1958, 1978), "Жипекши Жаңыл" (1961), "Жаңа заман жырлары" (1962), "Қаналаслар" (1968) деген топламлары басылып шықты. Буннан тысқары шайыр Шығармаларының еки томлығы (1971,1972) жәрияланды.

С. Нурымбетов "Қарақалпақстан халық шайыры" (1942), "Өзбекстан халық жыршысы" (1957) деген хүрметли атаққа ийе.

Ол орденлер, медальлар хәм Өзбекстан, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Хүрмет жарлықлары менен сыйлықланды.

С. Нурымбетов 1939- жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Нурметова Зулайха

## 1950

Зулайха Нурметова — шайыр.

З. Нурметова 1950-жылы 6-майда Хорезм қаласының Янгиарык районында туўылған.

Орта мектепти тамамлағаннан соң, 1974-жылы Хорезм мәмлекетлик педагогикалық институтының филология факультетин сырттан оқып питкерди.

Мийнет жолын Төрткүл мәмлекетлик банкинде экономист-бухгалтер болып ислеўден баслайды.

Соңынан орта мектепте өзбек тили ҳәм әдебияты муғаллими (1977-78), Елликқала районы газетасында хабаршы, бөлим баслық, редактор орынбасары болып ислеген.

Ҳәзирги ўақытта "Давр кўзгуси" газетасының бас редакторы болып ислейди.

З. Нурметованың "Элликқала таронаси" (2002), "Истиқлол илҳомлари" (2006) қосықлар топламы китап болып шықты.

З. Нурметова "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген журналист" (1998) атағына ийе.

З. Нурметова 2006-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Нурыллаева Уғылжан

## 1959

Уғылжан Нурыллаева — шайыр.

У.Нурыллаева 1959-жылы 3-декабрьде Төрткүл қаласында туўылды.

1977-жылы райондағы 58-санлы мектепти, 1986-жылы Беруний районындағы педагогика билим журтын, 1993-жылы Ташкент мәмлекетлик университетиниң журналистика факультетин тамамлады.

У.Нуруллаева мийнет жолын 1983-жылы Төрткүл районы газетасында корректор болыўдан баслады.

Ол бүгинги күни "Төрткүлнама" газетасында редактор болып ислеп атыр.

Оның 1993-жылы "Қарақалпақстан" баспасынан шығарылған "Төрткүл гүллери" топламында қосықлары басылды. 1995-жылы "Хорезм" баспасынан "Устаз" очерки, 2001-жылы "Хорезм" баспасында "Ҳайрат" қосықлар топламы басылып шықты.

Сондай-ақ, "Әдептаныў" китабын өзбек тилине аўдарыўда қатнасты.

У. Нурыллаева Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң «Ҳүрмет жарлығы» менен сыйлықланған.

У. Нурыллаева 2004-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Нызанов Муратбай

## 1951

Муратбай Нызанов — сатирик жазыўшы.

М. Нызанов 1951-жылы Кегейли районында туўылған.

Ол орта мектепти тамамлағаннан соң Қарақалпақ мәмлекетлик университетин сырттан оқып питкерген, өзи туўылған районда ғы М. Жуманазаров атындағы хожалықта жумысшы, "Пахтакор" спорт жәмийетинде инструктор, районлық газетада, "Жеткиншек", "Совет Қарақалпақстаны" газетасында, соңынан Қарақалпақстан телевидениеси хәм радио еситтириў комитетинде аға редактор, бас редактор, телевидение бойынша баслықтың орынбасары лаўазымларында ислеген, "Арал" журналының бас редакторы, «Қарақалпақстан» баспасының директоры, хәзирги ўақытта Қарақалпақфильмның директоры.

Сатириктиң "Усындай да болады" , "Күлким келеди", "Нышана", "Сизге болмайды", "Адам күлдиргени ушын", "Жат журттағы жети күн", "Ақшагүл", "Расын айтсаң урады", "Адам жаманласаң зейниң ашылады", "Еки қанхор", "Ғәзийне", "Жақында кызық болады", «Акшагүл», "Ақырет уйқысы" «Душпан» хәм тағы басқа гүррińлер, повестлер китаплары сондай-ақ, «Таңламалы шығармалар» ының 1-2 томлары басылып шықты.

Ол соңғы жыллары киносценарист жазыўшы сыпатында "Танк", "Уры", "Курорт" сыяқлы кинофильмлери менен кең журтшылыққа таныдды.

М. Нызанов 1991-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Оразымбетов Қуўанышбай 1962

Қуўанышбай Оразымбетов—жазыўшы ҳәм әдебият изертлеўшиси.

Қ. Оразымбетов 1962-жылы 4-февральда Тахтакөпир районының Әдил аўылында туўылған. Орта мектепти питкергеннен кейин республикалық "Совет Қарақалпақстаны" газетасында корректор болып мийнет жолын баслайды, 1989-жылы Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң қарақалпақ филологиясы қәнигелигин питкергеннен соң әдебияттаныў қәнигелиги бойынша аспирантураға оқыўға киреди. 1993-жылы "Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик (80-жыллар)" деген темада кандидатлық, 2005-жылы "Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы" деген темада докторлық диссертациясын жақлады. 1996-жылдан филология факультети деканы лаўазымында хызмет атқарды. Ҳәзир университет проректоры. Оған 1996-жылы доцент, 2008-жылы профессор илимий атақлары берилди.

Қ.Оразымбетов 1979-жылдан баслап қосықлары республикалық "Жеткиншек", "Жас Ленинши" газеталарында, районлық газеталарда жәрияланды. Кейин проза тараўында қәлем тербетти. Баспа сөзде көп ғана гүрриңлери, очерклери, "Саған исенемен" (1995) повести жарық көрди.

Оның қарақалпақ әдебияттаныў илиминиң актуал машқалаларына арналған мақалалары Ташкенттеги "Жаҳон адеабиёти", "Өзбек тили ва адабиёти", ӨзМУ Хабаршиси", Москвадағы "Вестник МГУ", Алматадағы "КазГУ Хабаршысы" журналларында. Ашхабадтағы"Түркмен дуниеси" газеталарында жәрияланды.

Қ.Оразымбетов 2000-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Өтемуратова Ҳүрлиман

## 1965

Ҳүрлиман Өтемуратова—жазыўшы ҳәм әдебият изертлеўшиси.

Ҳ. Өтемуратова 1965-жылы Кегейли районында туўылған. Орта мектепти 1982-жылы тамамлап, Нөкис мәмлекетлик университетиниң филология факультетине киреди ҳәм оны айрықша баҳалар менен питкерип шығады.

Ҳ. Өтемуратова 1988-жылы Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақстан бөлими Н. Дәўқараев атындағы Тарийх, тил ҳәм әдебият институтының аспирантурасына киреди ҳәм қарақалпақ прозасы бойынша кандидатлық диссертациясын жақлайды.

Ол Қарақалпақ мәмлекетлик универстетиниң қарақалпақ әдебияты кафедрасында оқытыўшы, ҳәзирги күни Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында оқытыўшы болып ислеп атыр.

Ҳ. Өтемуратованың шығармалары 80-жыллардан баслап баспасөзде дағазаланған. Оның бир қатар гүрриң, новеллалары “Жаслар орбитасы” (1986), “Тоғыз топлам” (1988) сыяқлы басылымлардан орын алды. 1985-жылы “Жулдызым жоқары” новелла ҳәм гүрриңлер топламы басылса, 1991-жылы “Әмиўдәрья” журналында оның “Ҳүрлиман” романы (1991, №2,3), 2006-2007-жыллардағы санларында “Тумарис” романы жәрияланды. Автордың “Қарақалпақ тарийхый романы поэтикасы” (1995) илимий китабы да басылып шықты.

Ҳ. Өтемуратова 1992-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Өтениязов Жуманияз

## 1959

Жуманияз Өтениязов–шайыр.

Ж. Өтениязов 1959-жылы Тахтакөпир районында туўылған. Ол 1984-жылы Нөкис мәмлекетлик университетиниң ҳуқықтаныў факультетин питкергеннен кейин Қарақалпақстан телевидениеси ҳәм радио еситтириў комитетинде редактор, соңынан «Қарақалпақстан» баспасында редактор, Қарақалпақстан Республикасы ишки ислер министирлигиниң баспа сөз орайы баслығы лаўазымын атқарады. Бүгинги күнде ишки ислер министрлигиниң Инсан ҳуқықларын қорғаў бөлимшесинин бас мәсләҳәтшиси болып ислейди.

Шайырдың "Жаңа жыл" (1988), "Шолақ жайын" (1991), «Еки мақтаншақ» (1996), «Тыньшлык сақшылары» (1996), «Үмит шуғласы» (2006), «Узын ҳәм келте» (2007), «Ўатанды сүйип жаса» (2007) деген топламлары, "Ананың жүреги" (1987), «Сексенинши жыллар» (1989), «Айдос бийдиң әрманы» (2007) поэмалары баспадан шықты.

Ол А. С. Пушкин, Ю.М. Лермонтов, В. Гоголь, К.Д. Ушинский, К.Чуковскийдиң бир қатар шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарған.

2006-жылы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кенесиниң «Ҳүрмет жарлығы» менен сыйлықланған.

Ж. Өтениязов 1992-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Өтениязова Алтынгүл

## 1965

Алтынгүл Өтениязова —шайыр хәм журналист.

А.Өтениязова 1965-жылы 13-апрельде Тахтакөпир районында туўылған. 1988-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң филология факультети журналистика бөлимин питкерген хәм усы жылы "Билим" баспасында редактор болып жумыс баслайды. 1991-жылы Қарақалпақстан радиосына әдебий-драмалық еситтириўлер редакциясына жумысқа өтеди. 1998-жылы Қарақалпақстан телевидениесиниң жаслар редакциясында аға редактор болса, хәзир сол жерде жумыс ислейди.

А. Өтениязованың "Қыз күнделиги" гүрринлер (2001), "Жүреклерде бар бол, муҳаббат" қосықлар (2002), балалар ушын "Умытшақ" гүрриңлер (2003) топламлары, "Жақсылыққа тәжим" қосықлар топламы (2007) жарық көрди. "Жумбағы көп дүнья бул", "Муҳаббат хәм ғәзеп", "Жигиттиң ығбалын берсин" видеофильмлери Қарақалпақстан телевидениеси арқалы көрсетилди. 1992-жылы бир актли "Соңғы үмит" пьесасы "Халық театрлары ушын" таңлаўынан табыслы өтип, халық театрларына усынылды.

А. Өтениязова Өзбекстан журналистлери дөретиўшилик шөлкеминиң "Әтиргүл-2006" таңлаўы женимпазы. 2009-жылы Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы мәмлекетлик сазлы театры сексен төртинши мәўсимин А. Өтениязованың "Қызың -ар намысың" музыкалы драмасы менен ашты.

А. Өтениязова 2004-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Өтепов Әбдираман

## 1905-1934

Әбдираман Өтепов—драматургия ҳәм миллий театрдың тийкарын салыўшылардың бири болды.

Ә. Өтепов 1905-жылы Қоңырат районында туўылған. Ә. Өтеповтың миллий театрымыз бенен көркем әдебиятымызды раўажландырыўдағы дөретиўшилик ислери 1919-жыллардан басланды.

Ол 1922-жылдан Округлик жаслар комитетинде, Соркөл ўәлаятлық партия комитетинде ислеген.

1927-жыллардан баслап "Таң нуры" труппасын дүзиў ҳәм оны беккемлеў менен қызғын шуғылланады.

Усының тийкарында 1930-жылы биринши миллий театр дүзилди ҳәм Ә. Өтепов усы театрдың директоры болды (1930-32).

20-жыллардан баслап Ә. Өтеповтың "Тенин тапқан қыз", "Гүман", "Бояўшы ўәкил", "200 грамм", "Еки баслы суў қабақ" сыяқлы пьесалары жазылды ҳәм сахналастырылды.

1956-жылы "Теңин тапқан қыз" пьесасы қайта исленип сахнаға шықты.

Ә.Өтеповтың "Таңламалы шығармалары" 1965-жылы Т. Алланазаровтың таярлаўы менен қайтадан баспадан шықты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Өтепбергенов Әбилқасым

## 1951

Ә. Өтепбергенов—шайыр, жазыўшы хәм публицист.

Ә.Өтепбергенов 1951-жылы 5- майда Түркменстан Республикасының Гөне Үргениш қаласында туўылған. Ол орта мектепти питкергеннен соң 1968-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутының тәбияттаныў факультетине оқыўға киреди. Соң аўылхожалық жумысларында ислейди.

Ол 1976-жылдан баслап "Жас Ленинши", "Еркин Қарақалпақстан"газеталарында, "Әмиўдәрья" журналының бас редакторы ўазыйпасын атқарады. Ҳәзирги ўақытта Қарақалпақстан Республикасы Телерадиокомпаниясының телевидение бойынша бас редактордың орынбасары болып ислейди.

Ә. Өтепбергеновтың "Тамшылар" (1982), "Булақлар" (1990), "Дүнья бир әжайып жайдур" (1993), "Дозақ ишинде" (1993), "Ашылмаған сыр сандығы мендедур" (1994), "Егер кеўлимди хош етсе..." (1996), "Алланды умытпа" (1997), "Аллада есап бар" (2007), "Эй, инсан!" (2007), "Күн шығыс мухамлары" (2007), "Сәлмен ийшан дөхмет курбаны" (2007), "Кимге кеңдур, кимге тардур бул дүнья" (2008), "Халықтан данаман деп ойлама" (2009) атлы қосықлар хәм "Ойнама, бала" (1984) гүрриңлер хәм "Дозақ ишинде" (1993) романы жарық көрди.

Ол түркмен жазыўшысы Б. Сейтаковтың "Қыз салығы" романын хәм түркмен шайыры А. Мамедовтың "Кеўлимниң шар айнасы" деген қосықлар топламларын қарақалпақ тилине аўдарды. 1994-жылы "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәденият хызметкери", 1997-жылы "Шухрат медалы" менен сыйлықланған.

Ә. Өтепбергенов1993-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Өтепбергенли Есберген
## (Қунназаров Есенбай)
## 1944

Есберген Өтепбергенли—жазыўшы.

Е. Өтепбергенли 1944-жылы ҳәзирги Бозатаў районындағы Қаракемир көлиниң етегинде туўылған. Ол 1960-жылы орта мектепти тамамлап, аўылда жумысшы болып ислеген, ал 1966-жылы Самарқанд мәмлекетлик университетин питкерип Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутында оқытыўшы болып ислейди. Бакудеги тилшилик институтында аспирантурада оқыйды. Соңынан пединституттағы оқытыўшылық исин даўам етеди, ҳәзир ол Бердақ атындағы мәмлекетлик университетиниң немец тили кафедрасының доценти.

Е.Өтепбергенли 1991-жылы филология илимлериниң кандидаты деген илимий дәрежени алыў ушын диссертация жақлаған.

Жазыўшының еки рет "Қумар"(1988,1990), "Тәғдирлер" (1990) деген повесть ҳәм гүрриңлер топламы баспадан шықты.

Е. Өтепбергенли (Есенбай Қунназаров) герман тиллери бойынша белгили қәнигелердиң бири. Оның бир неше илимий мақалаларынан тысқары "Лингвистикалық валентлилик теориясы ҳәм оның шет тиллерди үйрениўдеги тутқан орны" (1979), "Немец ҳәм қарақалпақ тиллериндеги аўыспалы фейиллердиң валентлилиги" (1980), "Ҳәр қыйлы дүзимдеги тиллердеги фейиллердиң мәнилик қурылыслары" (1993) деген илимий китаплары баспада жәрияланды.

Е. Өтепбергенли 1993-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Өтеўлиев Ибрайым

## 1955-2011

Ибрайым Өтеўлиев—әдебият изертлеўшиси.

И. Өтеўлиев 1955- жылы 8-мартта Қоңырат районына қараслы 7-аўылында туўылды.

Орта мектепти тамамлағаннан соң Нөкис мәмлекетлик университетинин филология факультетинин қарақалпақ тили хәм әдебияты кәнигелигинде оқып билим алды (1973-1977).

Мийнет жолын 1977-жылы Қанлыкөл районындағы Әжинияз атындағы мектепте муғаллим болыўдан баслаған. Нөкис мәмлекетлик университетинин қарақалпақ әдебияты кафедрасы аспиранты (1978-82), Қарақалпақ тили кафедрасы лаборанты (1982-85). 1985-жылдан каракалпак әдебияты кафедрасы асиссент оқытыўшысы болып ислеген.

1988-жылы "Қарақалпақ әдебиятында интернационализм идеясы хәм миллий характердиң эволюциясы" деген темада кандидатлык диссертациясын жақлады. Соңынан Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң қаракалпак әдебияты кафедрасының доценти (1993-2001), 1995-1998-жыллары қарақалпақ әдебияты кафедрасының докторанты, оқытыўшы (1995-98), 2001-жылы Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының қарақалпақ әдебияты кафедрасының баслығы, 2004-жылдан факультет деканы, 2007- жылдан қарақалпақ әдебияты кафедрасының доценти лаўазымында ислеп келди.

2004-жылы Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириўи ағласы нышанын алыўға миясар болды.

И. Өтеўлиевтың "Қарақалпақ әдебиятында интернационализм идеясы хәм миллий характердиң эволюциясы" (1991), "Алақанымдағы гул". Гүррин хәм эпифаниялар (1992), "Жан даўысы".Илимий изертлеўлер.(1993), Бағдарлама "XIX әсир



www.ziyouz.com kutubxonasi

ақыры ХХ әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты" (1993 А.Пахратдинов пенен бирге). Голос писателя-голос народа" (1993), "Профессор Юнис Пахратдинов" (1998, Б.Даўлетов ҳәм Д.Пахратдиновлар менен бирге). "Бердақ шайырдың миллий өзиншеликлери" (1998), "XIX әсир қарақалпақ әдебиятының миллий өзиншеликлери, Әжинияз, Бердақ дөретиўшилиги мысалында" (2005), китаплары басылып шыққан.

Ол 1992-жылдан Журналистлер аўқамының, 1997- жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Өтеўлиев Өмирбай

## 1954

Өмирбай Өтеўлиев — жазыўшы хәм журналист.

Ө. Өтеўлиев 1954-жылы Шымбай районындағы "Кеңес" аўылында туўылған.

1971-жылы орта мектепти питкерип, Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутының қарақалпақ тили хәм әдебияты бөлимине оқыўға киреди.

Мийнет жолын 1977-жылдан "Жеткиншек" газетасында баслайды, соңынан Қарақалпақстан радио еситтириў комитетинде, 1985-жылдан хәзирге шекем "Еркин Қарақалпақстан" газетасында өз хабаршысы лаўазымында ислеп келмекте.

Ө. Өтеўлиев "Уллы терек" (1983), "Қолына кус консын" (1986), "Қызыл көйлекли кыз" (1991), "Ҳүждан хәм ҳүким" (1992), "Адамларға сырлас болсаң" (1993), "Теңиздиң жини" (2005) атлы китаплары өз алдына баспадан шықты хәм оларда автордың гүрриң, новелла және публицистикалық шығармалары орын алған.

Ө. Өтеўлиев 1981-жылдан Журналистлер аўқамының, 1993-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.


www.ziyouz.com kutubxonasi

# Пайзуллаева Шәригүл

## 1962

Шәригүл Пайзуллаева 1962-жылы Хожели районында туўылған.

Қарақалпақ мәмлекетлик университетин тамамлағаннан соң, мийнет жолын 1986-жылдан Үлкетаныў музейинде хызметкер болып ислеўден баслады.

Ҳәзирги күнде Бердақ атындағы миллий музейиниң директоры.

Оның "Соқпақ", "Аналарды уран еткен халықпыз" қосықлар топламлары, "Аз өмесдур, қарақалпақ көп", "Өмири өнер болған азамат", «Алыстағы ағайинлер» публицистикалық топламлары басылып шыққан. Ол "Шухрат" медалының ийеси.

Музей жумысларынан тысқары 1987-жылдан Қарақалпақстан телевидениесинде "Йош", "Мийрас", "Яднама" көрсетиўлерин алып барады.

"Алыстағы ағайин" көрсетиўиниң авторы ҳәм алып барыўшысы.

Ш.Пайзуллаева 1995-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Пиржанов Узақбай

## 1937

Узақбай Пиржанов—шайыр, жазыўшы ҳәм дилмаш.

У. Пиржанов 1937-жылы 18-августта Бозатаў районының "Еркиндәрья" аўылында туўылған. Орта мектепти питкергеннен кейин Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутында оқыйды. Мийнет жолын "Жас Ленинши", "Совет Қарақалпақстаны" газеталарында баслаған. Ол "Әмиўдәрья" журналында, 1979-жылдан "Қарақалпақстан" баспасында, Қарақалпақстан телерадиокомпаниясында хызмет етеди.

У. Пиржановтың "Муҳаббат қосығы" (1970), "Онда бәҳәр еди" (1977) деген қосықлар топламлары, "Сүўрет" (1974), "Ақ тал астындағы ақшам" (1974), "Ағыс" (1981), "Гүзги жапырақлар" (1983), "Қарда қалған излер" (1984), "Апрельдиң соңғы ақшамы" (1987) атлы прозалық китаплары басылып шықты.

У. Пиржанов Ш. Айтматовтың "Разы бол, Гүлсары" (1979), "Қызыл шалғышлы дилбарым", "Ерте кеткен тырналар" (1982) повестьлерин, "Әсирге татырлық күн" романын, Абылғазының "Түрклер шежиреси", "Темир дүзиклери" дөретпелерин, К. Чандр, Х.А. Аббас, М. Нуйаменин бир қатар шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарған.

У. Пиржанов 1972-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Пирназаров Айымқул

# 1934-2003

Айымқул Пирназаров—әдебият изертлеўшиси.

А.Пирназаров 1934-жылы 15-октябрьде Тахтакөпир районында ҳәзирги "Бөршитаў" хожалығында туўылады.

1948-жылы Қараөзек районы орайындағы мектепти питкереди. Соңынан Шымбай қаласындағы педучилищени 1952-жылы питкергеннен соң, ол 1952-54-жыллары әскерий хызметте болады. 1960-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының рус тили ҳәм әдебияты факультетин питкерип, өз мийнет жолын Қараөзек районында муғаллим болып ислеўден баслайды.

Соңынан 1966-жылға шекем республикамыздың Кегейли, Тахтакөпир, Әмиўдәрья районларында ҳәм Нөкис қаласындағы мектеплерде муғаллим, мектеп директорының оқыў ислери бойынша орынбасары лаўазымларында ислейди. 1966-жылдың октябрь айында ӨзРИАҚБ Н. Дәўқараев атындағы Тарийх, тил ҳәм әдебият институтының қарақалпақ классик әдебияты бөлимине жумысқа орналасады.

Ол өмиринин ақырына шекем усы институтта илимий хызметкер, бөлим баслығы ўазыйпаларында ислейди.

А.Пирназаров 1971-жылы Алма-Ата қаласында Омар шайыр дөретиўшилиги бойынша кандидатлық диссертациясын, 1994-жылы Нөкис қаласында XVIII-XIX әсирдеги классикалық әдебиятын изертлеўге арналған докторлық диссертациясын жақлап шығады.

Илимпаздың "Омар шайырдың өмири ҳәм творчествосы" (1978), "Режиссура Каракалпакского Гостеатра им. К.С.Станиславского. Истоки и формирование" (1983), "Өтеш, Омар ҳәм фольклор" (1991), "Қарақалпақ әдебияты бойынша гейпара ойлар" (1991), "Жийренше шешен" (1992), "Жийен



www.ziyouz.com kutubxonasi

хəм Омар шайырлардың дөретиўшилик шеберликлери" (1993), "История каракалпакской литературы с древнейщих времен до 1917 г." (Ташкент, "Фан", 1994, авторлар жəмəəти менен), "XIX əсирдиң екинши ярымы XX əсирдиң басындағы қарақалпақ əдебияты" (1996), "Бердақ шығармаларында қолланылған дөретиўшилик усыллар" (1998), "Бердақ шығармаларының тили" (2002) илимий китаплары басылып шықты.

Ол Қарақалпақстан Республикасы Жоқары Кеңесиниң Хүрмет жарлығы менен сыйлықланған. Оған "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери" атағы берилди.

А.Пирназаров 1995-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Пиржанов Сейдабулла

## 1940-1997

Сейдабулла Пиржанов—шайыр.

С. Пиржанов 1940-жылы 2- февральда Шымбай районындағы Кеңес аўылында туўылған. Ол орта мектепти питкерип аўыл хожалығы жумысында ислейди, 1967-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутын тамамлап, Қарақалпақстан телевидениеси ҳәм радио еситтириў комитетинде, Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамында, "Әмиўдәрья" журналында ислейди.

Шайырдың "Гүлдәсте" (1972), "Байтерек" (1975), "Саяхатты сүйемиз" (1977) "Жағыс" (1978), "Қыркыншы бәҳәр" (1981), "Қыял қанаты" (1984), "Балалықтың бир күни" (1987), "Өмир ағысы" (1990), "Жасыл жағыс" (1995) деген қосықлар ҳәм поэмалар топламлары басылған.

Ол "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәдений хызметкери" атағының ийеси ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланған.

С. Пиржанов 1978-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Рахманов Кеңесбай

## 1942-2004

Кеңесбай Рахманов—шайыр ҳәм драматург.

Ол 1942-жылы 18-сентябрьде Кегейли районының аймағында туўылған. Орта мектепти питкерип аўылда жумыс ислейди, 1969-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтын тамамлап, телевидение ҳәм радио еситтириў комитетинде дәслеп аға редактор, соң бас редактор лаўазымында иследи. Кейин республикалық жас тамашагөйлер театрының әдебий бөлиминде, "Әмиўдәрья" журналында поэзия бөлимин басқарды. Бирқанша ўақыт Жазыўшылар аўқамында әдебиятты нәсиятлаў бюросының баслығы, өмириниң ақырына шекем мәмлекетлик телевидение ҳәм радио еситтириў компаниясында хызмет етти.

Оның "Саған асығаман" (1970), "Өмир толғаныслары", (1974),"Таң ашығы" (1978), "Өмир, сен уллысаң" (1981), «Мәнзилим алыс» (1995) қосықлар топламлары «Ақыбет» (1985), «Пайғамбар жасындағы күйеў» (2010) романлары басылып шықты.

К. Рахмановтың "Келин" (1976), "О дүньяға мирәт" (1976), "Жаралы жүреклер" (1977), "Егленген бәҳәр" (1978), "Лаққылар емлеўханада" (1979), "Мамамның жетинши байы" (1989) сыяқлы пьесалары ҳәзирги ўақытлары театр сахналарында қойылып атыр. Ол "О дүньяға мирәт", "Келин" пьесалары ушын Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты болды, "Қарақалпақстан халық шайыры", "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген көркем өнер ғайраткери" атағына ийе.

К.Рахманов 1972-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Рахимова Гүлчехра

# 1952

Гүлчехра Рахимова—шайыр, өзбек тилинде жазады.

Г.Рахимова 1952-жылы Төрткүл қаласында туўылған.

Ол Ташкент мәмлекетлик университетинин журналистика факультетин питкергеннен кейин "Бир сапта", "Кино" журналларының редакцияларында, соңынан 1978-жылдан баслап районлық газетада, ҳәзирги ўақытта Жазыўшылар аўқамында әдебий мәсләҳәтши лаўазымында ислеп келмекте.

Шайырдың қосықлары 60-жыллардан баслап Ташкенттеги газета ҳәм журналларда шыға баслады.

Оның "Исеним" "Ана меҳри"«Тўрткўл баҳари», «Юртим ардоғим», «Ҳаёт-мамат ва Ҳосимбек» оннан артық ҳ.т.б. қосықлар, гүрриңлер ҳәм повестьлер топламлары жарық көрди.

Г. Рахимова "Исеним" топламы ушын Қарақалпақстан Жаслар аўқамының сыйлығына миясар болды.

Оған "Қарақалпақстан халық шайыры" атағы берилди.

Г.Рахимова 1982-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Реймов Кеңесбай

## 1958

Кенесбай Реймов—шайыр ҳəм журналист.

К. Реймов 1958-жылы Кегейли районында туўылған.

Сол жердеги орта мектепти питкерип, соңынан 1980-жылы Ташкент мəмлекетлик университетиниң журналистика факультетин тамамлағаннан соң "Жас Ленинши" ҳəзирги "Қарақалпақстан жаслары" газетасында əдебий хызметкер, бөлим баслығы болып ислейди.

К. Реймов Өзбекстан Жаслары Қарақалпақстан областьлық комитетинде инструктор, лекторлар топарының баслығы, 1991-1994-жыллары "Еркин Қарақалпақстан" газетасы редакторының орынбасары, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң социаллық раўажландырыў ҳəм жəмийетлик бирлеспелер мəселелери комитети баслығы лаўазымларын атқарды. Ҳəзир "Еркин Қарақалпақстан" ҳəм "Вести Каракалпакстана" газеталарының бас редакторы болып ислеп атыр.

Оның "Аппақ тырналар" (1991) атлы қосықлар топламы басылып шықты.

К. Реймов 1991-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Сағитов Исмайыл

## 1908–1993

Исмайыл Сағитов — фольклорист алым хәм әдебият изертлеўшиси.

И. Сағитов 1908-жылы Хожели районында туўылған. Төрткүлдеги балалар үйинде тәрбияланған.

Ол дәслепки жыллары жаслар шөлкеминде, областьлық жаслар комитетинде, Қыпшақ хәм Кегейли районларында партия жумысларында ислеген. Пүткил аўқамлық журналистика институтында оқыйды, Қазақ мәмлекетлик университетиниң журналистика факультетин сырттан оқып питкереди, "Қызыл Қарақалпақстан" газетасының бөлим баслығы, соңынан бас редактор, Қарақалпақ мәмлекетлик баспасының директоры, Қарақалпақстан Министрлер Кеңесинде мәденият ислери басқармасының баслығы, ал 1948-жылдан баслап Н. Дәўқараев атындағы Тарийх, тил хәм әдебият институтында аға илимий хызметкер, бөлим баслығы болып ислейди.

И. Сағитов 1957-жылы "Бердақтың творчествосы" деген темада кандидатлық, ал 1963-жылы "Қарақалпақ қахарманлық эпосын түрк тиллес халықлардың эпослары менен салыстырып изертлеў тәжирийбеси" деген темада докторлық диссертацияларын жақлады.

Ол Өзбекстан Илимлер Академиясының хабаршы-ағзасы еди. Алымның әдебий сын мақалалары, изертлеўлери 30-жыллардан баслап жәрияланды.

Оның "Бердақ- уллы патриот шайыр" (1943), "Бердақтың творчествосы" (1958), "Қарақалпақ қахарманлық эпосы" (1963), "Әдебият хәм дәўир" (1968), "Сахра бүлбили" (1974), "Қарақалпақ әдебиятының раўажланыўы жоллары" (1979) деген хәм басқа да китаплары басылып шықты.

И. Сағитов мектеплер, жоқары хәм орта арнаўлы оқыў


www.ziyouz.com kutubxonasi

орынлары ушын сабаклыклар хәм оқыў китапларын дүзди. Алым булардан тыскары А. Пушкин, М. Салтыков-Щедрин, А. Чехов, И. Тургенев, М. Горький, М. Шолохов хәм баска да бир катар жазыўшылардың шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарды. Әдебиятшы алымның өзиниң гейпара мийнетлери де рус хәм басқа да туўысқан тиллерде басылып шықты.

И. Сағитов Хүрмет белгиси ордени хәм медальлар, Өзбекстан хәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеслериниң Хүрмет жарлықлары менен сыйлықланған. Ол Қарақалпакстан Республикасына мийнети синген илим ғайраткери (1969), Өзбекстан Республикасына мийнети синген илим ғайраткери (1979) хәм Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлығының лауреаты (1978) болды.

И. Сағитов 1942-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Садықов Салый

## 1941

Салый Садықов—жазыўшы ҳәм журналист.

С. Садықов 1941- жылы 15- мартта Қараөзек районында туўылған. Ол орта мектепти тамамлағаннан кейин Ташкент мәмлекетлик университетиниң журналистика факультетине оқыўға киреди. Мийнет жолын "Қарақалпақстан" баспасында редактор болып ислеўден баслайды (1963), соңынан Н. Дәўкараев атындағы Тарийх, тил ҳәм әдебият институтында аға илимий хызметкер, Қарақалпақстан областлық партия комитетинде лектор, Нөкис мәмлекетлик университетинде философия кафедрасында доцент, 1991-жылдан баслап Әжинияз атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутының тәрбия ислери бойынша проректоры, оқытыўшысы лаўазымында иследи.

С. Садықов 1974-жылы философия илимлери бойынша кандидатлық диссертациясын жақлаған.

С.Садықовтың 1964-жылы "Кастрюль", 1979-жылы "Бүлбиллер", 1986-жылы "Қуўаныш" деп аталған прозалық китаплары ҳәм бир неше очерклери, публицистикалары жарық көрген.

Ол Л. Толстой, С. Ахмад, Ш. Халмурзаев ҳәм тағы басқа жазыўшылардың шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарған.

С. Садықов 1984-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.


www.ziyouz.com kutubxonasi

# Садықов Абдулла

## 1946- 2001

Абдулла Садықов —жазыўшы.

А.Садықов 1946 жылы 17-октябрьде Қоңырат районында туўылған.

Ол орта мектепти тамамлағаннан кейин Хорезм хожалығында жумысшы болған (1964-66), Қарақалпақ мәмлекетлик growth-free pединститутын питкергеннен кейин өзи туўылған районда муғаллим болып ислеген (1971-73), соңынан "Жеткиншек" газетасында, Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамында хызмет атқарған.

Ол өмириниң ақырына шекем "Қарақалпақстан" баспасында бөлим баслығы лаўазымында иследи.

Жазыўшының «Исеним», "Хош, Дилбарым, хош қылықлы қыз единң!", «Сөнбейтуғын жулдыз»,"Бостансыз бүлбүл" (1988), "Таста да гүллейди"(1991) деген гүрриңлери, повесть хәм романлары баспадан шықты.

Ол Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлығының лауреаты (1993) болды хәм Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының сыйлығын (1987) алыўға еристи.

А.Садықов 1982-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Салиев Сапарбай

## 1933

Сапарбай Салиев— жазыўшы ҳәм публицист.

С. Салиев 1933- жылы 23- сентябрьде Шымбай қаласында туўылған.

Ол мектепти питкергеннен кейин жоллама менен тың жерлерди өзлестириўшилер арасында болды, соңынан "Әмиўдәрья" журналында ислейди, Москвадағы Жоқары әдебий курсты питкереди ҳәм ҳүрметли дем алысқа шыққанға шекем "Еркин Қарақалпақстан" газетасында жумыс иследи.

Жазыўшынын шығармалары 50-жыллардың орталарынан баслап жәрияланды.

Онын "Өристен қайтқанда" (1957), "Зонтик" (1965), "Күт мени" (1960), "Үстиртке адам келди" (1963), "Кәрўан мәнзилди гөзлер" (1968), "Үстирт повести" (1972), "Жер менен тиллескенлер" (1982), "Тырнақ" (1985) деген публицистикалық шығармалары, повестьлери ҳәм романы басылып шықты. Онын "Үстирт повести", "Кәрўан мәнзилди гөзлер" шығармалары рус тилине де аўдарылған.

С. Салиев Ш. Айтматовтың "Ботакөз", "Жәмийла" шығармаларын, Ю. А. Леонтичевтиң бир неше повестьлерин қарақалпақ тилине аўдарған.

Жазыўшы "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәдeният хызметкери" ҳүрметли атағына ийе.

С. Салиев 1970-жылдан Жазыўшылар аўқамынын ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Сапаров Жаңабай

## 1919-2002

Жаңабай Сапаров— жазыўшы.

Ж.Сапаров 1919-жылы Қоңырат районында туўылған.

Ол 1939-жылы Төрткүлде аўыл хожалық техникумын питкерип, Қоңыратта агроном (1943-44), районлық "Жеңис байрағы" газетасының редакторы, "Қызыл Қарақалпақстан" газетасының хабаршысы (1949-50), районлық партия комитетинде аўыл хожалығы бөлиминиң баслығы (1950-51), соңғы жыллары "Жас Ленинши", "Совет Қарақалпақстаны" газеталарында, 1961-жылдан баслап Қарақалпақстан телевидениеси ҳәм радио еситтириў Комитетиниң хабаршысы болып иследи.

Жазыўшының дәслепки шығармалары 30-жыллардың орталарында жәрияланды.

Оның "Эскадрон атланды" (1957), "Шоманайдың есигин ашқанлар" (1958), "Үстиртке ҳүжим" (1962), "Жети жылға бара-бар жети күн" (1977), "Шоманай" (1973) атлы гүрриң, очерк, повест ҳәм романлары басылып шықты. Баспасөзде оның "Баспашылар арасында" (1977), "Тәслим" (1982), "Қызыл Қоңыраттың жигитлери" (1989), "Октябрь жулдызлары" (1968) деген повестьлери де жәрияланды.

Ж.Сапаров "Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген мәдeният хызметкери" (1979), "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәдeният хызметкери" (1972) ҳүрметли атақларына ийе, ол Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланған.

Ж.Сапаров 1960-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Сапаров Халмурат

## 1932-2009

Халмурат Сапаров—балалар шайыры

Х. Сапаров 1932-жылы 20-мартта Шымбай районының Қасым Әўезов атындағы ижара хожалығында туўылған.

Ол орта мектепти питкергеннен соң 1952-1956- жыллары Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутының филология факультетинде оқыйды. Мийнет жолын 1956-жылы "Жас Ленинши" (ҳәзирги "Қарақалпақстан жаслары") газетасында әдебий хызметкер болып ислеўден баслайды. Ол соңынан бөлим баслығы, жуўаплы хаткер лаўазымында хызмет етеди. 2002-жылдан баслап "Жеткиншек" газетасында бөлим редакторы болып хызмет атқарды.

Шайырдың "Нәлше" (1959), "Жас уста" (1961), "Қурқылтай" (1965), "Бахытлы балалық" (1966), "Айға ушып барғанда" (1970), "Мениң күнлерим" (1977), "Қуслар менен сырласқанда" (1978), "Алтын дәўран" (1982), "Ўатан суңқары" (1984), "Тәбият-өз үйимиз" (1990), "Қуяш балаларымыз" (1992), "Бала бақша қосығы" (1994), "Тәбиятқа саяхат" (1997), "Кәсибим-мақтанышым" (2004), "Сап денеде- сап ақыл" (2006), "Кийиклер" (2009) қосықлар топламлары басылып шықты.

Онын "Жас уста" қосықлар топламы 1970-жылы Ташкентте өзбек тилинде басылды. "Қаўынның ширеси" (1987), "Қасқырлар менен бетпе-бет" (1996) гүррињлер топламы "Қарақалпақстан" баспасынан жарық көрди.

Балалар шайырының "Жийрен тай" (1973), "Шебер қоллар" (1981), "Атам менен әңгиме" (1988) деп аталған қосықлар топламлары "Қарақалпақстан" баспасынан орыс тилинде басып шығарылды. "Бала ҳәм тайыншақ" (1981)



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ташкентте, "Егер ерте турсаң" (1982) топламы Москвада "Детская литература" баспасында орыс тилинде шығарылды.

Шайыр қосықлары беларус, молдаван, татар, қумық, башкурт, қазақ, түркмен ҳәм басқада халықлар тиллерине аўдарылды.

Х. Сапаров 1984-жылы "Бахытлы балалық", "Қурқылтай", "Айға ушып барғанда" ҳәм "Жийрентай" қосықлар топламлары ушын Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты болды.

Сондай-ақ, оған 1982-жылы "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәдeният хызметкери" ҳүрметли атағы берилди. Ол Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасының Жоқарғы Кеңеси Президиумының Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланды.

Х. Сапаров 1961-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Сәрсенбаев Теңелбай

## 1940 – 2005

Теңелбай Сәрсенбаев — шайыр.

Т. Сәрсенбаев 1940- жылы 9-июльде Кегейли районының аймағында туўылған.

Ол орта мектепти тамамлағаннан кейин бир канша ўақытлар даўамында аўылда жумыс ислейди, Қарақалпақ мәмлекетлик désinstitutын питкерди.

Өз мийнет жолын Нөкис районлык ДОСААФ комитетиниң баслығы, Қарақалпақстан телевидениеси ҳәм радио еситтириў комитетинде редактор, соңғы жыллары "Әмиўдәрья" журналында әдебий хызметкер болып ислейди.

Шайырдың "Жаршы" (1974), "Қубылыў" (1980), "Дебдиў" (1977), "Қайнаўыт" (1983), "Шабыўыл" (1989), "Дүнья менен дәртлесиў" (1990), "Таңырқант" (1995) тағы басқа да поэзиялық топламлары баспадан шықты.

Ол Н. Жарқынбаевтың "Алатаў бояўлары" атлы шығармасын қарақалпақ тилине аўдарған.

Оның гейпара шығармалары өзбек ҳәм рус тиллеринде де жәрияланды.

Т. Сәрсенбаев 1980-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Сәрсенбаев Өтебай

## 1951-2011

Өтебай Сәрсенбаев — шайыр.

Ө. Сәрсенбаев 1951-жылы 3-октябрьде Кегейли районындағы ҳәзирги Ж. Ҳабибуллаев атындағы ширкет хожалығында туўылған.

Ол Қарақалпақ мәмлекетлик techinститутын питкерип муғаллим болып ислейди.

Соңынан Өзбекстан педагогикалық илим изертлеў институтында илимий хызметкер, "Жас Ленинши" (ҳәзирги "Қарақалпақстан жаслары") газетасында хабаршы, "Қарақалпақстан" баспасында аға редактор, соңынан усы баспада көркем әдебиятлар бөлимин басқарды.

Шайырдың "Ассалам, жайлаўым" (1985), "Жүрек тебренислери" (1982), "Қайдасыз, аққуўым" (1984), "Характер" (рус тилинде, 1988), "Саманбайдың балалары" (1990), "Шынқобыз", "Жаңабазар әпсаналары" (1992) деген топламлары басылып шықты.

Ө. Сәрсенбаев 1983-жылдан Жазыўшылар аўкамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Сәтбаев Оразбай

## 1955

Оразбай Сәтбаев — шайыр.

Ол 1955-жылы Кегейли районының Жалпакжап аўылында туўылған.

1972- жылы орта мектепти питкереди, 1983-жылы Ташкенттеги рус тили ҳәм әдебияты институтын тамамлағаннан соң "Еркин Қарақалпақстан" газетасында дәслеп әдебий хызметкер, ҳәзир бөлим баслығы болып ислеп киятыр. «Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген журналист».

О. Сәтбаевтың "Дәслепки кар" (1988), "Ай сығалайды" (1992), «Дөңбекшиген дүньясаң» (1995), "Тырналар" (1997), "Салдым сүўретиңди сезимлериме" (2009), «Өмир дәптери» (2010), атлы поэзиялық китаплары басылып шыққан, "Европа ҳәм Океания халық ертеклерин" (1992) қарақалпақ тилине аўдарған.

О. Сәтбаев 1993-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Сейтов Хожабек

## 1917 – 2001

Хожабек Сейтов—шайыр ҳәм жазыўшы.

Х. Сейтов 1917-жылы 25-августта Тахтакөпир районының Қарабуға аўылында туўылған.

Ол дәслеп баслаўыш мектепте муғаллим, соңынан Төрткүлдеги муғаллимлер институтын питкерип, оқыў бөлиминиң баслығы, Областьлық партия комитетиниң инструкторы, радиокомитеттиң баслығы болды. Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтын питкерип Жазыўшылар аўқамының баслығы, "Совет Қарақалпақстаны" газетасының бөлим баслыгы ўазыйпасында, кейин ала дем алысқа шыққанға шекем Жазыўшылар аўқамында көркем әдебиятты нәсиятлаў бюросының баслығы лаўазымында иследи. Жазыўшы еки рет Ҳүрмет белгиси ордени ҳәм медальлар, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланған, "Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген мәденият хызметкери" (1972) ҳәм "Қарақалпақстан халық жазыўшысы" (1991) деген ҳүрметли атақларға ийе. Шайырдың "Алға жениске" (1944), "Бахытлы өмир" (1944), "Өмир таңы" (1950), "Гүлленген аўыл" (1955), "Толқынлар" (1956), "Әмиў қызы" (1966), "Қызкеткен" (1957), "Бәҳәрде Әмиў бойында" (1966) деген поэзиялық топламлары басылып шықты. Оның поэзиялық дөретпелериниң "Таңламалы шығармалары" (1977) жәрияланды.

Х.Сейтовтың өзбек, рус тиллеринде бир неше топламлары баспадан шықты. Жазыўшының проза тараўында "Агроном председатель" (1956), "Машақатлы бахыт" (1958), "Ҳәўирли самал" (1973) повесть ҳәм романлары жәрияланды, булардың айрымлары өзбек, рус тилине аўдарылған.

Х.Сейтов Твардовскийдиң «Василий Теркин» поэмасын (Б.Қайыпназаров пенен бирге) ҳәм Миртемирдиң «Қарақалпақ дәптери» шығармасын қарақалпақшалаған.

Х.Сейтов 1943-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Сейтов Шаўдырбай

## 1937 - 1996

Шаўдырбай Сейтов—шайыр ҳәм жазыўшы.

Ш. Сейтов 1937-жылы 16-мартта Түркменстанның Гөне Үргениш районындағы "Сейит шүртениң қаласы" деген жерде туўылған.

1942-жылы Ш.Сейтовтың шаңарақ ағзалары Нөкис қаласына көшип келеди ҳәм сол ўақыттағы мектепте билим алады. Москвада әдебият институтында, Қарақалпақ мәмлекетлик институтында оқыған. 1985-жылы Нөкис мәмлекетлик университетин сырттан оқып питкерди.

Ш. Сейтов Қарақалпақ мәмлекетлик баспасында, "Әмиўдәрья" журналында, телевидение ҳәм радио еситтириў комитетинде иследи. Бир қанша жыллар Жазыўшылар аўқамында ҳәм "Қарақалпақстан" баспасында бөлим баслығы болып иследи.

Оның биринши шығармалары 60-жыллары жарық көрди, шайыр сыпатында "Үшпелек" (1964), "Соқпағым мениң, қайдасаң" (1966), "Таўлардан саза" (1970), "Жоллар" (1990) топламларының авторы.

Проза тараўында "Көп еди кеткен тырналар", "Қашқын" (1969), "Жынаятлы исине қосып тигилсин" повестьлери менен бирге, ол "Ығбал соқпақлары" (1975), "Халқабад" (1978-1990, 4 китап) "Жаман шығанақтағы Ақтуба" (1992), "Шырашылар" (1986) романларын баспадан шығарды.

Жазыўшы аўдарма тараўында Пушкин, Лермонтов, Л. Толстой, Некрасов, С.Айнийдиң шығармаларын қарақалпақ оқыўшыларына жеткерди.

Оның "Много было улетевших журавлей", "Полдень" топламлары рус тилинде басылған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ш.Сейтов Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлығының лауреаты, "Қарақалпақстан халық жазыўшысы" (1992), "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәденият хызметкери" (1990) ҳүрметли атақларына ийе.

Ш. Сейтов 1972-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Сейтжанов Тәжетдин

## 1924-1998

Тәжетдин Сейтжанов—шайыр ҳәм драматург.

Т. Сейтжанов 1924-жылы 5-майда Кегейли районында туўылған. 1942-жылы екинши жәҳән урысына атланады ҳәм жарақатланып 1945-жылы қайтады. 1948-жылы Қарақалпақ Мәмлекетлик пединститутын тамамлады. Мектеп директоры, районлық жаслар комитетиниң биринши хаткери лаўазымында иследи.

Ол 1952-54-жыллары Ташкентте партия мектебинде оқыды. Оны питкерип келген соң "Жас Ленинши" газетасында, радиокомитетте аға редактор, Областьлық партия комитетинде инструктор, "Әмиўдәрья" журналының бөлим баслығы, мәмлекетлик филармонияның директоры, қалалық мәдeният бөлиминиң баслығы, "Совет Қарақалпақстаны" газетасында, мәмлекетлик телевидение ҳәм радио еситтириў комитетинде баслықтың орынбасары болып иследи. 1986-жылдан Жазыўшылар аўқамында хызмет етти.

Т. Сейтжановтың дәслепки қосықлары 40-жыллардың ақырларында жәрияланa баслады. Шайырдың "Азамат жыры" (1955), "Зийба" (1959), "Қанатлы жаслық" (1960), "Айна алдындағы сөз" (1965), "Бәҳәр сени сағынды" (1975), "Муҳаббатнама" (1976), "Өмир философиясы" (1979), "Мениң арифметикам" (1983), "Тасқын" (1990) сыяқлы поэзиялық топламлары басылды.

Драматургия тараўында Т. Сейтжановтың "Қырлы сoқпаклар" (1958), "Тынымсыз толқынлар" (1964), "Күйгелек көзли яр" (1959), "Жалын" (1969), "Абу Райхан Беруний" (1973) пьесалары сахналастырылды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол Некрасовтың “Руста ким жақсы турады?”, “Рус ҳаяллары” поэмаларын ҳәм Шевченко, Назым Ҳикмет, Расул Ғамзатов шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарған.

Оның рус ҳәм өзбек тиллеринде топламлары басылған.

Т. Сейтжанов “Қарақалпақстан халық шайыры” (1974), “Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәдeният хызметкери” (1969).

Ол “Даңқ” ордени, медальлар, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланған.

Т. Сейтжанов 1955-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.


www.ziyouz.com kutubxonasi

# Сейтжанов Әбдиразақ

## 1936–2006

Әбдиразақ Сейтжанов — балалар шайыры.

Ә. Сейтжанов 1936-жылы 16-мартта Кегейли районында туўылған.

Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтын тамамлап, республикалық радиокомитетте (1959-1961), "Жас Ленинши" (1961-1964) хәм "Жеткиншек" газеталарында (1964-66), бөлим баслығы, жуўаплы хаткер болып ислеген.

Соң районлық газетада, ал 1975-жылдан баслап "Целинник" газетасында жуўаплы хаткер ўазыйпасын атқарды.

Соңынан Жазыўшылар аўқамында көркем әдебиятты нәсиятлаў бюросында жумыс ислеген. Ол 1993-жылы «Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәденият хызметкери» атағын алыўға миясар болды. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Хүрмет жарлығы менен сыйлықланған.

Оның балаларға арналған "Әрман" (1969), "Ақ бузаў" (1975), "Достыңа қыянет етпе" (1981), "Тыңлаң планета балалары"(1984), "Гүмис қоңыраў" (1987), "Алты жасар Аймурат хәм бес жасар Баймурат ҳаққында ертек" (1995) топламлары жәрияланған.

Ол балалар ушын бирқанша поэмалар да жазған.

Ә.Сейтжанов 1980-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Сейтеков Аяпберген

## 1948-1980

Аяпберген Сейтеков—шайыр.

А. Сейтеков 1948- жылы Кегейли районында туўылған.

Ол орта мектепти тамамлап аўылда иследи. "Жас Ленинши" (ҳәзирги "Қарақалпақстан жаслары"), "Жеткиншек" газеталарында иследи.

Шайыр Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутын сырттан оқып питкерген.

Шайырдың биринши топламы "Әдалат шәшмеси" (1978), соң "Терезени шоқыған шымшық" (1982), "Жойтылған соқпақ" (1993), "Топарынан бөлинди ақ қуў" (1995) қосықлар топламлары баспадан шықты.

Башқурт шайыры Гулфия Юнусованың қосықларын қарақалпақ тилине аўдарды.

А. Сейтеков 1980-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Сейтмамутов Тәжиахмет

## 1905-1971

Тәжиахмет Сейтмамутов—шайыр.

Т. Сейтмамутов 1905- жылы Шымбай районындағы Бесжап аўылында туўылған. Ол Төрткүл педтехникумын питкерип Тамды районында милиция бөлиминиң баслығы, Шымбайда жаслар комитетиниң хаткери болды, Ташкенттеги редакторлардың курсын питкерди, "Қызыл Қарақалпақстан" газетасында редактордың орынбасары, редактор болып иследи. Партия институтында оқыды, Шымбай районлық партия комитетинде бөлим баслығы, мәденият ислери басқармасында, "Совет муғаллими" газетасында редактор болып хызмет етти.

Т. Сейтмамутов екинши жәҳән урысының қатнасыўшысы, ол урыстан соңғы жыллары Областьлық партия комитетинде инструктор, кейинги жыллары өмириниң ақырына шекем "Совет Қарақалпақстаны" газетасында иследи. Шайырдың дәслепки шығармалары 20-жыллардың ақырында жәриялана баслады. Оның "Қабыл қаллаш" (1928), "Азат қыз" (1938) пьесалары сахнаға қойылды. Шайырдың "Саўға" (1933), "Қаракөл" (1930), "Қаҳарман" (1946), "Сүйемен" (1956), "Өмир йошы" (1963), "Жетимнен жетилгенлер" (1991) деген топламлары баспадан шықты.

Т. Сейтмамутов "Даңқ" ордени ҳәм медальлар, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланған. Ол "Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген мәденият хызметкери" деген ҳүрметли атаққа ийе еди.

Т. Сейтмамутов 1934-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.


www.ziyouz.com kutubxonasi

# Сейтназаров Ғалым

## 1927-1994

Ғ. Сейтназаров — шайыр ҳәм жазыўшы.

Ғ. Сейтназаров 1927- жылы Тахтакөпир районында туўылған. Ол 1943-жылдан баслап баслаўыш класста муғаллим болды, ал 1944-жылы муғаллимлер курсын, 1947-жылы Алма-Атада журналистика курсын питкерди. Соңынан районлық газетада, "Жас Ленинши" газетасында, Республикалық радиокомитетте бас редактор, Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамында жуўаплы хаткер, ҳүрметли дем алысқа шыққанға шекем мәмлекетлик телевидение ҳәм радио еситтириў комитетинде иследи (1964-90).

Ғ. Сейтназаровтың шығармалары 50-жыллардың орталарынан баслап жәрияланды. Оның "Биринши дәптер" (1960), "Ерлик белгиси" (1961), "Разливтеги қос" (1968), "Сырласыў" (1977), "Темир қазық" (1982), "Я иду" (1983) деген поэзиялық топламлары, "Қызыл қум новеллалары" (1962), "Бизиң аўыл" (1960), "Даўыллар арасында" (1976), "Жалғыз атлы" (1993), "Бөгет" (1995) повестьлер китабы басылып шықты. Оның бир қатар шығармалары Москвада рус тилинде жәрияланды.

Ғ. Сейтназаров "Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген мәденият хызметкери" (1977) ҳәм "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәденият хызметкери" (1969) ҳүрметли атақларына ийе еди. Ол Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланған.

Ғ. Сейтназаров 1953-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Сейтназаров Жолдас

## 1918-1982

Жолдас Сейтназаров 1918-жылы Шымбай районы Тағжап аўылында туўылған. 1930-жылдан Шымбайдағы "Коммуна" мектебинде тәрбияланады. Мийнет жолын 1937-жылдан "Жеткиншек" газетасының хабаршылар бөлиминиң баслығы, "Совет муғаллими" газетасында мектеплер бөлимин басқарды. 1942-43-жыллары екинши жәҳән урысында болды. Фронттан қайтқан соң Кегейли районлық газетасында редактор, бир қанша жыллар радио еситтириў комитетинде баслықтың орынбасары, кейин "Қарақалпақстан" баспасында иследи.

Москвадағы Жоқарғы әдебий курста оқыды, республикалық мәдeният үйиниң директоры, 1977-жылдан өмириниң ақырына шекем телевидение ҳәм радио еситтириў комитетинде хызмет етти.

Оның "Ерназар" (1949), "Ерлик" (1953), "Жүрек сөзи" (1955), "Қырағылық" (1958), "Кишкене дослар" (1961), "Мектеп бағы" (1955), "Бәҳәр ҳәм мен" (1966), "Өмир мурады" (1966)ҳәм басқада топламлары қарақалпақ, өзбек, рус тилинде басылып шықты. Булардан басқа жазыўшының очерк, гүрриңлери, повестьлери "Айсулыў" (1954), "Қанлыжап"лы қаҳарман" (1957), "Узақтағы жайлаўда" (1959), "Әмиўдәрьялы қыз" (1961), "Билим ҳәм мийнет" (1961), "Алтын саат" (1968) деген китаплары шықты. Ж. Сейназаров "Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген мәдeният хызметкери" (1978) ҳәм "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәдeният хызметкери" (1968) ҳүрметли атақларға ийе еди. Ол Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланған.

Ол 1939-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.


www.ziyouz.com kutubxonasi

# Сейтниязов Мәтен

## 1934-2006

Мәтен Сейтниязов — шайыр

М. Сейтниязов 1934-жылы 22-февральда Қанлыкөл районының аймағында туўылған. Ол Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутын тамамлап Жазыўшылар аўқамында, "Әмиўдәрья" журналында, Қарақалпақ мәмлекетлик баспасында жумыс иследи.

Шайырдың "Кәрим матрос" (1955), "Ашқарын пышық ҳәм басқалар" (1959), "Жумбақлар" (1957), "Толқытқан ойлар" (1961), "Қызғыным мениң" (1966), "Бәрҳәма жолдаман" (1971), "Айтылар сөз", "Ел қәдири" (1973), "Кеўил тилласы" (1981), "Бир гәпим бар" (1987) деген топламлары ҳәм "Не быть камен" (1979) деген ат пенен "Советский писатель" баспасынан рус тилиндеги китабы басылып шықты. "Жети журтқа саяхат" (1990) атлы публицистикасы жарық көрди.

М. Сейтниязов А. Пушкин, М. Горький, М. Рыльский, О. Шестинский, Л. Батьтың бир қатар шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарды.

Шайыр Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланған. Ол Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлығының лауреаты болыўға еристи (1991).

М. Сейтниязов 1957-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Сейтаев Базарбай

## 1957-2009

Базарбай Сейтаев — шайыр.

Б.Сейтаев 1957- жылы 14-майда Кегейли районындағы "Халкабад" ширкет бирлеспеси аймағында туўылған. 1978-жылы Нөкис мәмлекетлик университетиниң филология факультетин питкергеннен соң республикалық "Жас Ленинши" (ҳәзирги "Қарақалпақстан жаслары") газетасында мийнет жолын баслады.

Әскерий хызметтен (1979-80) сон республикалық "Жеткиншек", "Устаз жолы" газеталарында, "Билим" ҳәм "Қарақалпақстан" баспаларында хызмет етти.

Соңынан "Кәсиплик билимлендириў" газетасында редактор болып иследи.

Оның "Ашылар дүнья" (1990), "Кеўил кеширмелери" (1991), "Алма гүллеген пасыл" (2007) қосықлар топламлары, "Арзыўлар көшкисинде таўланған сәнем", "Шабандозлар" атлы ҳүжжетли повестьлери арнаўлы китап болып басылып шықты.

2004-жылы Өзбекстан халық шайыры Мухаммед Юсуфтиң "Биз бахытлы боламыз" атлы қосықлар топламы оның аўдармасында жарыққа шықты.

Б.Сейтаев 1999-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Султанов Алпысбай

## 1947

Алпысбай Султанов — жазыўшы.

А. Султанов 1947-жылы Мойнақ районында туўылған. Ол Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутын тамамлап, бир қанша ўақыт "Жеткиншек" газетасында, Өзбеккинохроника студиясының Қарақалпақстан филиалында, Қарақалпақстан телевидениеси ҳәм радио еситтириў Комитетинде, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесинде, "Қарақалпақфильм" студиясында жумыс ислейди.

Ҳәзирги күни Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик пединститутында оқытыўшы болып ислеў менен бирге "Сәният" журналының бас редакторы ўазыйпасын атқармақта.

Жазыўшының "Аквариум" (1978), "Мәрмер тастағы жазыў" (1981), "Өмир өткеллери" (1992), "Әкем ҳаққында әңгимелер" (2007), "Новеллалар" (2008) деген гүррињлер, повестьлер китабы ҳәм "Дөҳмет" романы жәрияланды.

А.Султанов Қарақалпақстан Республикасы Жаслар аўқамы сыйлығының лауреаты (1981).

Ол Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланған.

А. Султанов 1982-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Султанов Караматдийн

## 1924-1989

Караматдийн Султанов—жазыўшы.

К.Султанов 1924-жылы Мойнақ районының Ақдәрья аўылында туўылған.

Ол 1941-жылы Шымбайдағы педучилищени питкерип, аўылда муғаллим, районлық "Қызыл балықшы", "Қызыл Қарақалпақстан", "Жас Ленинши", "Совет Қарақалпақстаны" газеталарында, Ташкенттеги партия мектебин питкерип, радиокомитетте жумыс иследи.

Оның шайыр сыпатында "Ўақыт қосықлары" (1949), "Алтын дәўир" (1983), "Дәўир тәрийпи" (1969) деген топламлары шықты. Жазыўшының дөретиўшилигинде проза баслы орынды ийелейди, бул тараўда оның "Мениң досларым" (1956), "Мениң аўылласларым" (1960), "Алдынғы саўыншы" (1956), "Ағалардың әңгимеси" (1968), "Өткен күнлер" (1975) деген гүрриң хәм повестьлер топламлары, "Ақдәрья" (1962), "Әжинияз" (1967) романлары басылып шықты. Оның "Ақдәрья", "Әжинияз" романлары өзбек, рус тиллеринде де жәрияланды.

К. Султанов "Қарақалпақстан халық жазыўшысы" (1974) деген ҳүрметли атаққа ийе. Ол Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлығының лауреаты, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеслериниң Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланған, Жазыўшы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине депутат болып сайланған.

К. Султанов 1960-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Султанов Қалымбет
# 1932 - 2001

Қалымбет Султанов—әдебият изертлеўшиси ҳәм сыншы.

Қ. Султанов 1932- жылы 13-мартта Қанлыкөл районынын аймағында туўылған. Ол 1950- жылы Хожелидеги педучилищени питкерип, басланғыш класста муғаллим болып ислейди, Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутында оқып, жоқары билим алғаннан кейин Қоңырат районында муғаллим болады, соңынан мәмлекетлик театрда әдебий бөлимниң баслығы, пединститутта оқытыўшы хызметлеринде иследи, Ташкентте аспирантураның теориялык курсында оқыды, соңынан пединститутта ҳәм университетте аға оқытыўшы, доцент, профессор лаўазымларында жумыс иследи. Қ. Султанов1967-жылы "Ҳәзирги қарақалпақ поэмалары"деген темада кандидатлық диссертациясын, ал 1991-жылы "Ҳәзирги қарақалпақ прозасының раўажланыў бағдарлары" деген темада докторлық диссертациясын жақлады.

Алым ҳәм сыншының "Заманлас жаным менен..." (1972), "Прозаның раўажланыў жоллары"(1977), "Фольклоршы - Қаллы Айымбетов" (1979), "Т. Қайыпбергеновтың прозасы" (1979), "Жазыўшы - драматург" (1984), "Шайыр жолы" (1986), "Инсан қүдирети" (1992) деген мийнетлери басылып шықты. Ол "Революцияға шекемги қарақалпақ әдебиятынын тарийхы" (1983), "Әдебияттаныў" (1986) атлы жоқары оқыў орынларына арналған сабақлықлардың да авторларының бири. Қ.Султанов М.Горькийдиң "Әдебият ҳаққында", (Ҳ.Жумашев пенен), В.Шукшинниң "Қораз шақырғанша" повесть ҳәм гүрриңлерин, Аристотельдиң "Поэтика", Буалоның "Сөз өнери" шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарған. Ол "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери» (1991) деген ҳүрметли атаққа ийе.

Қ. Султанов 1982-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Таўмуратов Марат

## 1959

Марат Таўмуратов — жазыўшы хәм журналист.

М. Таўмуратов 1959 -жылы Нөкис қаласында туўылған. 1983-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң математика факультетин питкерген.

Өзиниң мийнет жолын аўыллық мектепте муғаллим болып ислеўден баслаған.

Соңынан Қарақалпақстан телевидениеси, "Қарақалпақстан" баспасында редактор, "Әмиўдәрья" журналында бөлим баслығы, "Қарақалпақфильм" киностудиясында, "Жаңлан Арал" газетасында бас редактор болып ислеген.

Ҳәзирги ўақытта Қарақалпақстан телеканалында жумыс ислейди.

Оның "Муҳаббат дәптерин бетлегенде" (1985), "Ертең шығармыз таўға" (1991), "Та, Аралға шекем" (1992), "Ақ түнниң көлеңкеси" (1994), "Сәўирдиң ақ жамғыры" (1996), "Қысқа роман" (2004) топламлары жарық көрген.

М. Таўмуратов 1997-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Ташенов Жумабай

## 1925-2002

Жумабай Ташенов — жазыўшы.

Ж. Ташенов 1925-жылы Нөкис районында туўылған. 1943-45-жыллары екинши жәҳән урысында болды. Урыстан соң Жазыўшылар аўқамында, “Қызыл Қарақалпақстан” газетасында бөлим баслығы, редактордың орынбасары ўазыйпаларында ислеген.

Ташкенттеги партия мектебиниң тыңлаўшысы болды. Низамий атындағы педагогикалық институтты питкерди.

Ол 1958-60-жыллары “Әмиўдәрья” журналында бас редактор, 1963-жылы Алма-Ата қаласына көшип, Жазыўшылар аўқамында әдебий мәсләҳәтши, “Жазыўшы” баспасында редакция баслығы болып иследи.

Жазыўшының “Жеңимпазлар”, “Урыста шыныққанлар” (1944), “Жаўынгер дослар” (1956), “Жаўынгер жолы”, “Биринши айқас” повестьлери қарақалпақ ҳәм қазақ тиллеринде жәрияланған.

Ол сценарийин жазған “Ана туўралы аңыз” фильми экранларда көрсетилди.

“Жас гвардия”, “Полк улы” шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарған.

Ол орден ҳәм медаллар менен сыйлықланған.


www.ziyouz.com kutubxonasi

# Тәжибаев Әжинияз

## 1941

Әжинияз Тәжибаев—шайыр

Ә. Тәжибаев 1941-жылы Нөкис районының Бақаншақлы аўылында туўылған. 1962-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтын тамамлады.

Ол "Жас Ленинши" газетасында әдебий хызметкер, областьлық жаслар аўқамында инструктор, "Совет Қарақалпақстаны" газетасында редактордың орынбасары, 1975-жылдан областьлық партия комитетинде, областьлық профсоюз комитетинде жуўаплы лаўазымларда ҳәм Қарақалпақстан Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары, Қарақалпақстан Баспа сөз бойынша мәмлекетлик комитеттиң баслығы болды.

Ҳәзир баслық орынбасары ҳәм республикалық "Жипек жолы" газетасының редакторы хызметин атқармақта.

Оның дәслепки қосықлары 60-жыллардың басларында жәриялана баслады.

Оның "Ай туўып киятыр" топламы 1974-жылы басылып шықты. Ол "Арзы қыз" поэмасының авторы.

Ә. Тәжибаев 1977-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Тәжимуратов Әденбай

## 1930-1992

Әденбай Тәжимуратов — шайыр, жазыўшы, фольклорист алым.

Ә.Тәжимуратов 1930-жылы 5-майда Мойнақта Ақ дәрья аўылында туўылған.

1946- жылы ол Хожелидеги педучилищени питкерип, мектепте муғаллим, "Жас Ленинши" газетасында бөлим баслығы, районлық газетада редактор болып ислейди, соңынан пединститутты тамамлап, радио еситтириў комитетинде, "Жеткиншек" газетасында редактор, Жазыўшылар аўқамының баслығы, Н. Дәўқараев атындағы Тарийх, тил хәм әдебият институтында илимий хызметкер, Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутында оқытыўшы, Өзбекстан педагогикалық илим изертлеў институтының Қарақалпақстан филиалында директор лаўазымларында иследи.

Ә. Тәжимуратов 1966-жылы "Қарақалпақ халық қосықлары" деген темада кандидатлық диссертациясын жақлады.

Оның шығармалары 50-жыллардың басларында жәрияланa баслады. Жазыўшының "Парахатшылық кептерлери" (1957), "Зарлық хәм Барлық" (1967), "Хәкке қайда" (1971), "Айдынлар" (1976), "Ең қәдирли сөзлер" (1959), "Гүррињлер" (1960), "Саркоплы батыр" (1962), "Шешиўши кәўли" (1968), "Мақсет" (1974), "Сулыўхан" (1980) деген поэзиялық хәм прозалық китаплары басылып шықты.

Фольклорист алым "Қарақалпақ халық қосықлары" (1965) деген китап таярлап оған кирис сөз жазды, профессор Қ. Мақсетов пенен бирге студентлер ушын "Қарақалпақ фольклоры" деген сабақлықты жазыўға қатнасты (1979).



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ә. Тәжимуратов Р. Тагордың "Қыйралыў", Абдулла Қаххардың "Шаппаттай қыз", Ш. Айтматовтың "Қызыл шалғышлы дилбарым", С. Ахмадтың, С. Анарбаевтың ҳәм тағы басқа жазыўшылардың шығармаларын аўдарған.

Ә. Тәжимуратов Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланған. Ол "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәдeният хызметкери" ҳәм "Қарақалпақстан халық жазыўшысы" ҳүрметли атақларына ийе.

Ә. Тәжимуратов 1960-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.


www.ziyouz.com kutubxonasi

# Тәжетдинов Жолдасбай

## 1956

Жолдасбай Тәжетдинов—шайыр.

Ол 1956-жылы 6 январьда Шымбай районының "Кеңес" аўылында туўылған. Орта мектепти питкергеннен соң, 1975-жылы Ташкент полиграфия техникумын,1985-жылы Нөкис мәмлекетлик университетиниң филология факультетин,1991-жылы Екатеринбург қаласындағы Урал социаллық мәселелер ҳәм сиясаттаныў институтын питкерген.

Мийнет жолын Шымбай районлық мәдениият үйинде методист болып ислеўден баслаған. Соңынан Шымбай, Бозатаў районлық газеталарда редактор, Қарақалпақстан республикасы баспа сөз комитетинде, "Қарақалпақстан" баспасында жуўаплы лаўазымларда ислеген. "Қарақалпақстан жаслары", "Шыпакер" газетасында бас редактор, Қарақалпақстан хабар агентлигиниң директоры, 1991-2005-жыллары Қарақалпақстан журналистлери аўқамының баслығы, 2005-жылдан "Адолат" СДП Қарақалпақстан Республикасы атқарыў комитетиниң баслығының орынбасары болып ислеген. Ҳәзир «Кәсиплик билимлендириў» газетасының бас редакторы болып ислейди.Ж.Тәжетдиновтың дәслепки шығармалары 1978-жылдан баслап баспасөзде көрине баслады.

Оның "Меҳир "(1984), "Қулшыныў "(1987), "Жылға"(1990) атлы поэзиялық топламлары ҳәм "Жердиң тартыў күши"(1992), "Ақ сүт берген аналар" (1995) публицистикалық китаплары басылып шықты. Ол 2000-жылы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы ҳәм "Шухрат" медалы менен сыйлықланған.

Ол 1995-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Тилегенов Пирлепес

## 1918-1990

Пирлепес Тилегенов — драматург.

П. Тилегенов 1918- жылы Шымбай қаласында туўылған. 1937-жылы Төрткүлдеги аўылхожалық техникумын, 1940-жылы Москвадағы Луначарский театр институтының Қарақалпақ студиясын тамамлайды. Екинши жәҳән урысы жылларында ҳәрекет етип турған армия қатарында болды.

Урыстан соңғы жыллары Нөкис қалалық ишки ислер бөлими баслығының орынбасары, Республикалық мәденият үйиниң директоры, Мәденият ислери бойынша комитеттиң инспекторы, телевидение ҳәм радиоеситтириў комитетиниң редакторы, Мәденият министрлиги бөлим баслығы, Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамында әдебият фондының баслығы болып иследи.

Ол "Биринши гудок" (1953), "Бекжап трагедиясы" (1965), "Қылмыскер ким?" (1973), "Намыс" (1976), "Аналар" (1975), "Адамның тәғдири", "Жети миллион" сыяқлы сахналық шығармалардың авторы. 1978-1988-жыллары оның топламлары басылды. П. Тилегеновтың көплеген пьесалары Өзбекстан, Қазақстан, Тәжикстан, Қырғызстан театрларында сахналастырылған. П. Тилегенов Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланған. Ол "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәденият хызметкери" ҳүрметли атағына ийе болды.

П.Тилегенов 1956-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.


www.ziyouz.com kutubxonasi

# Төрешова Нәбийра
## (Арзуова Нәбийра)
## 1953

Нәбийра Төрешова—шайыр.

Н.Төрешова 1953-жылы 5-майда Қоңырат (ҳәзирги Қанлыкөл) районының Свердлов (ҳәзирги М.Нурмухаммедов) атындағы ширкет хожалығында туўылады. 1969-жылы орта мектепти тамамлағаннан соң Нөкис мәмлекетлик педогогикалық институтының филология факультетиниң тил ҳәм әдебият бөлимин оқып питкереди (1969-1973). Соңынан 1975-жылдан баслап Қарақалпақстан телерадиокомпаниясының радиоеситтириўлери комитетинде "Жаслық" редакциясының редакторы, бөлим баслығы, 1989-жылдан "Әмиўдәрья" журналында публицистика бөлиминиң баслығы, ҳәзирги күнде усы журналда бас редактордың орынбасары лаўазымында ислеп атыр.

Н.Төрешованың дәслепки қосықлар топламы "Жаслығым мениң" деген ат пенен 1978-жылы жарық көрди, 1981-жылы "Әдилдиң сөзлери" атлы гүрриңлер топламы, 1986-жылы "Песня на три голоса", 1988-жылы "Сәўир самалы" қосықлар топламы, 1991-жылы "Перийзат" атлы қосықлар топламы ҳәм усы жылы түркмен шайыры Баҳаргүл Керимованың "Ышқы дәптери" топламының аўдармасы, 1994-жылы "Өзиңнен" қосықлар топламы, 1996-жылы "Әдилдиң сөзлери"ниң 2-китабы, 2009-жылы «Әзийзим» қосықлар топламы "Қарақалпақстан" баспасынан жарық көрди. Оның "Қорған", "Шайқас", "Тутқын", "Қызым-аў", "Жетим қыз", "Мен ушын" поэмалары менен "Перийзат", "Аналық ҳаққында қысса" қыссалары, "Гүлзада" драмасы, "Ялғаншы" атлы дәстаны басылып шықты.

Н.Төрешоваға 1995-жылы "Қарақалпақстанға мийнети сиңген мәдений хызметкери", 2003-жылы "Қарақалпақстан халық шайыры" ҳүрметли атақлары берилди.

Н.Төрешова 1983-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Турымбетов Хожамурат

## 1922-1968

Хожамурат Турымбетов — шайыр.

Х. Турымбетов 1922-жылы Тахтакөпир районында туўылған. Ол 1941-жылы Хожелидеги педучилищени питкерген ҳәм өзи туўылған районда атқарыў комитетинде хызмет иследи.

1942-жылдан екинши жәҳән урысына қатнасты. Шымбайдағы муғаллимлер институтын тамамлап районда, соңынан муғаллим, районлық газетаның редакторы лаўазымын атқарды.

Москвадағы әдебият институтын питкерип, Жазыўшылар аўқамында мәсләҳәтши, жуўаплы хаткер, "Әмиўдәрья" журналының бөлим баслығы хызметлеринде иследи.

Шайырдың шығармалары 40-жылларда жәриялана баслады. Оның "Гүлистан" (1954), "Бахытлы жаслық" (1955), "Еки дос" (1957), "Бахытлы қыз" (рус тилинде, 1954), "Көп күттирген бәҳәр" (рус тилинде, 1957), "Туўысқанлық сәлеми" (өзбекше, 1958), "Талўас" (1962), "Мәңгиге тири" (1961), "Және бәҳәр келди" (1970), "Шайыр жолы" (1959), "Таң" повести тағы басқа топламлары басылған. 1974-жылы шайырдың "Таңламалы шығармалары" жәрияланды.

Х. Турымбетов Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесинин Ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланған.

Х. Турымбетов 1955-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Турдымуратова Абадан

## 1980

Абадан Турдымуратова—шайыр.

А.Турдымуратова 1980-жылы 9-сентябрьде Мойнақ районы Қазақдәрья ауылында туўылған.

1997-жылы мектепти питкергеннен соң 1998-2002-жыллары Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының "Мектепке шекемги тәрбия педагогикасы ҳәм психологиясы" қәнигелигин оқып питкерген. Өзиниң мийнет жолын 2002-жылы Нөкис педагогикалық колледжиниң педагогика-психология кафедрасында оқытыўшылықтан баслаған.

Ҳәзир усы кафедрада аға оқытыўшы ҳәм кафедра хаткери болып ислеп атыр.

Оның ең дәслепки "Әрман", "Түслериме енген шаҳзадам" қосықлары 2000-жылы "Нөкис ҳақыйқаты" газетасында жәрияланған. Республикалық жас шайырлар ҳәм жазыўшылардың "Зомин" (Жиззах) семинары ҳәм "Ақчакўл илҳомлари" (Елликқала) фестивалында қатнасып сыйлы орынларға миясар болған.

2003-жылы "Билим" баспасынан "Гүзги жапыраќлар" қосыќлар топламы, 2002- жылы Өзбекстан Жазыўшылар аўқамы тәрепинен баспадан шыққан "Ватаним деб сени уйгондим" альманахында, 2008- жылы "Ёшлар китоби" альманахында қосықлары басылып шықты.

А. Турдымуратова 2005-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Турымбетов Әбитай

## 1912-1972

Әбитай Турымбетов — шайыр.

Ә. Турымбетов 1912-жылы Қубла Қазақстанның Қаратас районы, Жаңабазар аўылында туўылған.

Ол ата-анасынан жаслай жетим қалып Ташкенттеги балалар үйинде тәрбияланады.

Самарқандтағы университетти питкереди, соңынан Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамында ислейди.

Жазыўшы екинши жәҳән урысы фронтларына қатнасты.

Ол жердеги "Ўатан ушын", "Душпанға қарсы алға" деген өзбек тилинде шығатуғын газеталарда хабаршылық етти, урыстан кейинги жыллары ишки ислер министрлигинде, соңынан өмириниң ақырына шекем Өзбекстан Жазыўшылар аўқамында мәсләҳәтши болып иследи.

Шайырдың дәслепки қосықлары 30-жылларда жазылған. Оның "Жаңла сестим" (1954), "Жайнаған келешек" (1959), "Менин Республикам" (1958), "Пәрўаз" (1967), "Ашшыкөл" (1971), "Қорықпайтуғын бала" (1974) атлы топламлары қарақалпақ ҳәм өзбек тиллеринде жәрияланды.

Ә. Турымбетов Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланған.

Ә. Турымбетов 1953-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Турсынова Гүлайым

## 1954

Гүлайым Турсынова —жазыўшы.

Г. Турсынова 1954-жылы 10-апрельде Тәжикстанның Хожент областында туўылған.

Орта мектепти питкергеннен кейин “Жеткиншек” газетасында, Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамында жумыс иследи.

Ол 1978-жылы Москвадағы әдебият институтын тамамлап, “Әмиўдәрья” журналында проза бойынша редактор болды. Ҳәзир Республикалық жас тамашагөйлер театрының әдебий бөлимин баскарады.

Г. Турсынованың биринши топламы “Шуғла” 1975-жылы басылып шықты.

Онын 1980-жылы “Минез”, “Адамлар” атлы гүррињлер топламлары, 1990-жылы “Сүлдер” повести, 1992-жылы “Мүсәпир” атлы повестьлер жыйнағы, балаларға арналған “Аңызға толы аўылым” (2006) гүррин ҳәм повестьлер китабы, орыс тилинде “Урок” (Санк-Петербург, 2008) гүрриңлер китабы басылып шықты.

Г. Турсынованың драматургия тараўында “Мухаббатым—өмирим” (2003) драмасы Ташкент қаласындағы драмалар бойынша таңлаўында жеңимпаз болды ҳәм театр сахналарында қойылды. “Сынақ” (2004) ҳәм “Тентек маймыл” (2005) музыкалы драмалары, “Қыянет етпе достыңа” (2008) драмасы Жас тамашагөйлер театрында қойылса, “Бахытлы болғым келеди” видеофильми Қарақалпақстан телеканалынан көрсетилди.

Ол 2007-жылы “Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәдeният хызметкери” деген атаққа миясар болды.

Г.Турсынова 1980-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Уснатдинов Шарап

## 1942

Шарап Уснатдинов 1942-жылы Кегейли районында туўылған. 1958-жылы Шоманай районында орта мектепти питкергеннен кейин Тақыятас қаласындағы еки жыллық қурылыс училищесин, соң Өзбекстан Миллий университетиниң журналистика факультетин питкерген. Дәслепки мийнет жолын ҳәзирги "Қарақалпақстан жаслары" газетасында әдебий хызметкерликтен баслап, 30 жыл даўамында баспа сөз ҳәм ғалаба хабар қуралларында түрли лаўазымларда иследи.

Ш. Уснатдинов 1974-76-жыллары "Қарақалпақстан жаслары" газетасының бас редакторы, 1978-83-жылларда Қарақалпақстан мәмлекетлик телерадио комитети баслығының телевидение бойынша орынбасары, 1985-88-жыллары "Қарақалпақстан" баспасының директоры, 1988-90-жыллары Областьлық партия комитетиниң хаткери, 1976-78 ҳәм 1983-85-жыллары "Еркин Қарақалпақстан" газетасы бас редакторының орынбасары, ал 1988 ҳәм 1990-1992-жыллары усы газетаның бас редакторы болып иследи.

Ол 1992-жылы пайтахтымыз Нөкис қаласының ҳәкими болып сайланды.

1994-95-жыллары Өзбекстан Республикасы Мәдeният ислери бойынша министриниң орынбасары, 1995-2002-жылларда Қарақалпақстан Республикасы Коммуналлық хызмет көрсетиў министри, 2002-2007-жыллары "Коммуналлық ыссылық орайы" ААЖ баслығы, 2007-2009-жыллары Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының баспа сөз хаткери, 2009-жылдан бери Қарақалпақстан Республикасы Руўхый үгит-нәсият орайының басшысы лаўазымында ислеп атыр.

Шарап Уснатдиновтың соңғы жыллар ишинде "Кимге кеш, кимге таң сәҳәр", "Көргенлерим, кеўилдегилерим", "Мәнаўият


www.ziyouz.com kutubxonasi

сабаклары", "Исбилерменликке мирәтнама" китаплары баспадан шықты. Ол 45 жыллық дөретиўшилик мийнети дәўиринде бир неше жүзлеген мақала, очерк ҳәм публицистикалар жазып, кеңнен танылған жазыўшы-журналист.

Шарап Уснатдинов — Жазыўшылар ҳәм Журналистлер аўқамларының ағзасы, "Қарақалпақстанға мийнети сиңген журналист".



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Фазылов Избасар

## 1909-1961

Избасар Фазылов —шайыр ҳәм Жазыўшылар аўқамын дүзиўшилердиң бири.

И. Фазылов 1909-жылы Тахтакөпир районында туўылған.

Ол 20-жыллары, дәслеп Шымбайдағы интернатта, соңынан Қазақстандағы Оренбург каласындағы әскерий мектепте (1925-1926) билим алады.

1926-жылы Төрткүл қаласына келип аўыл хожалығы техникумына оқыўға киреди ҳәм оны питкергеннен соң "Қызыл ·Қарақалпақстан", "Жас Ленинши" газеталарында жуўаплы орынларда жумыс ислейди.

Шайыр бурынғы аўқам Жазыўшыларының биринши съездине кеңесши даўыс пенен делегат болып катнасады (1934).

Шайырдың "Женис жолында" (1934), "Қосықлар" (1934, 1959), "Аўыл бәҳәри" (1975) атлы топламлары басылып шықты.

И. Фазылов репрессияның курбаны болып жигирма жылға шамалас қамақта болған ҳәм қамақтан шыққаннан сонда дөретиўшилик пенен шуғылланған.

И.Фазылов 1934-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.


www.ziyouz.com kutubxonasi

# Халмуратов Ташкенбай

## 1940

Ташкенбай Халмуратов—жазыўшы.

Т. Халмуратов 1940-жылы 5-июньда Шымбай районында туўылған. Ол орта мектепти тамамлағаннан кейин аўылхожалығы тараўында токарь болып ислеген. Соңынан әскерий хызметте болған (1959-1962). Қарақалпақ мәмлекетлик désinститутының рус тили ҳәм әдебияты факультетинде оқып жүрип, сол институттың «Совет муғаллими» газетасының жуўаплы хаткери, Өзбекстан Телеграф Агентлигинде, Қарақалпақстан телевидениеси ҳәм радиоеситтириў Комитетинде редактор, бөлим баслық, телекомпания хызметкери болып ислейди. Ташкентте Жоқары партия мектебин питкерген. Нөкис қалалық партия комитетинде ҳәм областьлық партия комитетинде инструктор. Өзбекстан "Китапқумарлар" жәмийетинде хызмет иследи.

Жазыўшының "Замира"(1969),"Еле де көп мәлим емес булақлар"(1974) «Нәсият»(1979) деген повесть ҳәм гүрриңлер топламлары басылды.

Оның "Питне","Усыл" (1983), «Қырық буўын» (1996) атлы романлары арнаўлы китап болып шықты. Оның «Дорога длинною в жизнь», «Приключения пшеничного зернышка» (2009), «Бир дәне бийдайдың басынан кеширгенлери» (2009), «И еще много неизвестных родников...» (2010) деген повесть ҳәм гүрриң-ертек, шығармалары баспадан шықты.

«Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәденият хызметкери» (2000), ҳәзирги күнде ҳүрметли дем алыста.

Т. Халмуратов 1980-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.


www.ziyouz.com kutubxonasi

# Халмуратов Әрепбай

## 1947

Әрепбай Халмуратов 1947-жылы 17-апрельде Қанлыкөл районында туўылды.

Орта мектепти питкергеннен соң Ташкенттеги аўыл хожалығын механизациялаў институтын питкереди.

Мийнет жолын Қоңырат, Қанлыкөл районларында механизатор болып ислеўден баслайды.

Соң бас инженер, партия комитетиниң хаткери, директордың орынбасары ўазыйпаларында ислейди.

Әрепбай Халмуратовтың балаларға арналған "Қоңыр қозы" (1990), "Қара таўық" (1994), "Пилдиң аўзы қаякта?" (1996) прозалық хәм поэзиялық китаплары "Қарақалпақстан" баспасында басылып шықты.

Әрепбай Халмуратов 2000-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Хожаназаров Улмәмбет

## 1938

Улмәмбет Хожаназаров—шайыр.

У. Хожаназаров 1938-жылы Кегейли районында туўылған. Ол 1960-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутының математика факультетин тамамлап, мектепте муғаллим, оқыў бөлиминиң баслығы болды. Әскерий хызметтен соң, телевидение хәм радио еситттириў комитетинде жумыс иследи (1965), "Әмиўдәрья" журналының бөлим баслығы (1966-69), областьлық партия комитетинде (1969-71), "Әмиўдәрья" журналында бас редактор (1971-78) лаўазымында иследи. Москвадағы Жәмийетлик илимлер академиясында оқыды (1978-80), "Совет Қарақалпақстаны" газетасында бас редактордың орынбасары, Областьлық партия комитетинде бөлим баслығының орынбасары (1980-81), Бозатаў районлық партия комитетиниң секретары болды, Қарақалпақстан телевидениеси хәм радио еситтириў комитетин басқарды (1985-92), Нөкис районының хәкими, "Руўхыйлық хәм ағартыў" орайының баслығы болды. Хәзирги ўақытта дем алыста.

Шайырдың "Әўелемен-дүўелемен" (1969), "Кеўил туйғылары" (1970), "Жылларым мениң" (1976) «Напевы Аму», «Кеўил қусым» (2010) атлы топламлары жарыққа шықты. Ол А. Пушкин, Ю. Лермонтов, В. Маяковский, Р.Бабажанның «Оби хаёт», А.Твардовскийдиң гейпара шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарған. У. Хожаназаров "Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген мәдeният хызметкери" «Қарақалпақстан халық шайыры» хүрметли атағына ийе. Ол Өзбекстан Жаслар аўқамы сыйлығының лауреаты хәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Хүрмет жарлығы менен сыйлықланған.

Ол 1969-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Хожаниязов Сапар

## 1910-1983

Сапар Хожаниязов—жазыўшы ҳәм драматург.

С. Хожаниязов 1910-жылы Кегейли районындағы Халқабад аймағында туўылған.

Ол дәслеп қысқа мүддетли курсларда оқып саўат ашқан, аўыл хожалық жумысларында ислеген, соңынан мәмлекетлик театрға актёр болып кирип, усы театрдың режиссёры, директоры, әдебий бөлиминиң баслығы лаўазымларында иследи. Драматургтиң "Айша" (1940), "Бизиң баҳадыр" (1944), "Сүймегенге сүйкенбе" (1945), "Зыяда" (1946), "Жас жүреклер" (1953), "Бахыт" (1975), "Талўас" (1962), "Арыўлар" (1964), "Ақмақ патша" (1968), "Маманбий" (1971) тағы басқа да пьесалары театр сахнасында бир неше мәртебе қойылды. Драматургтиң көпшилик шығармалары туўысқан халықлардың да сахнасынан кең орын алған.

Жазыўшынын "Ақ алтынлы атыздың адамлары"(1956), "Бахтын тапқан Бегжан", "Ак бота", "Он сегизинши жыллар еди", "Ҳүждан", "Айдын жол", "Халқыңнан сыр саклама" деген повесть ҳәм романлары, "Гүлистан"(1948) поэзиялык китабы жарық көрди. С.Хожаниязов орден-медальлар, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланған.

Ол "Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген артист" (1955), "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген көркем өнер ғайраткери", "Қарақалпақстан халық жазыўшысы" (1980) деген ҳүрметли атақларға ийе ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты.

С. Хожаниязов 1944-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Хожаниязов Өсербай

## 1926-1977

Өсербай Хожаниязов—шайыр ҳәм жазыўшы.

Ө. Хожаниязов 1926-жылы Тахтакөпир районында туўылған. 1942-47 жыллар аралығында ол мектепте муғаллим, районлық газетада жуўаплы хаткер болып ислейди. 1949-жылы муғаллимлер институтын тамамлады ҳәм "Жас Ленинши" газетасында бөлим баслығы болды (1950-51), 1956-жылы Москвада М.Горький атындағы Әдебият институтын тамамлап "Қарақалпақстан" баспасында бөлим баслығы (1956-61), "Әмиўдәрья" журналында бөлим баслығы (1962-64), "Совет Қарақалпақстаны" газетасында хабаршы (1964-72), "Әмиўдәрья" журналында жуўаплы хаткер (1972-74), Жазыўшылар аўқамының жуўаплы хаткери (1974-1977) лаўазымларында иследи.

Оның "Шын жүректен" (1952), "Бизиң комиссар" (1958), "Өмир маржанлары" (1959) ,"Пәрўаз" (1976) сыяқлы қосықлар топламлары жәрияланды. Ө.Хожаниязовтың "Бахыт босағасында"(1956), "Айдана" (1972), "Бир совхозда" (1960), "Қыс балладасы" (1970), "Жайнаған жәзийра" (1975), "Бир өмир қыссасы", "Жезтырнақ", "Жалынлы жылларда" повестьлери дөреди.

Ө. Хожаниязовтың бир қатар шығармалары басқа тиллерге де аўдарылған. Ол Короленко, Щедрин шығармаларынан қарақалпақ тилине аўдармалар жасады. Ө. Хожаниязов Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеслериниң Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланды.Оған "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәденият хызметкери" атағы берилген.

Ө. Хожаниязов 1953-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Хожаниязов Шәмшет

## 1918-1942

Шәмшет Хожаниязов—қарақалпақ фольклоры ҳәм классикалық әдебияты үлгилерин жыйнаўшы ҳәм шайыр сыпатында мәлим.

Ш. Хожаниязов 1918-жылы Тахтакөпир районында туўылған.

Ол басланғыш мектепти питкергеннен кейин аўылда жумыс ислейди, соңынан "Қызыл Қарақалпақстан" газетасында, Жазыўшылар аўқамында мийнет етти. Ол 1939-жылы әскерий хызметке кетеди ҳәм 1942-жылы урыста қайтыс болады.

Ш. Хожаниязов қарақалпақ аўызеки әдебияты менен жазба поэзияның үлгилерин жыйнаўда айрықша көзге түскенлердиң бири.

Ол әсиресе Жийен жыраў, Күнхожа, Өтеш, Әжинияз, Бердақ, Омар, Гүлмурат шайырлардың дөретпелерин, "Мәспатша", "Дәўлетиярбек", "Ашық-Нәжеп", "Қурбанбек", "Шийрин-Шекер" дәстанларын халық аўзынан жазып алды ҳәм оны соңынан бастырып шығарыўға мүмкиншилик ашты.

Шайырдың көп ғана қосықлары ҳәм "Азатлық ерлери" деп аталған поэмасы газета-журналларда жәрияланған.

Ш. Хожаниязов 1939-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Хошниязов Жалғасбай

## 1947

Жалғасбай Хошниязов (әдебий лақабы Мухаммед Хошан)— шайыр ҳәм фольклор изертлеўшиси.

Ж. Хошниязов 1947-жылы Қанлыкөл районында туўылған. 1967-жылы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының шет тиллер факультетин питкерип ӨзРИАҚб Н. Дәўқараев атындағы Тарийх, тил ҳәм әдебият институтының қарақалпақ фольклоры бөлимине жумысқа өтеди ҳәм 1978-жылы "Алпамыс" дәстанының қарақалпақ версиясына тарийхый-фольклорлық характеристика деген темада кандидатлық диссертациясын жақлады.

Автордың "Қарақалпақ фольклорындағы этнографиялық мотивлер" ("ФАН" 1988), "Қарақалпақ қаҳарманлық дәстаны "Алпамыс" (1992)", "Миллий руўхый дүньямыздың сағалары" (2007) илимий мийнетлери басылып шықты.

Оның "Далаларым бабаларым" (1980), "Абылайсаң" (1984), "Қуяштың жасы" (1988), "Жасыл мәўсим" (1990), "Бабалардың дәстүри" (1993) деген атамадағы поэтикалық топламлары ҳәм "Балалықтың булдыр аспаны" (1996) деген повести "Қарақалпақстан" баспасында жәрияланды. "Әмиўдәрья" журналының 1995-жылдың 10-12 санларында "Жулдыз ағып баратыр" повести жарық көрди.

Ол аўдармашы сыпатында Б. Пармузинниң "Айрықша буйрық болғанға шекем" (1983), Тәжик жазыўшысы З. Дусматовтың "Сары жапыраклар" (1986), роман, повестлерин, Низамийдиң "Ғәззеллерин" (1992), Назым Ҳикметтиң "Азатлық арзыўлары" (1987), ҳәзирги дәўир поэзиясынан С.Мадалиевтың "Шыңға шығыў" (1989) поэзиялық топламларын қарақалпақ тилине аўдарып бастырыўға еристи.

Ж. Хошниязов 1984-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Худайбергенов Аллаберген

## 1941-1993

Аллаберген Худайбергенов – әдебиятшы ҳәм публицист.

А. Худайбергенов 1941-жылы Төрткүл районында туўылған. Орта мектепти питкергеннен соң аўылхожалығы тараўында жумыс ислейди.

1960-65-жыллары Ташкент Мәмлекетлик университетин оқып питкереди. Әскерий хызметтен соң, дәслеп районлық газетада, соңынан республикалық "Аму тонги" газетасында иследи.

1992-жылы Ташкентте "Әмиўдәрья бойларында" деген китабы баспадан шықты.

А. Худайбергенов филология илимлериниң кандидаты.

Оның "Кәрўанбасы" (1972), "Төрткүлде мәртлер бар" (1976), "Шорахан суңқарлары" (1982), "Тың жерди өзлестириўшилер" (1985) сыяқлы гүрриң ҳәм очерклер топламлары басылған.

А. Худайбергенов "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәдeният хызметкери" ҳүрметли атағына ийе еди.

А. Худайбергенов 1984-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Худайбергенов Камал

## 1940-1982

Камал Худайбергенов — сыншы ҳәм әдебиятшы алым.

К. Худайбергенов 1940-жылы Кегейли районының аймағында туўылған.

Ол 1962-жылы Ташкент мәмлекетлик университетин питкерип, "Совет Қарақалпақстаны" газетасында әдебий хызметкер (1962-63), Н. Дәўқараев атындағы Тарийх, тил ҳәм әдебият институтында илимий хызметкер, аға илимий хызметкер, бөлим баслығы (1963-82) болып иследи.

1965-68-жыллары Ташкентте аспирантурада оқыды ҳәм 1968-жылы "Ҳәзирги қарақалпақ поэзиясында лирик қаҳарман мәселеси" деген темада кандидатлық диссертациясын жақлады.

Сыншы ҳәм алымның "Лирика ҳәм өмир" (1970), "Биринши академик" (1980), "Дәўир ҳәм парыз" (1984) деген әдебий сын мийнетлери жарық көрди.

Ол "Қарақалпақ совет әдебияты тарийхының очерклери" (1968), "Қарақалпақ совет әдебияты" (1981) деген көлемли мийнетлердиң де авторларының бири.

К. Худайбергенов Өзбекстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланған.

К.Худайбергенов 1980-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Ҳәбийбуллаев Жумат

## 1922-1943

Жумат Ҳәбийбуллаев—шайыр.

Ж. Ҳәбийбуллаев 1922-жылы 15- апрельде Кегейли районының Халқабад аўылында туўылған.

Болажақ шайыр "Жеткиншек" газетасында бөлим баслығы болды, Москвадағы Орайлық Комитет жанындағы редакторлар таярлайтуғын курста оқыды, "Пионерская правда" газетасының хызметкери, "Жас Ленинши" газетасының жуўаплы хаткери болып иследи.

Ол 1943-жылы Сталинград фронтында қаҳарманларша қаза тапты.

Шайырдың шығармалары "Саза"(Нөкис — 1990) деп аталған жаўынгер қәлем ийелерининң топламында жәрияланды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Ҳəмидов Ҳусниддин

## 1935

Хусниддин Хəмидов — жазыўшы ҳəм əдебиятшы, тилши алым.

Ҳ. Ҳəмидов 1935-жылы Шымбай районының Шоқарық аўылында туўылған. Жаслайынан ескише саўат ашқан. Ол орта мектепти тамамлағаннан кейин еки жыллық муғалимлер курсының рус тили ҳəм əдебияты бөлимин питкереди ҳəм муғаллим болып ислейди. Əскерий хызметте болады, соңынан муғаллимшилигин даўам етеди.

Қарақалпақ мəмлекетлик баспасында редактор болып ислейди (1959), Н. Дəўқараев атындағы Тарийх, тил ҳəм əдебият институтының шығыс қолжазбалары фонды бойынша илимий хызметкер, аға илимий хызметкер, бөлим баслығы болып ислейди.

Х. Ҳəмидов илимий жумысларына қоса педагогика тараўында Қарақалпақ мəмлекетлик университетиниң профессор оқытыўшысы, араб филологиясы кафедрасының баслығы, 2003-2008-жыллар аралығында Қарақалпақ мəмлекетлик университети жанындағы филология пəнлеринен докторлық диссертациялар жақлаў бойынша Қənигелестирилген Кеңес баслығы хызметлерин атқарды.

Ҳ. Ҳəмидов 1967-жылы "XVIII –XIX ҳəм XX əсир басындағы юридикалық ҳүжжетлердиң тили ҳəм оның ҳəзирги қарақалпақ əдебий тилине қатнасы" деген темада кандидатлық, ал 1990-жылы докторлық диссертацияларын жақлады. Ол 1994-жылы Өзбекстан Илимлер Академиясының хабаршы ағзасы, 2000-жылы академик болып сайланды. Илим тараўындағы пидайы хызметлери ушын "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери" атағы берилди.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Жазыўшының "Өмир ышқы" (1980), "Илҳам" (1986) атлы қосықлар топламлары, "Естелик" (1981) деген гүррин, повестьлер китабы ҳәм "Ушқын" (1993), "Өз үйим" романлары жәрияланды. 2007- жылы "Өмир мәнзиллери" қосықлар, гүрриңлер, повестлер топламы басылып шықты. Ол парсы тилинен Саадийдиң "Гүлистан" китабынан қарақалпақ тилине үзиндилер аўдарды.

Әдебияттаныў ҳәм тил билими тараўында Ҳ. Ҳәмидовтың "Қарақалпақ тили тарийхының очерклери" (1974), "Ертедеги қарақалпақ тилиниң жазба естеликлери" (1985), "Шығыс тиллериндеги жазба дәреклер ҳәм XIX әсирдеги қарақалпақ шайырлары" (1991), "Письменные памятники каракалпакского языка..." (1987) "Рукописное наследие Бердаха", "Шежире", "Родословное дерево", "Хорезм хикояти", "Рассказы о Хорезме" (1995). деген мийнетлери басылып шықты.

Ҳ. Ҳәмидов 1993- жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.


www.ziyouz.com kutubxonasi

# Шамуратов Әмет 1912-1953

Әмет Шамуратов—шайыр ҳәм жазыўшы.

Ә.Шамуратов 1912-жылы Хожели районында туўылған. Ол Хожелидеги интернатта тәрбияланады, соң Шымбайдағы "Коммуна" мектебинде оқыйды. Ә. Шамуратов 1931-жылы Москаваға оқыўға жибериледи, жумысшылар факультетинде оқыйды ҳәм метрополитен қурылысында ислейди. 1938-жылы бул оқыў орнын тамамлап, Республика билимлендириў министрлигинде инспектор, соң баспасөз орынларында ислейди. 1947-50- жыллары Әмет Шамуратов партия мектебин питкереди. Қарақалпақстан Министрлер Кеңеси баслығының орынбасары, Нөкис қалалық партия комитетиниң биринши хаткери, Жазыўшылар аўқамының баслығы лаўазымларында ислейди. Оның "Сыйлық" (1940), "Ўатан ҳаққында қосықлар" (1943), "Бахыт" (1949), "Ески мектепте"(1940), "Бахыт қосықлары" (1949) сыяқлы поэзиялық, прозалық топламлары басылды. Жазыўшының Таңламалы шығармалары бир неше мәртебе қайта басылды,(1954-63), (1962-72) "Ески мектепте", "Мениң жолбарыслар менен ушырасыўларым" повестьлери рус, өзбек тиллеринде жәрияланды.

Ә. Шамуратов "Арал қызы" (Ж. Аймурзаев пенен бирге), "Қырық қыз"(И Юсупов пенен бирге) пьесаларының авторы. Ол орден-медаллар, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланды. Ә. Шамуратов Қарақалпақстан Республикасының Жоқарғы Кеңесине депутат болып сайланды.

Ә. Шамуратов 1941-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.


www.ziyouz.com kutubxonasi

# Шамуратов Артық

## 1915-1942

Артық Шамуратов—шайыр.

А. Шамуратов 1915-жылы Қараөзек районында туўылған. Шымбайдағы жумысшы жаслар мектебинде оқыйды (1929-1955), Төрткүл педтехникумын тамамлайды (1936). Соңынан Қараөзек районында муғаллим (1936-38), Қарақалпақ мәмлекетлик баспасында ислеген (1938-41). Кейин мектеп директоры, районлық партия комитетинде инструктор болып ислеген. 1942-жылы урыска кетеди ҳәм сол жылы урыста қайтыс болады.

Оның 1940-жылы "Сый" топламы басылды. Соңғы жыллары "Өмир, сени жырлайман" деген ат пенен шығармалар жыйнағы жәрияланды (1987).

А. Шамуратов 1939-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Шамуратова Гүлистан

## 1937

Гүлистан Шамуратова—шайыр.

Г. Шамуратова 1937-жылы Төрткүл қаласында туўылды. Ол 1965-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының қарақалпақ тили ҳәм әдебияты факультетин питкерди.

Дәслеп ол радиода хабаршы ҳәм диктор ўазыйпасын атқарды. Соңынан "Қарақалпақстан жаслары" газетасында аўдармашы, телерадиокомпанияда редактор, Жазыўшылар аўқамында жуўаплы хызметте, соңынан Бозатаў районында жуўаплы хаткер болып ислейди.

Шайыраның қәлеминен дөреген "Ғумша ашылғанда" (1971-жыл), "Әрман" (1977-жыл), "Мийрим" (1982-жыл), "Звенящая струна" орыс тилинде (1984-жыл), "Қуштарлық" (1989-жыл), қосықлар топламлары менен "Қанлы көл ўақыясы" (1991-жыл), пьесалар, инсценировкалар, гүрриңлер жыйнағы, "Әмиў әпсанасы" (1996-жыл), "Меҳиргия сырласларым" (2001-жыл), "Кеўил туйғылары" (2004-жыл), "Муҳаббат әпсанасы" (2005-жыл) китаплары басылып шықты.

Г. Шамуратова 1969-жылы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланған.

1991-жылы "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәденият хызметкери" деген атаққа ийе болды.

Г. Шамуратова 1976-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Шерниязова Дәўлетбийке

## 1952

Дәўлетбийке Шерниязова—жазыўшы хәм журналист.

Д.Шерниязова 1952-жылы 13-февральда Нөкис қаласында туўылған.

Орта мектепти тамамлағаннан соң, Қарақалпақ мәмлекетлик désинституттының рус тили хәм әдебияты факультетин питкерди.

Мийнет жолын 1974-жылдан Қарақалпақстан радиосының русша еситтириўлер редакциясында баслаған, соңынан сиясий-жәмийетлик еситтириўлер редакциясында ислейди.

1990-жылдан баслап сол жерде бас редактордың орынбасары, әдебий-драмалық бөлимниң баслығы болып ислейди.

Жазыўшының "Жүрек сырлары" (1977), "Мүсин" (1986), "Кептерлер қайтып келеди" (1996), "Егизеклер", "Өмири гөззал инсан" гүрриң хәм повестлер, "Мен сизге ашықпан" романы баспадан шықты.

Ол Қарақалпақстан Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланған хәм "Крестьянка" журналының да сыйлығын алыўға миясар болды.

Д. Шерниязова 1993-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Юнусова Қурбанбийке

## 1959

Қурбанбийке Юнусова—журналист ҳәм жазыўшы.

Қ. Юнусова 1959-жылы 6-апрельде Төрткүл районында туўылған. 1975-жылы районлағы 16-санлы мектепти питкерип, 1976-1982-жыллар аралығында Ташкент мәмлекетлик университетиниң журналистика факультетинде оқыды.

Мийнет жолын район газетасында корректор болыўдан баслады. 1982-1996-жыллар аралығында район газетасында хабаршы, жуўаплы хаткер, бөлим баслығы, Төрткүл районы ҳәкимиятында бас қәниге болып иследи. 2006-2008-жылларда "Туркистон" газетасының Қарақалпақстан Республикасы бойынша хабаршысы хызметлеринде исследи. Ҳәзирги ўақытта районлық "Маьнавият тарғиботи" бөлими баслығы болып ислеп атыр.

Оның шығармалары "Төрткүл гүллери" топламына киргизилди, "Қарақалпақстан Төрткүлден басланады", 2005-жылда "Төрткүл кеше, бүгин ҳәм ертең" топламларында қосықлары, гүрриң ҳәм очерклери де орын алды. "Элимизнинг фидойи кишилари" (1994) "Кўнгил мулкида яшайсиз"(1995),"Шижоат" (1999), "Тўрткул ва Тўрткўлликлар" топламлары басылып шықты. Сондай-ақ, "Әдептаныў" китабын өзбек тилине аўдарыўда қатнасты.

Қ. Юнусова 1999-2004-жыллары районлық Кеңеси депутатлығына сайланды. Оған 2002-жылы "Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген журналист" ҳүрметли атағы берилди.

Қурбанбийке Юнусова 2003-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Юсупов Ибрайым

## 1929-2008

Ибрайым Юсупов—XX әсирдеги қарақалпақ поэзиясының ири ўәкили, оның байтереги.

И.Юсупов 1929-жылы 5-майда Шымбай районындағы Азат аўылында туўылған. Ол 1949-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутын тамамлап, усы жерде оқытыўшы етип қалдырылды (1949-1961), соңынан шайыр "Әмиўдәрья" журналының бас редакторы (1961-1962), Н.Дәўқараев атындағы Тарийх, тил ҳәм әдебият институтында илимий хызметкер, сектор баслығы (1962-1965), Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының баслығы (1965-1980), "Совет Қарақалпақстаны" газетасының бас редакторы (1980-1985), Республикалық парахатшылықты қорғаў Комитетиниң баслығы, Республикалық Руўхыйлық ҳәм ағартыўшылық орайының баслығы болып иследи. Шайырдың дәслепки қосықлары 40-жыллардың орталарында жәрияланды.

Оның "Бахыт лирикасы" (1955), "Күн шығыс жолаўшысына" (1959), "Ойлар" (1960), "Жети асырым" (1962), "Дала әрманлары" (1966), "Кеўил кеўилден суў ишер" (1971), "Дәўир самаллары" (1982), "Аласатлы дүнья бул" (1987), "Тумарис ҳәм басқалар" (1974), "Йош" (1978), "Шығармаларының еки томлығы" (1978-79), "Дузлы самаллар" (1988), "Кеўилдеги кең дүнья" (1989), "Үмит жағысы" (1990), "Таңлаўлы шығармаларының еки томлығы" (1992), "Беглигиңди бузба сен" (1995), "Бүлбил уясы" (1997), "Өмир, саған ашықпан" (1999), "Ҳәр кимниң өз заманы бар" (2004) сыяқлы бир неше қосықлар ҳәм поэмалар топламлары ҳәм "Ғарры туттағы гүз" (1963) деген гүрриң ҳәм очерклер жыйнағы жарық көрди.

И.Юсупов драматургия тараўында да "Қырық қыз" (Әмет Шамуратов пенен бирликте), "Өмирбек лаққы" (1966),



www.ziyouz.com kutubxonasi

“Мәңги булақ” (1986) драмаларын, “Әжинияз” операсының (1973) либреттосын ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Гимнин жазды.

Шайыр қарақалпақ әдебияты бағдарламасын дүзиўшилердиң бири, ол әдебияттан сабақлық жазыўға қатнасты, әдебият тарийхын ҳәр тәреплеме изертлеўге белсендилик еткен көп ғана сын мақалаларының авторы.

Шайырдың өзбек тилинде: “Булоқлар қайнайди”, (1960), “Олтин кирғоқ”, (1962), “Саҳро орзувлари”, (1967), “Чул гургойи”, (1972), “Рахмат сенга, замоним!”, (1979), “Қора тол”, (1988). Рус тилинде: “Песни горного ручья”, (1960), “Меридианы сердца”, (1966), “Глаза ящерицы”, (1973), “Стихи”, “Библиотека советской поэзий”, (1976), “Розы полынь”, (1980), “Звон стремени”, (1981), “Стремлюсь всей душой”, (1986). Қырғыз тилинде “Тала қыялдары” (1969) ҳәм түркмен тилинде “Эриклер гүлленде” (1986) атлы топламлары басылып шықты.

Оның дүнья классиклеринен көп ғана аўдармаларының үлгилери “Мәңги булақлар” (1985) деген ат пенен басылып шықты.

И.Юсупов 1994-жылы “Дослық ордени”, 1999-жылы “Эл-юрт ҳурмати” ордени менен сыйлықланған. Қарақалпақстан халық шайыры (1974), Өзбекстан халық шайыры (1992), Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәдeният хызметкери (1964), 2005-жылы “Өзбекстан Қаҳарманы”, Қарақалпақстан Республикасының Бердақ атындағы Мәмлекетлик сыйлығының ҳәм Хамид Әлимжан атындағы Өзбекстан мәмлекетлик сыйлығының лауреаты (1970), 7-10 шақырық Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң депутаты болған, Өзбекстан халық депутаты болды.

И.Юсупов 1956-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.


www.ziyouz.com kutubxonasi

# Юсупова Мунаввара

## 1958

Мунаввара Юсупова — шайыр ҳәм журналист.

М.Юсупова 1958-жылы 8-мартта Төрткүл районында туўылған. 1975-жылы райондағы 1-санлы орта мектепти питкерип, Төрткүл районындағы орайласқан китапханада мийнет жолын баслаған.

1976-жылы Ташкент мәмлекетлик мәденият институтының китапханашылық ҳәм библиография факультетине оқыўға кирип, питкерип шығады. Ол 1981-2000-жыллар аралығында районлық орайласқан китапхананың бас библиографы болып хызмет етти. 1998-жылдан баслап Төрткүл районы телевидениесинде бас редактор лаўазымында ислеп атыр.

Дәслепки қосықлары мектепте оқып жүрген ўақытлары районлық "Дўстлик байроғи" газетасында басылып шықты. Сондай-ақ, 1983-жылы "Жаслар парвози", 1993-жылы "Турткул гуллари" альманахларында қосықлары менен қатнасты.

Оның "Мунис нидолар" китабы 2002-жылы баспадан шықты. Абдулла Норинжанвали, Султан Ўайис Қораний, Кеширмес Қубро ҳәм Аллақули Бузрук ҳаққындағы тарийхый китабы 2003-жылы Үргениш мәмлекетлик университетиниң баспасынан шығарылды. Ал, 2006-жылда "Янги аср авлоди" китабы баспадан шықты.

М.Юсупова 2002-жылдан Жазыўшылар Аўқамының ағзасы.


www.ziyouz.com kutubxonasi

# Яқубов Ғайып

## 1937

Ғайып Яқубов — шайыр, дилмаш ҳәм журналист.

Ғ. Яқубов 1937-жылы 9-октябрьде Хожели қаласында туўылған. Ол Ташкент мәмлекетлик университетиниң журналистика факультетин табыслы питкерген нен кейин, мектепте муғаллим, 1964-1968- жыллары Қарақалпақ мәмлекетлик désinституtunда оқытыўшы, 1968-жылы Республикалық муғаллимлердиң билимин жетилистириў институтында кабинет баслығы, 1969-85-жыллары «Ўқитувчилар газетасы»-ның Хорезм ҳәм Қарақалпақстан бойынша арнаўлы хабаршысы. 1985-1992-жыллары Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамында әдебий мәсләҳәтши, әдебият қорының баслығы болып ислейди. "Маърифат" газетасының хабаршысы, соңынан "Аму тонги" газетасында ислейди. Ҳәзир Өзбекстан Республикасы "Ҳуррият" газетасының Қарақалпақстан Республикасы бойынша хабаршысы ҳәмде «Қароқолпоғистон тонги» газетасында ислеп атыр.

Ғ. Яқубовтың "Сырлы таяқ" (1965), "Жағыстағы самаллар"(1988), "Төртликлер"(1991), "Муҳаббат-ҳикмат" (2007) китаплары басылып шықты. Ол аўдарма тараўында Т. Қайыпбергеновтың "Суўық тамшы" ( А. Қаҳҳар менен бирликте), "Уйқысыз түнлер"(1972) повестьлерин өзбек тилине аўдарды.

Ғ. Яқубов Қарақалпақстан Республикасы Жоқары Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланған.

Ғ. Яқубов 1990-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.


www.ziyouz.com kutubxonasi

# Янгибаева Зухра

## 1956

Зухра Янгибаева — шайыр.

З. Янгибаева 1956-жылы Беруний қаласында туўылған.

1977-жылы Нөкис мәмлекетлик Университетиниң өзбек тили ҳәм әдебияты факультетин питкерди.

Мийнет жолын Беруний районындағы 61-орта мектепте муғаллим болып ислеўден баслайды.

Ал, 1988-жылдан хәзирге шекем усы районлағы 12-балалар бақшасының баслығы болып ислеп атыр.

Шайыраның қосықлары 2000-жылы "Билим" баспасынан шыққан "Ықлас", 2003-жылы "Наўрыз" (Ташкент) баспасынан шыққан "Ояў кәлб" поэзиялық китапларында жәрияланған.

З.Янгибаева 2001-жылы Самарқанд қаласында өткерилген "Дөретиўши муғаллим" республикалық таңлаўынын жеңимпазы.

Ол "Өзбекстан халық билимлендириўи ағласы".

З.Янгибаева 2003 жылдан Жазыўшылар аўқамынын ағзасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Мазмуны


Аббазов Сағыйдулла ........ 3
Абдусадықов Хайытбай ........ 4
Айжанов Өтеген ........ 5
Аймурзаев Жолмурза ........ 6
Аймухаммедова Бийбайша ........ 8
Айтмуратов Дәўлен ........ 9
Айтмуратов Рахман ........ 10
Айтниязов Әўезхан ........ 11
Айымбетов Қаллы ........ 12
Айымбетов Ҳикметулла ........ 14
Акназаров Ахмед ........ 15
Аллаяров Султамурат ........ 16
Алланазаров Төреш ........ 17
Алламбергенов Кеңесбай ........ 19
Аралбаев Қайыржан ........ 21
Атажанов Әбдимурат ........ 22
Атамуратова Шийрин ........ 24
Ахмедов Абдулла ........ 25
Ахмедов Мансур ........ 26
Ахметов Сражатдийн ........ 27
Ахметов Хожамет ........ 29
Аяпов Шарапатдийин ........ 30
Әбдирахманов Оразбай ........ 31
Әбдиев Алланазар ........ 33
Әжимов Яқыпбай ........ 35
Әлиев Абат ........ 36
Әметов Нурмухаммед ........ 37
Әметов Қазақбай ........ 38
Амирлан Сейдин ........ 39
Әўезов Қасым ........ 40
Бахадырова Сарыгүл ........ 42
Бегжанов Қаллибек ........ 44
Бегимов Асан ........ 45
Бекбаўлов Оразақ ........ 47
Бекбергенова Зияда ........ 48
Бекбергенова Мария ........ 49
Бекимбетов Айтбай ........ 50
Бекниязова Базаргүл ........ 51
Беласаров Дәнияр ........ 52




www.ziyouz.com kutubxonasi

Бердиев Мәтибай ........ 53
Генжемуратов Бахтыяр ........ 54
Гордеев Валерий ........ 56
Дабылов Аббаз ........ 57
Дәўкараев Нәжим ........ 59
Дәўлетназаров Халила ........ 61
Дәўлетова Гүлистан ........ 62
Дәўлетбаев Нурлыбай ........ 63
Дәрибаев Мырзағалий ........ 64
Дилмуратов Жолдасбай ........ 65
Досанов Қармыс ........ 66
Ембергенов Өмирбай ........ 67
Ембергенов Сағындық ........ 68
Евгений Емельянов ........ 69
Ерманов Қарабай ........ 70
Ерназаров Бекназар ........ 71
Ерназаров Көбейсин ........ 72
Ерниязов Қайбулла ........ 73
Есемуратов Генжемурат ........ 74
Есемуратова Гүлайша ........ 75
Ешанов Турсымурат ........ 76
Жаңабаева Нағыйма ........ 77
Жапақов Наўрыз ........ 78
Жийемуратов Түркменбай ........ 80
Жумамуратов Тилеўберген ........ 81
Жуманиязов Қалый ........ 83
Жумабаев Турғанбай ........ 84
Жумағулов Сайлаўбай ........ 85
Жуманазарова Минайхан ........ 87
Зайтова Гүлжәхән ........ 88
Зияўов Сағын ........ 89
Ибрагимов Сағынбай ........ 90
Избасқанов Жийенбай ........ 91
Исмайлов Бабаш ........ 92
Исмайлов Сәдирбай ........ 94
Ишманова Зубайда ........ 95
Камалов Қонысбай ........ 96
Каримов Кеңесбай ........ 97
Керимов Дәўлетмурат ........ 98
Кожуров Орынбек ........ 99
Көбентаев Әлибек ........ 100
Қабулов Толыбай ........ 101
Қайыпбергенов Төлепберген ........ 102
Қайыпназаров Байнияз ........ 105



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қайыпов Мәмбеталы ........ 107
Қайыпов Әбдикәдир ........ 108
Қарабаев Марат ........ 109
Қасымов Дәўлетияр ........ 110
Қасымова Марьям ........ 111
Кәлимбетов Баекеш ........ 112
Қожықбаев Әдилбай ........ 113
Қудабаев Абдуқасым ........ 114
Қошқаров Янгибай ........ 115
Қурбанбаев Исмайыл ........ 116
Қурбаниязов Сәрсен ........ 118
Қурамбаев Кәримбай ........ 119
Юрий Леонтичев ........ 121
Иван Майоров ........ 123
Мақсетов Қабыл ........ 124
Маткаримова Дилноза ........ 126
Мәтякупов Айтбай ........ 127
Мәтякупова Гүлистан ........ 128
Мәтякупова Назира ........ 129
Мәжийтов Сейфулғабит ........ 130
Мәжийтов Рахим ........ 131
Мәмбетов Камал ........ 132
Мәмбетниязов Турдыбай ........ 133
Мәтмуратов Төлепберген ........ 134
Мәтсапаев Минаж ........ 135
Мәўленов Сәдирбай ........ 136
Муратбаев Жубатқан ........ 137
Мусаев Нурман ........ 138
Муўсаев Аяпберген ........ 139
Мырзабаева Патийма ........ 140
Назбергенов Дәли ........ 141
Нарымбетов Жаңабай ........ 142
Насруллаева Зайтуна ........ 143
Нәжимов Турдымурат ........ 144
Ниетуллаев Сағындық ........ 145
Нуржанов Пердебай ........ 146
Нурлепесова Гүлнара ........ 147
Нурмухаммедов Марат ........ 148
Нурымбетов Садық ........ 150
Нурметова Зулайха ........ 151
Нуруллаева Уғылжан ........ 152
Нызанов Муратбай ........ 153
Оразымбетов Қуўанышбай ........ 154
Өтемуратова Хүрлиман ........ 155



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өтениязов Жуманияз .................... 156
Өтениязова Алтынгүл .................... 157
Өтепов Әбдираман .................... 158
Өтепбергенов Әбилқасым .................... 159
Өтепбергенли Есберген .................... 160
Өтеўлиев Ибрайым .................... 161
Өтеўлиев Өмирбай .................... 163
Пайзуллаева Шәригүл .................... 164
Пиржанов Узақбай .................... 165
Пирназаров Айымқул .................... 166
Пиржанов Сейдабулла .................... 168
Рахманов Кенесбай .................... 169
Рахимова Гүлчехра .................... 170
Реймов Кеңесбай .................... 171
Сағитов Исмайыл .................... 172
Садықов Салый .................... 174
Садыков Абдулла .................... 175
Салиев Сапарбай .................... 176
Сапаров Жанабай .................... 177
Сапаров Халмурат .................... 178
Сәрсенбаев Теңелбай .................... 180
Сәрсенбаев Өтебай .................... 181
Сәтбаев Оразбай .................... 182
Сейтов Хожабек .................... 183
Сейтов Шаўдырбай .................... 184
Сейтжанов Тәжетдин .................... 186
Сейтжанов Әбдиразак .................... 188
Сейтеков Аяпберген .................... 189
Сейтмамутов Тажиахмет .................... 190
Сейтназаров Ғалым .................... 191
Сейтназаров Жолдас .................... 192
Сейтниязов Мәтен .................... 193
Сейтаев Базарбай .................... 194
Султанов Алпысбай .................... 195
Султанов Караматдийн .................... 196
Султанов Қалымбет .................... 197
Таўмуратов Марат .................... 198
Ташенов Жумабай .................... 199
Тәжибаев Әжинияз .................... 200
Тәжимуратов Әденбай .................... 201
Тәжетдинов Жолдасбай .................... 203
Тилегенов Пирлепес .................... 204
Төрешова Набийра .................... 205
Турымбетов Хожамурат .................... 206


www.ziyouz.com kutubxonasi

Турдымуратова Абадан ........ 207
Турымбетов Әбитай ........ 208
Турсынова Гүлайым ........ 209
Уснатдинов Шарап ........ 210
Фазылов Избасар ........ 212
Халмуратов Ташкенбай ........ 213
Халмуратов Әрепбай ........ 214
Хожаназаров Улмәмбет ........ 215
Хожаниязов Сапар ........ 216
Хожаниязов Өсербай ........ 217
Хожаниязов Шәмшет ........ 218
Хошниязов Жалғасбай ........ 219
Худайбергенов Аллаберген ........ 220
Худайбергенов Камал ........ 221
Ҳәбийбуллаев Жумат ........ 222
Ҳәмидов Ҳусниддин ........ 223
Шамуратов Әмет ........ 225
Шамуратов Артық ........ 226
Шамуратова Гүлистан ........ 227
Шерниязова Дәўлетбийке ........ 228
Юнусова Қурбанбийке ........ 229
Юсупов Ибрайым ........ 230
Юсупова Мунаввара ........ 232
Яқубов Ғайып ........ 233
Янгибаева Зухра ........ 234



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖАЗЫЎШЫЛАРЫ

(Библиографиялық мағлыўмат)

Редактор: *Ж. Хошниязов*
Комп. бетлеген: *Қ. Есбосынов*
Корректорлар *М. Сапарбаева, Х. Атажанов*

Нашр лиц. AI № 121, 12.11.08. Басыўға рухсат етилген ўакты 10.11.2011. Форматы 84x108 $^1/_{32}$. Кегль 10. Тип «Таймс қарақалпақ гарнитурасы. Көлеми 9,0 н/т. 15,0 шәртли б/т. Нусқасы 1000 дана Буйыртпа № 103. Баҳасы шәртнама бойынша.

«EXTREMUM PRESS» баспасы, Ташкент қаласы,
Бағишамал 57-б. үй.

«SAYDANA PRINT» МЧЖ баспаханасында басылды.
Ташкент қаласы, Қамарниса көшеси 3.
Тел: 338-17-23.

www.ziyouz.com kutubxonasi